Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

2 / 2017
март - апрель





Машидат Гъайирбекова
1927-2017

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство по печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**2**

**2017**

**март - апрель**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

**РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ**
**М.ПатахIов**.РукIуна конкурсал кочIохъабазул....................................................3

**МАШИДАТ ГЪАЙИРБЕКОВА ГЪАЮРАЛДАСА – 90 СОН**
**М. Гъайирбекова.** Имам Шамил. *(поэма)*...........................................................6

**СУАЛАЛГИ ЖАВАБАЛГИ**
**М. ГIабдулгъапурил.** Ригьин гьабиялда, рос-лъадиялда хурхарал суалазе жавабал...............................................................................................................13

**ЦIИЯЛ АСАРАЛ**
**Т.Зургьалова.** *КучIдул*...........................................................................................20

**ПРОЗА**
**ГI.Расулов**. Унго, гьав ирсилавги дир кколевищ? *(хабар)*................................28

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**
**М.ГIабдулхIалимов.** ШагIир нилъгун вуго.........................................................40

**РАКIАЛДЕЩВЕЙ**
**М.ПатахIов.** Гъунарги гIаданлъиги гIунги тIокIаб букIана..............................54
**М.МахIатIов**. Къисмат. *(хабар)*...........................................................................57

**УМУМУЗУЛ РУКIА-РАХЪИН**
**ХI.МухIамадсалихIов.** ДагIба-рагIи тIубазабиялъул гIадатлъун ратарал къагIидаби..........................................................................................................64

**ЮБИЛЕЙ**
**П.Гереева.** Кин гьикъилеб? *(хабар)*....................................................................68

**КУЧIДУЛ**
**Гъ.Дибир.** Хулжал цере разегIан.........................................................................78
**Ш.ТIалхIатов**. Милъиршаби рачIана...................................................................84

**КIИГО БИЦЕН**
Аллагьасда гурони жиндирго лагъ лъаларо..........................................................86

**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**
**З.Кафланов.**КучIдул..............................................................................................89

**ХАЛКЪИЯБ ИРС – НАСЛАБАЗУЛ БЕЧЕЛЪИ**
**М.ЗайнулгIабидов**. МагIладерил гьайтая..........................................................93

**ГЪАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**
**Р.ХIамзатов**. ЦIогьазул кечI.................................................................................95

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: Издательский дом "Дагестан"**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №2 2017 г.**
март - апрель
*На аварском языке*

Выход в свет 6. 05. 2017 г. Тираж 759 экз.
Заказ № 0404 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул рагIи

## РУКIУНА КОНКУРСАЛ КОЧIОХЪАБАЗУЛ

*ГIадамаз нохъазда гIумру гьабулеб заманалдаса, инсан жакъасеб цебетIеялде вахинегIан чан къарну сверарабали лъиданиги лъалеб батиларо. Амма жибго гьеб цебетIей гIелмуялда, гIумруялда, гIадамазул рукIа-рахъиналда кинаб рахъалъ босаниги, цояб цоялде дандеккун, щибаб цIияб гIелалъ цIилъаби ургъун, гьел халкъалъул гIумруялде жанире рачун лъугьунеблъи лъалеб жо буго. Гьелъие мисалал инсаниялъул тарихалдаса бокьараб бутIаялда кигIанги рачине бегьила. Гьединлъидалин, лъикIаб, тIокIаб, магIнаяб, пайдаяб, хIажатаб тIаса бищизе киналго заманабазда гьарулел рукIарал къецалги халгьабиялги, гьанже нилъеца абухъе, конкурсалги.*

*Умумузул заманалдаго, цIакъго цебегоялдаса рукIарал руго магIарухъ кочIохъабазул къецалги. Цебеккунго лъикIаб хIадурлъиги гьабун, цояз ахIараб кечIги бакъанги цогияз такрар гьабичIого гIуцIарал гьединал къецазда загьирлъулел рукIун руго хIакъикъаталдаги гьунарчагIазульги гьунар бугел, махщелчагIазульги махщел камилал кочIохъаби. Гьедин тIаса рищаразул нилъер къоязгицин цIарал лъалеллъун хутIун руго нус-нус кочIохъабазда гьоркьоса жал гьунар-мехщелалъ тIокIаллъун рукIарал дагьалго гIадамал.*

*Советияб заманалдаги маданиялъул пачалихъиял идарабазул квербакъиялдалъун мех-мехалда гьарулаан «Нижеца махщалилал ралагьулел руго» гIадал ва гь.ц. цIаралги лъун кочIохъабазул къецал МахIачхъалаялдаги, районаздаги, цоги-цоги бакIаздаги.*

*Ахираб 20-25 соналдаги гIемер тIоритIана кочIохъабазул гьединал къецал. МагIарул казиялъул редакциялда культураялъулги литератураялъулги хIалтIи гьабулев вукIиндалги батила, араб къарнуялъул ункъоялда анцIабилел соназул авалалдасан байбихьун дунги гIемер кколаан гьел махщелчагIазе къимат кьолеб жюриялде гьоркьове. Гьединго гьенир рукIунаан магIарулазда жидер цIарал лъикI лъалел, профессионалиялин абулел кочIохъабиги композиторалги, цогидалги культураялъул батIи-батIиял идарабазда хIалтIул хIалбихьи бугел гIадамалги. МахщелчагIазе къиматги кьолаан жюриялъул щивав гIахьалчияс гьезул махщалил киналго рахъалги хIисабалде росун. ХIасилалги гIемерисеб мехалъ хабар-калам гIемерал, жюриялдаса конкурсалда гIахьаллъарал кочIохъаби рази гьечIел кколаан. Гьеб гуребги, конкурс гIуцIаразги жюриялъул председателасги, гьединго гьезул божилъи бугел жюриялъул цо-цо гIахьалчагIазги цебеккунго цIар чIвалеб букIун буго бакIал кьезе ругел кочIохъабазда. Гьеб дида хадуб бичIчIана. Бачинин цо мисал: МахIачхъалаялда ункъоялда анцIабилел*

*соназда букIараб цо гьединаб къецалда доб заманалда магIарулаз бищунго гьунар бугев кочIохъанлъун рикIкIунев вукIарав мунагьал чураяв МухIамад ГIумаровасе лъабабилеб бакIцин щвечIо. Гьелда гIажаиблъарав дица, дирго хъвай-хъвагIаял рихьидал ГIумаровас, «гьениб дуда бараб жо дагьаб букIана», - ян хабар къокъ гьабуна. Ккана хIужаби, чанго конкурсалда, гьоркьор сонал индалги цого кучIдул ахIун цого кочIохъанасе бакIал щваралги.*

*Пуланаб районалда магIарул кочIохъабазул къец гьабулеб бугони, мустахIикъал ругониги, гьечIониги, гьеб районалъул кочIохъабазе кьолаан цересел бакIал. РукIунаан гьединго, бечедал чагIаз жидерго кочIохъабазе тIоцересел бакIал кьезелъун гьарулел хасал конкурсалги.*

*Гьелги гьезда релълъаралги кечI-бакъаналъул къецал гьарулаго дандчIварал тIекълъабаз ракIбуссинабун, гьединал халгьабияздаса инкар гьабулелги рукIуна чамги гьунар-махщел бугел васалги ясалги. Творческияв, хIакъикъаталдаги Аллагьас гьунар кьурав чиясул рекIеда цIакъ унтула гьединал ритIухълъи гьечIел хIаял. Цо гьединаб хIаялдаса хадуб дица хIукму гьабун букIана тIокIав киданиги гьеб жюри абураб жоялде гьоркьове къачIого чIезе. Гьал рагIаби ричIчIизе кколаро цогиял тIекъал, цо дун витIарав вукIанин абураб магIнаялда. РукIуна гьеб конкурс ритIухъаб куцалъ ине бокьарал цогидалги. Амма доб ругьунабго куцалъ гьобо ххенезабулез гьезулги пикру гIемерисеб мехалъ гIадахъго босуларо. Гьеб гурелъулха гьезул мурадги букIунеб. Хадуб гьелго чагIи лъугьуна магIарул кечI-бакъан хвезабулеб бугилан гIакъилал харбал рицинеги. Хвезабугеха бищун цебе гьез, хадуб цогиязги хвезабунгутIизе.*

*Бугебищха хIакъикъаталдаги магIарул, магIарул гуребги, кечI-бакъаналъул гьединал къецал тIад чи кIалъаларедухъ гьариялъе нух. Буго. Цебеккун абухъе, гьединал къецал гьарулаго жюриялда рукIунел гIадамаз щивасул цевевахъиналъе гIаммаб къимат гуреб, цогиял рахъазухъ балагьичIого, хасгьабун жиде-жидер махщалида хурхараб къимат кьезе ккола. Масала, кочIохъанас – кечI ахIиялъе, композиторас – бакъаналъе, шагIирас – рагIабазе, ункъабилес – кочIохъабаз тIад ретIараб ратIлие, щуабилес – кочIохъанасул сценаялъулаб культураялъе, анлъабилес – рагIабазе рекъараб бакъан тIаса бищиялъе (магIил бакъаналда махсародул кечIги, гьелъул гIаксалда, махсародул бакъаналда пашманаб кечIги ахIизе бегьуларелъулха). Гьедин гьабуни, щивав жюриялда вугесде тIаде ккола добе-гьанибе цIадаризабизе рес гьечIеб жавабчилъи. Босилин, жюриялда вугев шагIирас рагIабазе битIараб къимат кьечIони, гьев ккола яги шигIруялъул магIна-гIин бичIчIуларев, гьунар гьечIев чи, ялъуни чияр хасал мурадазда хадув унев, абилин битIахъе, яхI гьечIев чи. Гьединго абизе бегьула гьениб тIекълъи биччани, жюриялда ругел композиторасул, кочIохъанасул ва цогидазулги хIакъалъулъги.*

*Ургъун хIисаб гьабуни, кигIан рагIа-ракьанде щун жиндирго махщалил хаслъаби лъалесдаги лъазе рес гьечIо цогиял махщелазул бальголъаби. Масала, шагIирасда лъаларо кочIохъанас тIад калам гьечIеб куцалъ бакъан битIун ахIулеб бугищали. Лъалареб жоялъе къимат кьезе тIамичIого, лъалелъул жаваб кьезе тани битIун букIинарищ гьев.*

*Гъединго жиде-жидер махщалие къимат кьезе рекъараб букIина жюриялда ругел цогиязги. Гъединаб къагIидаялъ къецазул хIасилал гьаруни, хIилла-рекIкIалъе жюриялда вугев цонигиясул рес букIунаро. Ахиралда гьезул киназулго балал цойиде росараб мехалда лъала унго-унголъунги кинабго рахъалъ тIокIлъи бугел кочIохъабиги.*

*Доб букIана 2009 сон. ЛъаратIа гьабулеб букIана, гьеб районалъул администрациялъги Даку Асадулаевасул цIаралда бугеб фондалъги магIарул кочIохъабазул къец. Гьеб тадбир данде ккезабун букIана, 1976 соналда авариялде ккун къадаралде щварал Даку Асадулаевги гьесда цадахъ рукIаралги ракIалде щвезариялъе, доб заманалда ЛъаратIа районалъул бетIерлъун вукIарав, жиндир хIал Алжаналъуб батаяв Расулов Шамилил хIаракаталдалъун бараб памятник рагьулеб къоялде.*

*ЛъаратIа кочIохъабазул конкурс тIобитIизе букIиналъул Даку Асадулаевасул цIаралда бугеб фондалъул нухмалъулев АсхIабгIали ХIасановас бициндал, гьадаб цебеккун рехсараб къагIидаялъ гьабуни лъикIаб букIинин абуна дица. Гьелда разилъана АсхIабгIалиги. Дандбана доб заманалда «ЛъаратIа» газеталъул редакторлъун вукIарав МухIамад БисавгIалиевасулгунги, ЛъаратIа районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев ГIубайдула ИсмагIиловаслугунги. Гьезиеги рекIее гIуна конкурсалъул хIасилал гьариялъул гьеб къагIида. МухIамадги ГIубайдулаги рукIана ЛъаратIа райадминистрациялъул рахъалъан гьеб конкурс тIобитIиялъул жавабиял. КочIохъабаздаги цебеккунго абун букIана, гьаниб лъидасаниги щибниги балъго гьабизе гьечIин, хIасилазда рази гьечIев чи жюриялъул чагIазухъе вачIине бегьулин  жиндир цеве вахъиналъул гIолелги гIоларелги рахъазул бицинеян. ХIасил-калам, гьеб конкурс ана, жал мурадалде щвечIев жюриялда гьоркьов вукIарав кIиго машгьурав магIарулав барщун, лъутун ин гурони, лъилниги тIадкIалъай гьечIеб куцалъ.*

*Гьелдаса хадуб араб анкьго-микьго соналдаги рукIун ратила МахIачхъалаялдаги цоги цоги бакIаздаги кочIохъабазул къецал. Лъаларо кин гьел аралалиги, гьезул хIасилал кин гьаруралалиги…*

*Ахиралдаги абила, гьадаб пикру дихъе цо къоялъ бачIараб гуро. КочIохъабазул щибаб къецалдаса хадуб дица хIисаб гьабулаан гьеб ритIухъаб куцалъ инчIолъиялъе дунго гIайибияв вугев гIадин. Ургъулаан, бугебдай гьединал тадбирал рацIцIадго, чи тIад кIалъалареб куцалъ иналъе нух абун. Гьеб нух бищун ритIухъаб бугин абулеб мех гуро. Ратизе бегьула кочIохъабазул къецал жеги берцинго, магIнаялда тIоритIиялъеги, гьенир махщелчагIазе битIараб къимат кьеялъеги жеги лъикIлги нухалги къагIидабиги. Аслияб жо буго, гьединал конкурсал, хIакъикъаталдаги гьунар-махщел бугел гIадамал тIатинарулеллъун лъугьин.*

***МухIамад ПАТАХIОВ***

# Машидат Гъайирбекова гьаюралдаса - 90 сон



Р. ХIамзатов, М. Гъайирбекова, М. ГIабдулхаликъов

*Исана 90 сон тIубала магIарулазул цIар рагIарай шагIир ва драматург Машидат Гъайирбекова гьаюралдаса.*

*ГIахьвахъ районалъул жий жаний гIураб КIаратIа росдал гьоркьохъеб школалдаса хадуб Машидатица лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъалъул университетги, хадуб Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институтги.*

*ХIалтIана «МагIарулай» ва «Гъудуллъи» журналазул редакторлъун, Авар театралъул директорлъун.*

*М.Гъайирбековалъул тIоцересел асарал газетаздагун журналазда рахъизе байбихьана араб къарнуялъул кIикъоялда анцIабилел соназда. «МагIарулалъул рагIи» абураб цIар букIана гьелъул тIоцебесеб кучIдузул тIехьалда. Хадубккун хъвадарухъаналъ къватIире риччана «РикIкIадисей яц», «ГIумруялъе гIоло», «МугIрузул гIадамал», «ЧIикIаб къварилъухъ къиса» абурал ва цогидалги тIахьал. Гьезул чангояб гIурус мацIалде буссинабун Москваялдаги къватIибе биччана. Гьединго Машидатил кучIдул руссинарун руго Дагъистаналъул халкъазул ва цогидалги мацIазде. Ункъоялда анцIабилел кIиазарабилел соназда М.Гъайирбековалъ хъвана ва хасал тIахьал гьарун къватIире ричана Шамил имамасул, Гьонодаса МухIамад Аминил, ГIабдурахIман Данияловасул ва цогидалги магIарулазул цIар рагIарал гIадамазул хIакъалъулъ поэмаби.*

*Машидатил творчествоялда хасаб бакI ккола драматургиялъги. ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул музыкалиябгун драмаялъул театралъулъ рихьизаруна гьелъул «ТалихIаб къо», «Вехьасул яс», «Бертадул къо», «Рокьи ва хъизан», «БахIаралъул хъахIаб шал», абурал пьесабазда рекъон лъурал спектаклал.*

*М.Гъайирбековалъ гIахьаллъи гьабуна 1950 ва 1960 соназда Москваялда тIоритIарал Дагъистаналъул адабияталъулгун маданияталъул байрамазда. Гьей гIахьаллъана РСФСРалъул Хъвадарухъабазул тIоцебесеб съездалда.*

*Машидатие кьун рукIана С.Стальскиясул цIаралда бугеб Дагъистаналъул республикаялъулаб премия, БагIараб байрахъалъул ва «ХIурматалъул гIаламат» орденал, ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул ХIурматалъул Грамота. Гьей мустахIикълъана Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан абураб хIурматияб цIаралъеги, ДРялъул Пачалихъалъул Советалъул ХIурматалъул Грамотаялъеги, Шамил имамасул меседил медалалъеги.*

## ИМАМ ШАМИЛ

*(поэмаялдаса)*

Шамил-имам – дир чIухIи,
Шамил-имам – дир бухIи,
ХIасрат гьелегьун, сарин,
Дуде гIадаб гьабичIо.

Дур напсалъе гурони
ХIеличIого йорчIана.
Дур къадруялъе гурей
КъуличIого хIебтIана.

Дур кIодолъиялъ гIадин,
КIодо гьабичIо дир халкъ.
Дур гIакъиллъиялъ гIадин,
МашгьурлъичIо Дагъистан.

Дур гIаданлъи, гIадатлъи
МагIарулалъ даимлъун
ХутIи гуреб, батIияб
Дирги букIинчIо мурад.

Хьиндал кIкIалахъ борхараб
БахIарчилъиялъ гуреб,
Гормендо бадибе цIан,
ЦIадулъан бахъичIо нух…

* * *

…ГIумрудул картаялда
Сапараз хъварал мухъал
МагIарухъа байбихьун,
Мадиналда лъугIарав.

Муъминзабазул бетIер,
РитIухълъиялъул имам,
Бусурбабазул шайих,
Шамил, рагIуй изну кье.

КъабгIезе ккарал къояз
Къараб рачел чучичIел,
Къайицадахъазул яс
АскIоегIан къазе те.

Таваккалгун кIалъазе
КIолареб намусалъул,
Бадиса пардав борхун,
Накъит гьабизе йиччай.

Жергъада килищ кIутIун,
ТIармида бакъан бачун,
КочIолъ ахIун тIоцеве
Вокьарав, Шамил имам.

Рокьул дандерижиялъ
Мекъи ккезеги гьукъун,
МагIарул тарихалъул
КечI ахIизе фурман кье.

Гьаракь кидаго къинчIеб
КIудияб къеркьеялъул,
Наслабазе хутIизе
Назму ургъизе йиччай.

Дуде шигIраби хъварал
Пагьму бегIеразда гьорлъ
Гьираялъ паналъулей
Дунги жуязе йиччай.

Риччан унел чуязда
Чангит чучун нуж арал
Парсахъан хьетун ине
Цо диеги нух рагье.

Рагьараб гьурмадаса
ГIетIул гаралги рацIцIун,
РицIцIил гъветIалъ гъал ччураб
Иццухъа хIохь базе те.

Тагьи-чуязул щанкIлал
Лъадарулеб чабхилъа
Муридазул хIетI хъвараб
ЧIимих бищизе йиччай.

Дун гIадинал руччабаз
Рукъарал чухъбуздасан
Би муридаз чурараб
Чвахигун кIалъазе те.

КIал гьечIеб тIабигIаталъ
ТIад-тIад буссун бицунеб,
Шамил, дур заманалде
Гьорлъе жуязе йиччай…

* * *

...Шамил, дур наибасул –
Тавуш МухIамадил вас,
Загъалав наибасул
Ясалъул яс йикIиндал;

Шамил, дур хIасратав вас –
ГъазимухIамад наиб
РещтIараб азбаралъул
Ирсилайлъун лъугьиндал;

КIкIира хабалалъ лъурав
Жамалудинил рухIалъ
РикIкIад вугев инсухъе
Хъваян диде ахIидал;

АхIулгохIдагин Гъунир
Гъурбаталда хутIарал
ГъалбацIал жинда аскIор
Рачеян гьари байдал;

Наслуялъул гъветIалда
Бижараб бахIарчилъи,
Чияр гIатIиракьалда
Тогеян буюридал.

Бикь-бикьун рахъ-рахъалде
Бараб, Шамил, дур агьлу,
КIкIаратIе тIадруссине
Рес батидал гьаридал;

Гьаниб Жамалудиний
Бараб хъубаялъусан
БакъИгIалда вукъарав
Мунгун кIалъалей йиго.

КIудиял гIалимзабаз
Сайгидлъун тарав духье,
Нусабго лага сорон,
Салам битIулей йиго.

Салам Бичасул лъеяв
Муъминзабазул бетIер,
БатIаго вокьиялъул
Ургъел бикьулей йиго...

* * *

...Къиралзаби хисизе
КIола заманаялда,
Заман хисулев къирал
Вижун гьечIо ракьалда.

Гьединлъидал, Шамил, дур
Заманалъул къебелъухъ
Лъадарараб рекIелъан
КъотIулеб буго гьаб кечI.

Къадру тIадегIанав дур
Инсанлъиялъ рижарал
Жугьабазул руккалий
Рагьулеб буго каву.

Рагьун рокьул бицине
ГIемер мехалъ гьукъарав,
Инсухълъул вали, дуда
Бицунеб буго рокьул.

Ракьа-гьан биунедухъ
МагIарулаз бахчараб
БахIарчилъиядехун
Чучулеб буго хIасрат.

ТахбакIида кIусарав
Имам цеве чIезавун,
Цере накабиги чIван,
РикIкIунеб буго сарин.

Сородулел лугбазда
Сабру гьабеян хIелун,
АхIун бахъунареб кечI
Биччалеб буго къватIиб.

КъватIисел улкабазда
Кидаго къимат хвечIев,
Хирияв шайих Шамил
АхIулев вуго рокъов.

Гормендо бадибе цIан,
Бахчизабун гьумергун,
ТIалъул авараг, мунгун
Уней йиго дандчIвазе.

Дун гӀадинал руччаби
Чанги хадур угьдарав,
Дургун халваталдехун
Хиял буго хӀетӀ лъезе.

Лъилго рекӀелъ бакӀ ккураб
Лебалаб дур напсалда
Дагьалъги хурхун чӀезе
Гьарулеб буго изну.

Изну гьаричӀониги,
Дун гӀадиналъ хутӀараб
Хирияб дур рухӀалда
Бокьун буго мугъчӀвазе.

МугъчӀвазе Шамил щведал
Абадияб лъугьараб
МагӀарул гьунаралда
Гьедун йиго жуязе.

Жанисан цӀа бурулеб
Пагьму дида малъарав,
Шамил, мун гурев лъачӀей
ГӀащикълъун йиго лъугьун.

Жакъаги метерги къо
Къадруяблъун гьабурав
Шамилан ахӀулаго,
Угьулеб буго хӀухьел.

Хьухьазукьан раккарал
ГӀаздал тӀогьал кинигин,
РикӀкӀадасан валагьун
Шамил вуго вихьулев!..

* * *

…ТӀамун цебе бачӀине
ЧӀчӀалда чӀараб чол гӀадаб,
Черхалда сири бараб
Сабру тӀагӀин тӀатиндал;

Шамил, дуде гӀищкъуялъ
Гъанкъизаюлей йикӀун,
Гурдил габуралъул кӀичӀ,
КӀитӀун, буго бичулеб.

Бичулареб гарацӀ бан
Дуде юхьараб ракӀалъ
КӀудияб рагъул нух ккун
Ячуней йиго хадуй.

Вачун мун унеб къоялъ
Къварилъараб тӀалъиялъ,
ТӀадкъараб буюр тӀубан,
КъачӀалеб буго къисмат.

Мун араб рахъалдехун
Хадур цӀан рорхалъарал,
ТӀогьазда гӀанси гӀадаб,
ГӀаздалъ къан буго дир ракӀ.

МагӀарухъе мун вуссин
ЛъангутӀиялъ кьватӀарал
Кьурабазул кӀкӀал гӀадаб
КьватӀел буго каранда.

Кирего мун аралъур
Хадур гъезе гӀедегӀун
МугӀрузул гӀорал гӀадин,
Гьалаглъун буго хиял.

Гучал гьел чвахиязул
Карачелазул квачӀаз
КвекӀен лъун кквеларедухъ
Хъамун йиго ячуней.

Вачун нахъе мунги ун
Бесдал тараб тӀалъиялъ,
ЛъалкӀда хадуй ун хъваян,
АхӀи буго рагӀулеб.

Ралъад гӀадаб гъваридаб
ГӀумрудул магӀданахъан
«Хазина» балагьизе
Буюрун буго халкъалъ.

Къварилъабаз кьерхараб
Бакъ гӀадаб гьурмадаса
НакӀкӀал, кочӀол цӀилицӀалъ,
РацӀцӀеян буго амру…

* * *

Цевехун какиялъухъ
Шапакъатал росарал,
Веццун кьолеб мех щведал,
Кьерда чIезе тогеян;

Цевеккун имам Шамил
Миллатчилъун гьавурал:
Миллаталъул чIухIиян
ЧIичIидизе тогеян;

Какизе гIедегIарал,
Веццизе нахъе ккарал
Гьанже гIайиб бацIцIунеб
ЦIар ахIизе тогеян;

АхIулгохI биххулеб рагъ,
Хиянатаб букIинин
НекIо кIалъараб кIалдиб
КIудияб сакI бугIеян;

БугIа хьачIеб хуриса
Ролъул бачIин босарал
Басралъараб напсалда
Сабаб базе тогеян;

Сабаб гьечIеб унтиялъ
ИяхIалъул рухI арал
РухIияб тIадегIанлъи
Рехсезе риччагеян;

Гуллица кIиборлъичIеб,
Хвалчаца кIикъотIичIеб
КIиго гьумер бугезул
Ругъун кIочон тогеян.

Нахъа гIолел гIелазе
ГIибрат босун кIалъазе
Инсухълъи сурарзул
Суал цебе босеян;

Суал лъезе нечараб
ЧамгIаллъи гьабуразе
Гьанже Шамил рехсезе
Вореги рес кьогеян;

Кьварарал умумузул
Гьунаралъул къебелъухъ
КъабихIлъи чIвараб гьецIокъ
Гьале босеянги кьун;

Цин какун, цинги веццун,
Шамил, дуде кечI хъварал
Базаргаби лъамизе
Дие буюрун буго.

Эркенлъидул къеркьохъан
Миллатчилъун рикIкIунеб
Бугьтан бухIараб рохъо
ХъинтIун добехунги бан;

Абадиялъ магIарул
Чиясулъ хутIараб рухI
Рокъоб буссинабизе
Дун йиго вакил гьаюн…

* * *

…Санал гIемер ранагIан
ГIакълуялъ гъорлъ восарав,
БахIарчиясул сурат
РагIулъ бахъеян руго.

РагIа-ракьанде щвараб
Баян нахъе хутIичIеб,
Шамил, дур къеркьеялъул
Мугъру къотIеян руго.

Мугъру чинари цIулал
ТIад чIварал хIукмабазул,
ТIубачIеб рухIелалъул
ХIасил гьабеян руго.

ХIасил кинаб кканиги,
Кибго рагIараб рагъуй
БетIерлъи гьабурасде
Салам битIеян руго.

Салам кьун тIаде ине
Жидее щвечIониги,
Иман лъуразул мурад
Гьанже тIубанин руго.

КватIун букIананиги,
Киназего кIудияв
Шамилие кочIолги
Памятник баян руго.

…Чабхъадул горо-цIералъ
Чурхъулел магIарулал,
Ругъназ чухIараб кваркьи
Бачун цIунарав имам!

Дир калам рагIулареб
Дур рухIалде ахIи бан,
РекIел басмаханаялъ
РухIел лъикI бахъилебдай?

РухI цIидасан бижараб
Дур бахIарчилъиялда
Наслабазулъ цIунулеб
Рокьи лъезе лъалебдай?!

* * *

…Шамил, дур гьунар лъалел
Лъай гьечIез жанирги лъун,
ЖахIда бергьарал соназ
Лъахъван тIагIинаридал;

ТIадегIанаб Имамат
ГIуцIарав имамасул
Тарих мухIкан гьабизе
Гьанже дида кIвелебдай?!

РакIазул тIанчал регун,
Шамил, дур къеркьей хъварал
ГIалимал гIурдузда ран,
Дализарун, гъанкъидал;

Гъираялда цIализе
Дозул рекIел тIехь щвечIел,
ЩвалтIе щун доб рагъ лъалел
Ирсилал рукIунелдай?

ЧIагоязда гьоркьоса
Хвалица вахъаниги,
Хвел гьечIезулъ цIар хъварав,
РагIулъан вихьилевдай?

Бихьинчилъи рекъарал
Бихьиназе ахIулеб
КочIолъ дур рахъалъ дица
Хъвараб кечI ахIилебдай?!

БахIарчилъи рехсарал
Халатал сариназулъ,
Гьаб дур сурат гьабураб
Дир сарин хутIилебдай?!

Иманги гIаданлъиги
ГIодоб течIезда цебе,
Цевехъанлъи гьабурав
Дуй кечI хъвазе кIолебдай?!

КIудияб гIакълуялъул
Исламалъул тIехьалда,
ТIири тIинкIарабгIанги,
КочIол мухъ хутIилебдай?!

ЦIар арал гIалимазул
ГIарабиязул гIелму
Малъулеб тарихалда
Дир сарин рехселебдай?!

Иман-ислам дурусал
Муслимазул мажгитахъ
ЖамагIаталъ дир кочIол
Калима цIалилебдай?!

РитIухълъун къеркьеялъе
Нухмалъи гьабурасде
Хъвараб дир кечI бачIунеб
ГIелалъе бокьилебдай?!

Инсанасул яхI-намус
БахIсалде бахъаралъуб
ЯхI бергьарасе сарин
РекIехъе рикIкIинебдай?!

ЧIаго имамас тIалаб
ГьабичIеб рецц-бакъалъул
Бакъан, гьаракь зирараз
Зирхизе гьабилебдай?!

**Гьаниб тIалъиялда вас**
**Гьавуравщинаб рокъоб**
**Шамилил цIар лъолелъул**
**Гьаб дир кечI ахIилебдай?!**

**…Гъунисезул магIарда**
**Асирлъуде унелъул,**
**Имам, дур бухIараб хIал**
**Бицине хIалкIвелебдай?!**

**Бицадуе хутIараб**
**Чабхъадул ахираб къол**
**ХIакъикъат мухIкан гьабун,**
**КочIол рагIулъ гьунебдай?!**

**РагIа-ракьан течIого**
**ХIатIил натIалъ рорцарал**
**МугIрул-кIкIалазул манзил**
**Назмуялъ борцинебдай?!**

**Сиял гIадин рорхарал**
**Кьурабазда мугъги чIван**
**Багьараб гьаб Дагъистан**
**Сариналъ босилебдай?!**

**Жаниблъуда цIа лъедал**
**МагIардисел рухIараб**
**ГурхIел гьечIесул балагь**
**КочIолъ лъезе кIвелебдай?!**

**…КIваричIо! РекIелъ хъвараб**
**Бахъила басмаялда**
**Бисмиллагь цебе бахъун**
**Буххила гIищкъул магIдан!..**

*** * ***

**…Шамилий ярагълъараб**
**Бергьараб бихьинчилъи**
**Лъидаго бихьуледухъ**
**Борхалъабазда лъела.**

**Рорхатал кьурул гIусаз**
**Зобал ккурал тIогьазде**
**ТIаде вахине гьавун,**
**Шамил вихьизавила.**

**Шамилил тарихалъе**
**Хиянатлъарал соназ**
**ХъвачIого хутIанщинаб**
**Басмаялда бахъила.**

**Бихьинчилъиялъ хъвараб**
**Тарих цIунизе лъачIеб**
**Умматалъул гъалатIал**
**Гьанже ритIизарила.**

**ТIад ирсилазул цIарал**
**Хъварал заназда цере,**
**ТIасалъугьаян гьарун,**
**Накаби гIодор чIвала.**

**ТIасалъугьун толарел**
**КIочонтеязда хурхун,**
**Хиялазул хазина,**
**Назру гьабун, бикьила.**

**Назмабазулъ ахIараб**
**БахIарзазул дуниял**
**Даимал наслабазе**
**Бихьизе нахъе тела.**

**Бихьанщинаб хIехьарал**
**Ирсилазул бихьиназ**
**Багьана чIвалареб кечI**
**МагIарулахъе кьела.**

**Кьураб цIодорлъиялъул**
**ЦIадирабаздаги лъун,**
**Руччабазул гарбида**
**Маржаналлъун кечI бала.**

**Пагьму-бажариялда**
**Жан кьеян гьарделаго,**
**Шамил, дур къисматалъул**
**Къиса хъвазе жуяла!**

## СУАЛАЛГИ ЖАВАБАЛГИ

Рогьалил какде унаго, бидулазул квердасан, чанго соналъ цебе къадаралде щварав Бакълъухъа ГІабдулгъапурил МухІамад лъаларев чи магІаруллъиялдаги Дагъистаналдаги къанагІатавги вукІун ватиларо. ВагІзабигун, насихІаталгун, малъа-хъваялгун исламияб диналъул кьучІал халкъалъе загьир гьарулаго, гьев щвечІеб бакІго хутІун батиларо нилъер республикаялда. Гьеб кинабго цоги нухалъ нилъеда бихьула магІарулазул цІар рагІарав хъвадарухъан МухІамад ХІамзаевас ГІабдулгъапурил МухІамадил хІакъалъулъ хъвараб тІехьалдасанги. Гьелда бицунеб буго МухІамадил гІумруялъул нухалъулги, руго гьенир гьесул хІакъалъулъ Дагъистаналдаго машгьурал гІалимзабазул ракІалдещвеялги. ТІехьалда аслияб бакІ кколеб буго батІи-батІиял бакІазда диниял мажлисазда МухІамадица гьарурал кІалъаязги, щивав бусурбанчиясда лъазе тІадал жалазда тІасан гІадамазул суалазе гьес кьурал жавабазги. Нижеда лъикІаблъун бихьана, ригьин гьабиялда, рос-лъадиялда хурхарал суалазе МухІамадица кьурал жавазулгун журнал цІалулезулги лъай-хъвай гьабизе.



## РИГЬИН ГЬАБИЯЛДА, РОС-ЛЪАДИЯЛДА ХУРХАРАЛ СУАЛАЗЕ ЖАВАБАЛ

**– ШаргІалъ гьукъараб бертин гьабулеб буго гІагарав чияс, гьениве инчІони гьел барщулел руго, гьениве ине бегьулищ?**

– ШаргІияб гІилла букІун чи барщизе бегьула. Бичасул Авараг (с.т.гІ.в.) жиндирго чІужугун кІиго моцІалъ барщанилан буго, барщизе шаргІияб гІилла букІун. Аллагьас хІарам гьабураб гьекъел-мехтел, хІарамаблъун бугеб бертин гьабун гурони толарев чигун барщизе бегьула, тІалаб буго. Бищун загІипаб жо буго барщун тей. Барщун тезе гуро кколев, досие гІадлу гьабизе ккола.

ТIоцебе, досие вагIза гьабизе ккола, насихIат гьабизе ккола, берцинго малъизе ккола жиндирго лъимералда гIадин, гIагарав чиясда гIадин. Гьеб мехалъги гьабичIого толеб гьечIони, щулаго барщила.

**– Нилъер цересел гIагарал руччаби: яцгIал ятаниги, цойги гIагарай гIадан ятаниги, тIаде ячине бегьунгутIи бугищ? Гьой гIадан чороклъи-хъублъиялде уней йигони, щиб гьабизе ккoлеб?**

– Чороклъи-хъублъиялде ине тезе бегьуларо, долъие вагIза-насихIатги гьабизе ккола, амру-нагьюги гьабизе ккола, гьеб суал гьелъул валиясухъе борхизеги ккола. Нилъеца нилъерго рокъоб букIунеб гIадаб малъахъвай, вагIза-насихIат, гIадлу гьабизе ккола гьей гIаданалъе. Гьей ячин ахирисеб иш буго: гьанисан рачун – доре риччан, дораса рачун – гьанире риччан, базар гьабизе бегьуларо. Низам букIине ккола, гIадлу букIине ккола, гIидда букIине ккола, магьари букIине ккола, валиясда лъазе ккола, валияс кьезеги ккола. Цо чIужуялъегIаги гIечIев росги вугони, дос кIиабилел, лъабабилел руччабиги валиясда лъачIого, рикъун, цIогьохъе рачунел ругони, гьеб питнаялде, пасалъиялде уна. Гьеб жо бегьуларин абураб жо буго доб. ГIадлуялда, низамалда гьабе, ункъо гIезегIан яче.

**– КIиго-лъабго чIужу ячине бегьулищ, бальго магьариги лъун?**

– Бальго магьари лъун абулеб жо мекъи бичIчIуге. Бальго магьари лъей шартIал, арканал тIуран рукIине ккола. Кинал шартIал, арканал? Дой яс долъул жавабияв бихьинчиясда лъалей йикIине ккола. Дос жинцаго квер ккун кьечIониги, досда лъан букIине ккола дир яс яги яц лъихъ йигей, кий йигеяли. Росасдайищ йигей, рос гуреб бакIалдайищ йигей. Гьеб цо шартI буго. КIиго нугIги вукIине ккола. Ясалъул жавабиясдаги кIиго нугIасдаги лъан ячарай чIужу, бальго хьихьизе бегьула. ТIокIаб лъиданиги лъазе кколаро гьеб. Нужеца гIадамасдаги лъазе гьабичIого, нугIзалги чIезаричIого, ясалъул жаваб кьолев бихьинчиясдаги лъазабичIого, гьаваялдаса гъоркье ячIарай гIадин, ячуней чIужу йикIунищ? ЧIужугIаданалъул жаваб кьолев чиясда лъазе ккола гьей рукъалдайищ йигей, ятIалъунищ йигей, гIиддайищ бугеб, цIарукьищ йигей. Лъаларев жавабиявги, дой чIужуги – гьел тIубарал чагIи гуро.

**– Гьездехун къотIиги гьабун, бальго тезе бегьулищ, зинаялдаса дунгоги гъойги цIунизе гIоло?**

– Зинаялдаса цIунарал гIоларелъулха, шаргIалда рекъезабизеги ккеларищ? КIиго нугIги чIезаве, валиясдаги лъазабе. РахIимуллагь, ХIасан устарас вас МухIаммадгIарифасда бицун буго жиндиего чIужу ячиналъул, рокъоб чIужуялда бицине бегьуларелъулха. Щайгурелъул, дол унтун рукIуна, херлъун рукIуна, рокъоб гIемер гаргар ккола. МухIаммадгIарифас живго гьаризе ун, цадахъ божарав чиги вачун, жинцаго магьариги лъун, инсуе чIужу ячун йиго. ТIокIав чиясда лъазеги биччан букIун гьечIо. ГIемер заман инелде къехIдерил росулъ хабар тIибитIун буго ХIасан устарас чIужу ячун йигилан. МухIаммадгIарифасда цIакъ квеш букIун буго, инсуда жиндасан лъан батилин ккеларищан. Инсуца абун буго гьесда, жинцаги бицинчIин, жинцагIанги дуцаги бицинчIеблъи лъалин, жинда цо пуланаб бакIалда тIехьалда бихьанила,

нилъеца бахчун гьабураб иш малаикзабаздаса бахчун букIунарелъулин, малаикзабаца хъвай– хъвагIаялде босаралдасан жиназда рагIун, гьезда лъан, гьез руччабазда бицун, доз тIибитIизабулила гьеб. Гьединлъидал, балъго йикIинеян абун, нужеца чIужу ячунге.

**– Ригьин вацгIал-яцгIалалъулгун гьабизе бегьулищ, гьедин гьабизе лъикIаб бугищ?**

– Гьединал ригьнал реццарал гьечIо шаргIалда, карагьатал руго. Хасго кIиго эбелалъул рахъалъан бугеб цIакъго какараб буго. КIиго вацасул рахъалъан бугеб дагьа– макъабго какун бихьизабун буго, кIиго яцалъул рахъалъан бугеб цIикIкIун какараб буго. ТIадежоялъе, жеги какараб буго цадахъ гIурал, гIемер цоцазда рихьулел, цоцадехун гьанал тIалаб гьечIел ратани. ЯцгIал вацгIаласулгун ригьин гьабулеб бугони, цоцазе рокьарал рукIине ккола, гьебмехалъ какараб гьечIо.

**– Эбел-инсухъа изну босичIого, тIоцее росасе уней ясалъе ва чIужу ячунев васасе магьари лъезе бегьулищ?**

– ТIоцебе бугониги, ахиралда бугониги, батIалъи гьечIо. Валияс кьезе ккола яс рукъалде, ясалъул жавабияв чияс: эмен вукIа, инсул вац вукIа, инсул эмен вукIа, жиндирго вац вукIа – ирга букIуна, яги валиясул бакIалда чIолев росдал дибирас, кIиго нугIги чIезавун кьезе ккола.

**– Бегьулеблъун батани, бокьилаан лъазе гьаб заманаялъул гIелалъе бищун хъизан гьабизе лъикIал сонал кидал ругелали ва кин эбел-инсуда гьеб бичIчIизабилебали?**

– Эбел-инсуда бичIчIизабизе рес гьечIо, гьездаса гIарац батIа гьабуни гурого. Гьез гIарац кодоб букIаго, яги щвезе ресги букIаго, гIадаталда рекъараб модаги рукъги гьабичIого, васасе чIужуги ячунаро, ясги рукъалде кьоларо. Гьелъ буго гьаниб хъамиги цIогьги гIемерлъун, хасго абурал ясал хъами буго гьанже мода. Нилъеца абунаха, дуе Аллагьас кьечIеб цойгиясе кьураб дармида тIад вахъин батаниги, руччабазда тIад вахъин батаниги, гьединал пишаби гьаруге абун.

Жинца ячине ялагьизе ккола гIадан тIад кIалъачIей яс, цIехон балагьун, анкьго нухалъги борцун, гIадамазухъа яхъун гуро. ГIолохъанай ясалъе, васасе заман буго балугълъараб мех. ЧIужу ячинчIого чIезе кIолареб хIал бачIараб мехалъ, васасе чIужу ячине ккола. Росасе инчIого чIезе кIолареб хIал бачIараб мехалъ, ясги рукъалде кьезе ккола. Эбелалъ гъолда мех-мехалъ гьикъизе ккола, щиб хIал дур бугебилан. Инсуца васасдаги гьикъизе ккола, чIезе кIолеб хIал бугищ-гьечIищали? Ирга щвараб мехалъ, васасе чIужу ячине ккола. Жив-жив чиясул психологияги, жив-жив чиясул шагьваталги рукIуна батIи-батIиял, яхIги букIуна батIи-батIияб. ЯхI гьечIев чиясе хехго ячине ккола, яхI бугев чияс сабру гьабизе ккола. Эбел-инсул рокъоб бугеб ресалъухьги балагьизе ккола, мукIур гьавизе бегьула васас эменги, ясалъ эбелги, бегьулеб батани хех гьабун рукъ тIубайилан.

**– Дида абулеб рагIана чIужуялъ росасул рас къунцIизе бегьуларилан, бегьулеб батани, гьеб битIараб бугищали баян кье?**

– ЧIужу росасе адабалъеги, хъатиралъеги, рацIцIалъиялъеги йижарай, ячарай гIадан йиго. ЧIужуялъги гьабичIого, лъица гьабилеб гъоб? Чияр чиясдайищ гьарилеб? ЧIужуялъ росасул рас-малъ къунцIугейила абурал жал дида лъаларо. ШаргIалдани бегьунгутIи щиб букIинеб, чIужуялъ бацIцIа-бакъад гьабизе ккола росасул, гьас чIужуялъулги гьабизе ккола, кIиго квер буго кIиялго.

**– Дида абуна: росасдаги чIужуялдаги гьоркьоб лъимер бегизабизе бегьуларилан, гьеб уяб бугищ?**

– Росасдаги лъадудаги гьоркьоб, жидерго тIалабазда гъолги рукIун, лъимер бегизабизе бегьуларо, лъикIаб гьечIо. Гьадинги лъимер кьижизабизе анибги добаги бегизабизе бегьула.

**– Дун йиго кIикъого соналде яхарай гIадан. Цониги чияс дун ячуней гьечIо, росги дие цIакъ къваригIун вуго, хIарамлъиги бегьулеб гьечIо. ШаргIалда рекъон щиб гьабизе кколеб?**

– Дибирзабазул гIайиб буго гьеб. Рос къваригIарай чIужуялъ гIарза кьезе ккола дибирасухъе, гьес гьелъие бегьулев росги валагьизе ккола. Базаралда жо бичулев чиясе бищун дарман тIагIараб жо буго, гьас бичулеб къваригIарав чи дандчIваларого вукIин. Руччаби къваригIарал росалги руго, росал къваригIарал руччабиги руго. Дибирасдалъун нух бахъизе ккола гьез. Гьеб буго гьелъул низам.

**– Черх чурулаго кодоб бугеб геладаса, кверaлдеги чвахун, гьеб ведроялде жанибе ани, гьеб лъеца черх чуризе бегьулищ?**

– Кверги бацIцIадаб бугони, гелги бацIцIадаб бугони гьасие жанибе къватIибе тIинкIараб жоялъул кIудияб кIвар букIунаро. Жибго гьасул истигIмал гьабураб, цо лага чурараб ниятгун цадахъ лъим гъобе жанибе ани – бегьуларо, кIиго къулгIаялде бахун гьечIелъул, истигIмал гьабураб лъимлъун лъугьуна гъоб. Амма, дагьа– макъаб жо ун хутIани, бегьула. Гъодинаб гIиси– бикъинаб жоялда бегьунгутIи абуларо.

**– Лъимги тIад букIаго, лъеда хъвани, лъим хъублъулищ, чуризе ният гьабилелде?**

– Лъеда хъвачIого чиясе рес букIунаро, хехго лъеда хъвазелъидал кколев лъим тIад бугев чи. Гьав хъвараб мехалъ, кIиго къулгIа гIураб лъим хъублъуларо. Амма ведро батаниги, кIиго къулгIа г1ечIеб лъим хъублъула. Лъим тIад букIунилан, квер бацIцIадаб бугелдаса нахъе, квер гелалъул бакIалда хIалтIула. Гъодин гьанибехун босизе бегьула, квер бацIцIадаб букIине кколаха. Амма черх чуриялда цадахъ чуризе абун квер гъорлъе бегьани, гъоб кIиго къулгIа гIечIеб лъим хIалтIараблъун лъугьуна. Гъоб ниятaлда квер гъорлъе бегьизе бегьуларо.

**– Дица дур цIар тIамуна абураб рагIи – лъабабго цIар абичIого, лъабго нухалъ, яги цIикIкIун абуни, цо цIарищ кколеб лъабабго цIарищ кколеб?**

– Дур цIар тIамуна абуни, цо цIар гурого кколаро, ккезе къваригIун гьечIелъул. Лъабабго абуни, лъабабго ккела, кIиго абуни кIиго ккела.

Лъабгоялдаса цIикIкIун лъабнусго абуниги, лъабго гурого кколаро, лъабго гурого букIунарелъул. ХIакъикъаталда лъабабго абичIони, лъабго цIар кколаро, цо абуни, цо ккела, кIиго абуни, кIиго ккела. Гьадинго цо цIар абун таниги цо гурого ккеларо, ккезе къваригIинчIого букIиналъе гIоло. Цо цIар ккараб мехалъ, рокъое ячине бегьула, магьариги цIи гьабизе кколаро, чIужуялде вуссиналдалъун тIубала гьеб. КIиго цIар ккун батаниги, чIужу рокъое ячине бегьула, цо нахъе хутIун букIуна. Лъабабго ккани, гьелда цIаялдагIан хъвазе бегьуларо, лъабабго цIар ккола.

**– ГIилла гьечIого, магьари цIи гьабизе кколищ?**

– ГIилла гьечIого кколаро батIаго, амма суннатаб буго. ГIиллайила абун нилъеда лъалебги лъаларебги букIуна, тавбу кидаго гьабизе бихьизабула, щай гъоб? Нилъеда лъалебги лъаларебги букIуна мунагь, гъодинго лъалебги лъаларебги мунагьалдалъун жагъаллъулеб жо букIуна исламалъул бокьараб хIукму. Чи ридаялде, куфруялде, ширкалде кколеб жо букIине бегьулелъул, кIалалъ абулебги ракIалде кколебги, черхалъ гьабулебги жо. Гъолъие гIоло нилъеца гъоб тавбуялда цадахъго магьариги цIи гьабула, магьари цIи гьабулел рагIаби абула. Будун-дибирги ахIун, гIалимзабазухъеги ун, чIужуялъул эбел-эменги ахIун, гьединаб цо кIудияб къагIида гьабизе кколаро, гIилла гьечIого. ГIилла ккани, магьари цIи гьабизе суннатаб жо буго.

**– Дица ячун ятана, цойгияс йиччан тун, лъабго моцI бачIей гIадан, дица гьанже щиб гьабилеб?**

– Цин тIоцебего мухIкан гьабизе кколаан хIакъикъат. Гьабун гьечIелъул, гъодин ккун бугеб мехалъ, магьари цIи гьабизе ккелаха гьанжегIаги. Дибирасухъеги бачине ккела, магьариги цIи гьабизе ккела, гьанжелъизегIан ккара-таралдаса ракIги бухIизе ккела. Гьоркьоб кара-тараб жо лъангутIи батани, Аллагь тIаса лъугьине бегьула. Гьанже мухIкан гьабизе ккела дибирасухъеги ун.

**– Гьаб буго кIвар бугеб суал: дица гьабулеб буго васасе хъизан, берталъе ахIулеб буго гIагарлъи, гьудул-гьалмагъзаби ва гьединго васасги жиндирго гьудул-гьалмагълъи. Гьел ахIарал гIадамаз бахIаралда тIад чIвалеб буго, сайгъат хIисабалда, гIарац. Бертин лъугIун хадуб, гьеб унеб буго ясалъул эбелалъ нахъе босун. Гьеб сабаблъун ясалъулги васасулги эбел-инсуда гьоркьоб кколеб буго гIумруялъго цоцазда кIалъалареб дагIба-къец. Гьеб гьедин босизе бегьулищ?**

– Гьедин гьабизеги хIалалаб бугищилан гьикъизе ккола тIоцебе. ХIакъикъаталда бертин букIине ккола шаргIалда рекъараб адаб-хъатиргун гьабулеб. Бихьинал бихьиназда чIараб, руччаби руччабазда чIараб. БахIарайги бахIаравги жалго жидедаго чIараб букIине ккола бертин. Кинабниги жоги жубазабун, тIаде балеб гIарацги жубазабун, бихьинал-цIуялги журазарун, дагIба-къецги ккезабун, гъолъул хIасил щиб ккелеб? ХIакъикъаталда бертадул харжал гьарулев бетIергьанчиясухъе кьезе ккола бачIараб сайгъат. Бертадул жаваб хважаинас кьола, жиндихъа унелъулги жиндихъе тIаде бачIунелъулги, бокьани лъикIалъул, бокьани квешалъул.

БачIараб жо лъие бачIун батаниги, жиндир нияталда рекъон уна гIадамаз. Цинги гъоб лъим гIадин тIаде бачIого, жиндир нияталда рекъон бахIарасухъе кьезе ккела. БахIаралъе бачIараб бахIаралъухъе кьезе ккела. Жиндие лъихъе кьезе къваригIун батаниги, къваригIарав чиясухъе кьела гIарац добе азбаралде бачIого, цо пуланал гIабдалзаби бакIаризе течIого, хадур дагIбадизе тIамичIого. Щибаб жо букIине ккола жиндирго нухдасан. Ниятги гьабун, жиндир мурад бугев чиясда кодобе кье гIарац, бетIергьанги вахъинаве. Гьебмехалъ жив– жив чи жинди-жиндир жоялъул бетIергьан вукIуна. ГIодобе бараб гIарац – гъоб ккола дагIбадизе рукIине, гIисинал лъималазде тIаде конфетал рехараб гIадаб жо. Жиндирго нухдасан гьабе, жинда ракIалда вугев чиясда кодобе кье.

**– ШаргIалда, кIиябго рахъги рекъон, гьабизе бихьизабураб ригьнада гьоркьореги лъугьун, гьеб ригьин бихьизабуразе шаргIалъул хIукму щиб букIинеб?**

– Ригьин бихьизабизе бегьулароха. МаслихIат – рекъел гьабизе ккола. Ригьнада гьоркьор чагIи кIалъала, мацIги гьабула, бугьтаналги лъола, гьерсалги рицуна. Амма лъазе ккола заралалъе кIалъалев чи щив, пайдаялъе кIалъалев чи щивали. Жал ратIалъанийищ маслихIат букIунеб, данделъиялъулищ. ГIакълуялда росги чIужуги рукIа, гьоркьор лъугьарал чагIиги щалали лъай. Биххизе гьукъе гьез.

**– ШаргIалда рекъон данделъарал рос-лъадиялъул хиянатлъарай лъадиялъе шаргIияб хIукму кинаб букIунеб?**

– Хиянатлъиги батIи-батIияб букIуна: росасе квен кьечIого, бусен кьечIого, барщун чIараб букIуна, чияр чиясулгун рокьи-кьал гьабунги букIуна хиянат. КIиабилеб хиянат бегьуларо. Ригьин биххизе тIадаб букIуна гьагъаб бакIалдаго. Чияр чиясулгун рокьи-кьалалда бугеб ригьин буцIцIунаро. Гьеб жо лъан хадуб, гьелда разилъун тарав чиясеги квешаб рогьо буго шаргIалда. Алжаналде лъугьунарилан абула гьединав чи. Жиндирго чIужу-яц цIунизе гIураб щакдариги чилъиги букIине ккола бихьинчиясулъ.

ГIабдурхIаман-хIажи ГIасавиясухъе вачIун вуго цо мурид жинда жиндир чIужуялъул баргъич пуланав чиясухъ бихьанилан абун. ЯхI цIикIкIарав, хехав, щакдари бугев чи вукIун, ГIабдурахIман-хIажияс гьикъун буго: щибха дуца гьабурабилан. Расги гьабичIин жаваб кьун буго гьес. ГIабдурахIман-хIажияс абун буго: ракьте гьанисаян, чIужуялъул баргъич чияда бихьараб мехалъги хвечIев мун, кида хвезе чIун вугевилан. Бихьинчиясда жаниб гьединаб къартI букIине ккола. ЦIакъго гIорхъолъа ани – гьебги хIарамаб буго, букIине кколеб даражаялде бахинчIони – гьебги хIалихьалъи буго. Аллагьас абулеб буго: «Жиндие борохь чIваравгIанги бахIарчилъи-яхI бугев чи вокьулилан».

Жакъа нилъ руччабазул гIорхъодаги тохго руго, диналъул рахъалъги хIалихьалъун руго. Щайгурелъул, рекIелъ букIине кколеб иманги, яхIги, намусги, адабги гьеб буго мажмугI. Иман гьечIолъиялъул гIаламат буго яхIги, намусги, ничги гьечIолъи. Нич батичIони, бокьараб жо гьабулилан абураб хIадис буго. Ничалъ ккун рукIине ккола бихьиналги цIуялги чагIи. Нич букIине ккани, иман букIине ккола нич букIинабулеб.

**– Дир чIужуялъ дица абураб жо гьабуларо, жиндирго инсуца абураб гурони. Цо малъараб жоги гьабуларо, данде гаргадун гурони. Гьабун квенгун, жиндирго эбел-эмен кваназарула, диде мун кваназе кколевищанцин гьикъуларо, гьелъие щиб мунагь букIунеб?**

– Гьединав рос вукIинги гьалъие гIураб мунагь буго. Гьев рос гIела гьелъие мунагьалъе. ЧIужугIаданалъул иман гьечIони, гьелъул пайда бахъуларо. Додинай дой гьаюрав чи гьев ватани, гIайиб гьесда буго. Цо чи вукIун вуго Гъуниб районалда, цевесев чи. Досухъе гIарзалъе вачIунев вукIун вуго дурц, дур ясалъ малълъараб гьабулеб гьечIин, гьикъараб бицунеб гьечIин, гьадин-додин бугин абун. Рокъоре судалдеги ахIун, кIияздаго гьоркьоб цIехон балагьун буго. ХIакъикъаталда, росасул рослъи гьечIого гурого, гIайиб батун гьечIо. Гьес жиндирго яс гIодой ккезегIан юхун йиго. Росасда абун буго ццим бахъиндал, гьадин юхе, цоги ишалъеги гьадин гьабе, гьанже гьайги ячун рокъовеги аян. Росабаз рослъи гьабе, цинги иш лъугIула.

**– Нужеца абула къватIире араб мехалъ руччаби къачIалин. Рокъор ругеб мехалъ нижее къачIазе заман щоларо. ХIайваналищ тIурачIого телел, квенищ гьабилареб, къватIире унеб мехалъ гурони нижее къачIадизе щоларо. Рокъор къачIан рукIине ккани, нижее гъаравашал къваригIуна цере хIалтIизе.**

– Гьебги бугеб жо буго. Рокъоб чIужуялъ шубайищ ретIинеб, каблукалгун туфлабайищ ретIилел, цоги батIияб чIухIараб ретIелищ ретIинеб? РетIине рес гьечIелъулха. Руччабазе ретIел босанищ, дол къватIиреги риччазе ккола. Амма гIарабаз руччаби рачуна жалгоги цадахъ рекIун машинагун ралъдал рагIалдеги, жалго-жидедаго доре авлахъалдеги, чанареги, мегIер- гIалахалдеги, къватIиса пачалихъалдеги. Амма росги-чIужуги цадахъ рукIуна кIирекъон, лъицаниги щибниги абулареб, чияр чиясул бер балагьулареб хIалалда. Нилъер бихьиназеги чIужуялъ шубаги ретIине бокьун батани, каблукалги ретIине бокьун батани, месед-гIарацги базе бокьун батани, гьейгун цадахъ машиналдаги рекIун, жагьандаманалъул кIкIалахъеги а, жалго риччаге.



# ЦӀиял асарал

**ТубхӀат ЗУРГЬАЛОВА**



## УНГЕ, ГӀОЛИЛ ВАСАЛ, НУЖ СИРИЯЛДЕ

**Унге, гӀолил васал, нуж Сириялде, -**
**Сапар битӀуларо ватӀан таразе.**
**Тоге чара бухӀун чехьалъул эбел, -**
**Ахир пашманлъула гьей кӀочаразе…**

**Унге, гӀолохъаби, нуж гьел рохьахъе, -**
**Хъурмал лъугьинейищ нуж гӀезарурал?!**
**Гвендахъ рукӀинейищ, накабазда лъун,**
**БахӀарзазул нужей бицун букӀараб?!**

**Балагь балагьизе унел лъаниги,**
**Лъазего кӀоларел нужер пикраби!..**
**Бабалги дадалги дунял гьимизе**
**Гьаризего щвечӀел нужер бертаби!!**

**Баракат бахъулеб заманаялъул**
**Къурбаналлъун ккарал нижер гӀолилал!**
**Эбелалъул хӀатӀакь алжан гӀечӀого,**
**ГӀазаб балагьизе лъугьунге, лъимал!**

**Умумул гӀадинан, нуж рокьулев чи**
**Чияр улкаялда кодов щоларо…**
**ЧӀвадарухъабазул мухъилъе ккарав**
**Эбел – ватӀаналде тӀадвуссунаро!**

**Диналъул вацазде, эбел-тӀинчӀалде**
**Ишан босулелъул сородичӀеб квер…**
**Нуж цӀадулъе цӀцӀараз, гӀарацги кванан,**
**Вай гӀадада холеб гӀадаллъараб гӀел!**

**…Унге, гIолил васал, нуж Сириялде, -**
**Рокьи-хинлъиялда те гьаб дуниял!**
**Хачадаризаруге чIарбида улбул! –**
**Аллагьасги тола эбел тун арав!**

**Умумул хинлъизе, цIетIа хьаг лъезе**
**ЦIул къотIизе гурел, унге рохьоре!**
**Нуж кIикIараб кини, хахараб керен**
**КIочене рес гьечIо!!!**
**Русса рокъоре!**

## БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ ПАРАД

**Бергьенлъиялъул Парад –**
**Пашманаб нижер чIухIи!**
**ЧIахъаги дир хириял**
**ВатIанцоязул гъунки!**

**Цо рокьиялъ цолъарал**
**Россиялъул гIадамал**
**ГIодулей йиго жакъа:**
**Дагьлъана ветераналъ…**

**Нуж – нижер бакъуй гIоло**
**Гуллбузул цIад хIехьарал,**
**ХIалхьи нижее щвезе**
**ХIарщулъан хъурщун арал!**

**Хъурмал гIадинан сардилъ**
**ВатIаналде кIанцIарал**
**Фашистазда щалали**
**Нилъ рихьизе гьарурал!**

**Ракъун, къечон, къобухIун,**
**Асирлъуде кканиги,**
**Носоца каранда цIва**
**Бахъаниги, къуркьичIел!**

**Ярагъ кодоса бахъун,**
**Кверал рухьун хадубги,**
**Бадибе хIацIуги тун,**
**Тушман асир гьавурал!**

**КIудияб ВатIанияб**
**Рагъда гIолиллъи тарал,**
**ГIумруялъго ВатIанги**
**Рагъги рекIелъ бикIарал!**

**ВатIаналде рокьиги**
**Рагъуде рокьукълъиги,**
**Нужеда гIадин, лъачIо**
**Нижеда, ветераналъ!**

**Тушманасда кодоса**
**ВатIан кьурун бахъарал**
**Нужеда цебе налъи**
**БецIичIоха, дарманал!**

**Гьарзалъиялъ гIинкълъарал,**
**ГIорцIиялъ беццлъана ниж!**
**Бергьенлъиялъул гурел,**
**Къояз кIочон тана нуж!**

**ТIаса лъугьа! Умумул**
**Лъималазда кинигин!**
**Амма наслу кантIизе**
**Рагъ бихьизе ккогеги!**

**Бергьенлъиялъул Парад!..**
**МагIилъ гьардолей йиго:**
**ЩIуне, Аллагь, гьал васал –**
**ВатIаналъул сабабал!**

**Цинги пикрабалъ руго**
**Дица каранде къалел**
**Курмул орденаз цIурал**
**Ахирал ветераналъ…**

## С А Л Т А Н А Т

*СултIанахIмад-ханасул яс Салтанат йокьарав*
*Таргъуялъул хан Шамхалил вацасул вас*
*Аммалатбекилги гьесие кьечIей Салтанатилги кучIдул.*

1.

**- Дир гьаб рукIкIен-куналъ кечI хъвалеб анищ,**
**Аммалатбекилан квербацIцI угьизе!**
**Аман, мун Хунзахъа вукIарав анищ,**
**Инсуца цо дуе хIалал гьайизе!**

**Вай мун лъачIев анищ, лъарагIазул вас, -**
**Ралъдал рагIаллъуда гIолеб жойищ бацI!**
**БахIарзазул цIураб дир инсул ханлъи**
**Хагазабурав мун хутIанин каранлъ!**

**Дур къвалакье дие нух гьечIониги,**
**ЧIалгIун холел ругин гIодула берал!**
**Мун вихьулелъуе дун гьукъаниги,**
**Дур цIар рагIизеян рагьула гордал…**

2.

**- Маргьудал багьадур – дир Аммалатбек,**
**Аллагьасе гIоло, воре, рикIкIад чIа!**
**Дуца чIван рехараб рохьил цIиркъ гIадин,**
**ЧIвазе гурин, гьудул, дун дир инсуца!**

**- МугIрул бикаялъухъ бахъун рухI кьезе**
**ХIадурав лъарагIав – дун узден вуго!**
**Таргъуялъул шамхал дир имгIаллъидал,**
**Дур инсуй рихине гIилла лъаларо…**

**- Дур мацIги дур цIарги чияраб буго,**
**Нижер бисаз гъорлъе мун виччаларо.**
**Дур багьадурлъиялъ асирлъаниги,**
**СултIанахIмад-ханас яс дуй кьоларо…**

**- МугIрул бисазда гъорлъ  дун рекъезейин**
**ГIаздал цIурал рохьал дица мерхьарал.**
**Бахьинай Салтанат хиралъидалин,**
**ХъахIаб цIиркъалдаса цIоко бахъараб!**

**- Ханасул кIалгIабахъ бокьухъе гIурай**
**Дир ракIалъул ханлъун лъугьарав гьудул!**
**Гьаб цIоко каранде къалаан дица…**
**Дадаги тIалъиги лъалареб ани…**

## МАГӀАРУЛ КОЧӀОЛ УСТАР

*М-ТӀ. Синдикъовасе*

БецӀдерил рохьоб гӀуна
ТӀоцебесеб дур тӀамур,
Росу Дагъистаналда
РагӀизабурав ТӀамир!
ВацгӀан дийги хирияв
Нижер МухӀамадтӀамир,
Бигьаго баччанадай
Дуца дурго кочӀол гьир!

Гьелъги долъги гуребищ
Дур цӀар ссиялда бугеб,
Синдикъовасул байрахъ
Бахъизе кӀвезе гьечӀеб?!
Гьелъ гуребищ дур школа
КӀудияб хӀарпалъ хъвалеб,
ХӀамзатил Расулица
Цо мун гурев рикӀкӀинчӀев?!

Ток свани, хутӀулев чи,
Синдикъов гурев, гьечӀин,
Угьун хӀухьелги биччан,
Абун буго шагӀирас…

ШигӀрабазда рухӀ гъолев
МагӀарул кочӀол устар,
Учузлъараб мехалъги
Месед буго – дур гьунар!

Баркалаха, гӀагарав,
ГӀагараб росдал рахъалъ, -
Дур цӀар ахӀун гурони,
Ниж щалали лъачӀелъухъ;
Баркалаха, гӀазизав,
Дуй чӀванщинаб хъаталъухъ,
Йохиялъ дирни хъатаз
БацӀцӀараб магӀуялъухъ.

Лъалищ, къулун йиго дун
Дур кочӀол къисматалъе,
Миллияб чӀухӀи гӀадаб
Дур къадруяб цӀаралъе;
ЩӀадаса Расул кьураб,
БацӀадаса мун кьураб,
Кьураби тӀаде чӀвараб
КочӀол эпохаялъе!

## ШАХТАМАНОВАСУЛ «РЕКӀЕЛ АСАРАЗ» СИРИ БАЗАБУЛА ЦӀАЛАНЩИНАХЪЕ

Чанги тӀехь, чанги кечӀ цӀаларал берал
Дур «РекӀел асараз» асир гьаруна,
Гьазухъ гӀенеккейин, дир миллатилан,
Дардалда релълъараб анищ гьабуна.

…Шахтамановасул хасият-гӀамал, -
МацӀ лъалеб кьуруда релълъунаан гьев.
ГӀумар-хӀажиясул хӀикматаб кӀалъай, -
Лъаялъул ралъадлъун гьелчолаан гьев.

ЦохӀо мугӀалимгун гьесул мутагӀил
ГӀунги тӀокӀ хутӀана даимлъиялъе.
Дуниялцин жаниб гьунеб гьесул ракӀ…
Гьелдасан чвахулеб мугӀрузде рокьи!

Москваялда чIараб магIарул чIухIи,
ГIагарал мугIрузул хассаб бидурихI.
Бихьинаб гIамалгун гьев ваккулелъул
ЛъугIулаан сверухъ тIолго гIиссинлъи!

… Дур шигIрабалъ тIерхьун лъедолей йигей
Дир цо гьари буго дир мацIцоязде:
ЩIале нилъ щалали лъазе гьабулел
Шахтамановасул рекIел асарал.

Дур щибаб хIарпалъул хIасрат бичIчIани,
Биллагь, нилъер миллат борхалъилаан.
Дуца гIин кьурарал гIолохъабазулъ
ГIумар-хIажи гIадал такрарлъилаан.

### ВАТIАНАЛЪУЛ БАХIАРЗАЛ

Вай дир вацал, дир васал -
ВатIаналъул бахIарзал!
БахIарго рас хъахIлъарал,
Рагъул кор бихьун лъарал!
Лъимерлъуда рукIаго
Рокъосезе къадруял,
Яцазги эбелальги
Борхалъиялда лъурал!

Вай дир вацал, дир васал –
ВатIаналъул бахIарзал!
Нуж гьарураб къоялъго
Нахъа чIун хIинкъи бугел…
ГIагараб ВатIаналъе
Борч тIубазе рижарал!
Бихьинчи армиялде
Ине кколин куцарал!

Вай дир дару-дарманал –
ВатIаналъул бахIарзал!
Нужер щивасдаса ниж
ЧIухIарал магIил гарал!
МагIарулал, гIурусал –
Россиялъул солдатал!
Сон вацлъун вукIарасцин
Нахъасан речIчIун чIварал!

Вай дир васал, дир вацал –
ВатIаналъул бахIарзал!
Бабал квераз гьабураб
Кванил тIагIам хириял!
Ракъиялъги къечальги
Чияр бакъукь кIвекIарал,
Сундуй гIоло лъачIого
Афгъаналда рагъарал!

Лъил васал ратаниги, –
Дир карандаса тIурал;
Лъил вацал ратаниги, –
Дирабги тIул бикьарал
Дир ВатIаналъул цIумал
ЩIуне, БетIергьан Аллагь!
ЩIарал анир тун арал
БахIарзаздаги гурхIа!

Рагъ ургъулелщиназе
Жаза гьанибго щваги!
Дуниялго гIодулеб
ГIассилъи рикIкIалъаги!
ВатIаналъул бахIарзал,
Гьелъул мугъчIвалел хIубал
Бокьулеб улкаялда
ХIалхьи цIунун хутIаги!

# КАВКАЗАЛЪУЛ ГЪАЛБАЦІ

*«ГІурусалги чІалгІун руго,*
*Солдаталги рихун руго!*
*Имам, духъги чІалгІун вуго!*
*ЧІвалиланги хІинкъун вуго…»*

***ХІажимурад.***

**1.**

**ХІажимурад, мугІрузда**
**Мун цІехолей йиго дун,**
**Аваристаналъул бацІ –**
**Дудаса чІухІула дун!**
**ХІажимурад, жахІдаялъ**
**Лъукъарав нижер наиб,**
**Имам чиякъго вугин,**
**Мун ахІулей йиго дун…**

**…АнцІила кІиябго сон**
**ТІубан бахъаралдаса**
**ГъалбацІалъул тІинчІалда**
**Релълъана дур лъимерлъи!**

**Чода дур гъунаралги,**
**Алхунареб гуллаги, -**
**Гулла гІадинав васас**
**Асир гъабуна тІалъи!**

**Цо ишан ккуралъубе**
**КІицІул жеги кьвагьичІев,**
**КІибалаб хвалченилан**
**Тушманасцин цІар кьурав,**
**ЦІар жиндир рагІарабго,**
**Гьев databasesзаврав,**
**Сородулел тункІазул**
**Гуллбузе рагІад гІадав!**

**2.**

**…Кавказалъул гъалбацІин**
**ЦІар гъугъадарав наиб,**
**ХІажимурад, дудехун**
**КІалъалев вуго Имам:**
**«Мунгун цадахъ вачІана**
**Дир вас ГъазимухІамад,**
**Гьавго гІадин, вокьула**
**Дие мун, ХІажимурад!**

**Дурги дирги тушбаби –**
**МацІихъаби – шайтІаби!**
**Пача – гьадингосев чи! –**
**Гьездаса нилъ цІунаги!**

**Дир гьаб вилаяталда**
**ЦохІо вугев бахІарчи –**
**ХІажимурад, мун гІадал**
**Кьеги дий наибзаби!**

**Мун чІвалелде, цин дица**
**Дирго вас чІвазе вуго! –**
**Гьеб буго, инсул гІадаб,**
**Дуе кьолеб дир рагІи!» -**
**Гьедин кІалъана Имам,**
**Эмен васасда гІадин…**
**Амма…къотІичІел мацІаз**
**Цоцахъа рахъана гьел…**

**3.**

**…Чиякъаб Нухаялда**
**ХІажимурад какида:**
**«Дир алжан – дир Дагъистан,**
**РекІее жан – дир Имам…**
**ГурхІа дида, я Гъаффар!**
**Ваче дун Шамилихъе!**
**Гъазаваталда хвезе**
**Изну кье гъалбацІалъе!»**

**ДугІадуй жаваб гІадин,**
**Щвана Шамилил кагъат:**
**Мунги тІаса лъугьайин,**
**Дунги лъугьарав вугин…**
**«ТІадвусса, дир вас!» - илан**
**АхІиялъ куркьбал гъурав**
**Гьев кквезе кІолеб къуват,**
**Цо хвел гуреб, букІинчІо!..**

Амма къориниб ккана
Камилаб нилъер гъалбацI,
Бида вецIцIулев гьасий
Къвал базе щвана цо гъветI.

Щулияб ракI борлъизе
Ишан ккун гIебаб ханжар!
Аллагь! Дур гурхIел гIелин
АхIун цIалана Ясин!

4.

Дандиял хагазарун,
Гуллбузда гъоркь кьурдарав,
Къажаразул ракьалда
Ракьалде ккарав наиб!
ХIажимурадил барти
Бортун араб чияр хур…
Хириял кьурабазухъ
Урхъун, къотIараб бетIер!

Гьас дий жиндирго хвалчен
Сайгъат гьабун букIанин,
Бихьинаб бетIералда
Баизе виччайилан,

КъотIараб бетIералъе
БетIер гIодобе къулун,
Гьеб бихьун, гIурус майор,
ГIодизавурав наиб!

БетIер къотIананиги,
Къаркъалалъ хIинкъи кьурав,
Мун каранде къалеб къо
ЩвечIо дур Имамасе!
Жиндий гъураб чанги къор
ЧIамун рехараб гъалбацI –
ХIажимурадил ахир,
АхIун цIалулеб Ясин!

## ХУНЗАХЪА ТАРИХЧИ ГIАЛИБЕГ ХЪАЗАНБИЕВАСЕ

Арабгун таралъул хазина гIадав
Хунзахъа ГIалибег, дуй гIумру кьеги!
КьунагIан хIажатаб гIелмудул гъамас
Дагъистан рагIулеб нугIлъун хутIаги!

Лъай дур щванщиназул надалда дица,
Гьез бициналдего, дур цIар цIалула.
Дарс лъезе вачIинги, дур борхалъиги –
Бахилаб вижиги… ВукIин баркула!

Чанги лъарабщинаб кьелаан дица,
Лъалареб дудаса босизе щвани!
ЩигIруги мадараб букIинаан дир,
Дуца лъураб щуйил дий щвараб ани.

…Хундерил тIалъуда рещтIанщинахъе
Расулгун ГIалибег пикрабалъ чIола.
КочIохъан – шагIирас рагIи ахIула!
Тарихчияс хадуб лъабго тIанкI лъола!

Лъалищ, дун къулула дур гьеб цIаралъе,
Мун къуларалщинал тIолго тIахьазухъ!
Хасго пуланасул борчIараб рагIуй
ГIараниб кьун тараб дур жавабалъухъ...

## НУХ БИТIАГИ НУЖЕЕ, НИЖЕР МАУЛХIАЯТАЛ

*2014 соналъул 9 маялда МЧСалъул хъулухъ*
*тIубалаго гIумруялдаса ратIалъарал*
*Гъуниса ункъо гIолиласде (Марат, МухIамад,*
*ГIисакъ, МухIамад)*

Дир Гъуниб майдан къотIун,
Унеб ункъабго мали!
Бихъун унеб бугин ракI!..
Бице, лъимал, нуж кире?!
ТIолго улбузул гьаркьаз
Гьаргьадулел щай мугIрул?
Нуж тIоритIизе унел
ТIанчIицин щай гIодулел?!

Бице, берцинав Марат, –
Дир яцгIалалъул дарман!
Ва кIиявго МухIамад!
Хадувцун унев ГIисакъ!
Сонцин нуж расандараб
Росдал майданги къотIун,
Гьеб хIалалда гIедегIун
Нуж хъамун унел кире?!

Нуж чIаго хутIагийин
Гьаридал рахьи барал,
Бице цудунго гьечIищ
Цадахъ дуниял тезе?!
Тарбия цIакъ босарал,
Бер кколеб гIамал кьурал,
Гьал кьурабазул хIанчIи,
Нуж ракьуе кин кьолел?!

Бице, гьайбатал васал,
Сон кинида рукIарал,
Жакъа, малаздаги лъун,
Ине щиб къо бачIараб?
Бице, рокьул гIелалде
Гьанжего-гьанже щварал,
Их тIегьалеб гIужалда
Кире, тIогьол бахIарал?!

БухIун, къвагъулеб чехьгун
Чара хун, ункъо баба!..
Нужгун хабалъегицин
Цадахъ ине хIадурал!
Ункъавго дадаеги
Данде къараб дуниял!
АхIдон гьел гIодилаан,
Аман, бегьулебани!

Щиялъул квенчIел цIурал
Рокьул гарал гIадинал
Нужер кIутIбуз гIащикъго
КъулчIараб улбузул рахь!
Рахьдал махIалъ гьуинал
Нуж хиралъун дадаби,
ДуниялгIан кIудиял
МалъгIанал гIолохъаби…

ГьитIинал нужер квачIаз
Реэдарал гIанаби,
Гьел квачIазухъ урхъиялъ
Риххуларел кьураби!
Кьурун рахъун хабалъе
Нуж унеб огь дуниял!
Кьурун тIун унел ругел
Ункъайго бабал курмул!

… Бергьенлъи баркулебин
ТIолго ВатIанги буго…
Ункъо бакъ хабалъ лъолеб
Гъуниб росуги буго…
Кин хIехьелеб?.. Лъаларо!..
ХIехьечIого гIоларо!
ГIадада хварал тIанчIи…
ТIурал гIумрудул чIчIваби…

БетIергьанас хъваралде
Данде кинан рахъинел?!
Нилъ киналго ахIулеб
Ахират кин гьукъилеб?!
Аллагьас, кьурал гIадин,
Нахъеги рачун арал
Нух битIаги нужее,
Нижер маулхIаятал!

Нужер гIумру къокълъизе
Сабаблъараб МЧС…
Гьелъул цIар рагIарабго
ГIинкълъулел эбел-эмен…
Гьезул берзул канлъаби,
Нужер хоб нуралъ цIеги!
Алжаналъул хIанчIилъун
Нужер рухIал лъугьаги!

# ПРОЗА

ГIарип РАСУЛОВ



## УНГО, ГЬАВ ИРСИЛАВГИ ДИР ККОЛЕВИЩ?

I

Басриял гьундузухъан къватIибе рагIула нечадго руччабаз ахIулел кучIдул. Гьанир минаялъур квас чIвалел, дургъарулел, хьухьарулел руччабаз ракIгъеялъе риччалел бакънал роржанхъулел рукIана азбаралъур. ТIаса гъветI хъухъараб хIохьода тIад гIодовги чIун, рекIехъ гIенеккун, кечI къабул гьабулев вукIана азбаралъул хъаравул. Мехмехалъ гьес кенчIолел берал рехулаан кIиабилеб тIалаялъул нуцIихъе. Цинги разиго хъахIлъараб магжида квер бахъулаан. Цояб квералъ ккун букIараб жул, жиндаго лъачIого, каранде къалев ватулаан. Цинги, рекIедаги ватун, вихха-хочун сверухъ валагьула ва хIацIуги гIодобе тун, «хераб гвадаралъул гIамал бихьуларищ, гIолохъанлъиялъ асир гьабураб гIадин» – илан жиндиего семана. Циндаго тIадеги вахъун, жулица азбар бацIцIине жувана. Гьев валъаргъунев кинигин, кочIол гьаркьал рорхулел рукIана. «Дир шавкъалъ гъарабашаздаги цIа лъунин ккола» – абун гьав сихIирго михъилъе гьимана. Жакъа ханасул азбаралде гугьар рехизабун, гьундузда гьайбатлъи рещтIинабулеб букIана. РикIкIадаса рачIунел хIурматиял гьалбадерие гIоло букIана гьаб жигарлъи гьабулеб.

Херав лъалхъана. Кьерукъал бераз гьуинго ханасул кIалгIабазухъ валагьана. Гьасда ккolaaн гьеб гьарзаяб хазинаялъул гьитIинабго бутIалъун живги вугилан. Жанисеб рохалил гьалдеялда чангитги балаго, гьас хIацIу чIинкьана ва кьунсрузда квер бахъана.

Бухулеб къолол гьаракь мугIрузда гIажаибаб цIурмил бакъаналде сверулеб бугоан. Хъалаялъул хьибилалда бугеб минаялъул тIохдехун вуссарав херасда бихьана цо къалиялда сверухъ сухIматалъе хIадурлъулел бихьиназул гьитIинабго къукъа.

– Къолол иш багIаризабе, гIолохъаби, ханасул чапарзаби риунедухъ, – илан, квегIаб квералъ гIоркь халатаб жулги борхун, шавкъалда ахIана хъаравулас.

– Жеги доб мугIрул габурлъиялдаса гьалбал раккичIищ, Къебедилав? – илан копоего гIадин, гьасдехун рехана тIохил рагIалда вугев цояс. Къебедилав кIваркьун досухъ валагьана.

– Ле вац ХIурилав, дур гIолохъанал бераздa бихьулареб, херав дидайищха бихьилеб.

– Я вацха, нижеда цере нуцалил гьундул гьечIищха, гьезда гьоркьосан ралагьизе нижер ресги гьечIо, – абун махсаро гьабуна ХIурилас.

Къебедилав, гьесухъ валагьун, гьалгъан хутIана, цинги берал доре мугIрузул габурлъиялдехун руссинаруна.

– Дида вихьулев чиго гьечIоха, – янги абун херас хабаралъе ахир лъуна.

Цебеккунго ханасухъе щвараб ругьелалда рекъон, жакъа гьанире щвезе кколаан гуржи Азнаурасул абунчагIи. КIиябго рахъалъе бокьун букIана мулк-ракь гIатIид гьабизе, цоцаде къо ккедал, къуватав гьудул аскIов ватизе. Гьелъго букIана нуцалил бугеб цохIо лъимер – Меседу Къварелалъул Азнаурасул вас Багъратие кьезе бокьун. Амма кIудияб улкаялъул ханасул къадру– къимат дагьабниги учузлъиледухъ гьоркьоблъи гIуцIизе къасд букIинчIо. МагIарул тIалъиялда тIибитIун унеб хъанчил диналъги гьелъие квербакъи гьабулеб букIана. Гьоркьо-гьоркьор, рикIкIалъуда ругел росабазул жамагIатаз, жеги хIалтIизабулеб букIана мажусдин. Щибаб хъизаналъул, щибаб рукъалъул вукIана жиндирго хасав тIадегIанав бетIергьан.

Къоялъ ралагьун чIаниги Азнаурасул абунчагIи нуцалил тахшагьаралде рачIинчIо, гьел щай кватIулел ругелали лъиданиги лъалеб букIинчIо. Зодихъ рукIкIиналъул ишараби лъугьунеб мехалъ гьаниве вачIана лъукъ-лъукъарав ва бидулъ восарав гуржиязул рагъухъан. Свакараб чоца мухIканго галабиги тIамулаго, тамахлъарав гьев нуцалил азбаралъуве вачана. Гьасда лъалеб букIана ханасул бакIалде нух. Гьав кIиго нухалъниги гьаниве щун вукIана. Гьев вачIун вукIиналъул хабар рагIарабго, разиго, рагьдателазда гьев жаниве вачеян абуна. Гьев вихьидал, ханасул кара биххана ва гIедегIун гьесул ругъназе дару-хер гьабизе тадбир гьабуна. Гьанже ханасул хIинкъи гьечIолъиялъул кверщаликье ккедал, гьобол тIубанго тамахлъун ана. Рагъухъанасул мурад букIана, гIакълуялда вукIадго, гьениве ворчIизе.

– Гъачагъазул къукъа къуватаб батана… – иланги абун гьобол хьибилалдехун чIван ана. Ханас местIер ахIана ва рукIалиде ккезавизе кIоларищали хIаракат бахъейин буюрана. МестIер бидулъ восарасухъ валагьун хутIана. Цинги, хIадур вугин буюрухъ тIубазабилилан лъазабуна. Ургъалил цIураб гьурмада кверги бахъун хан нахъе ана. Якъинго гьасда цебе чIана кIиго моцIалъ гIадин цебе ясалъулгун букIараб ракI бакъвараб накъит.

– Дада, дун дур цого цо йигей яс йиго, – ян гIодое йиччан Меседуца жигар бахъулеб букIана битIахъе бадибе абичIониги, гьев Багърат жиндие вокьулареблъи бичIчIизабизе.

– БитIараб буго, дир яс, мун дир ирсилай цо гурони гьечIо. Амма дур инсул улкаялъе лъикIаблъун бихьун, гIагарлъи-гьудуллъи гIемерлъизе бокьун гьабулеб дарам буго гьеб, – илан абун нуцалица яс жиндирго пикруялде цIалей йикIана.

– ЩIакъго кIудияб дармие, ургъичIого хIукму гьабулеб гьечIодай, дада, дуца?

– Гьеб талихIалда цо тIанкI рещтIинегIан дица гьаб бихьулеб

дуниялго кьела. Гьале, дуда цеве дун гьедулев вуго, дир хирияй яс, гьалъал зобалхIаги, гьаб ракьалхIаги, ракьалда бижараб инсаниятхIаги дир рекIелъ гьединаб хиял букIинчIо, – илан нуцал гьелъие жавабалъе гIедегIана.

– Дирго мулк-ракь, дирго мацI, дирго гIагарал-гIунтIарал цадахъ гIун рачIаралги рехун тун, щайха дуца дун исиблъиялде йитIулей?

– Кинаб чияр бакI букIунеб гьеб, ракI жубарав мадугьаласул улка, – ян гьелъие гьуинал далилал рехсолев вукIана эмен.

Гьалъул рекIелъ рекъолареб инсул калам рагIидал гIарцул курхьеналда квер чIвана ясалъ. Гьеб бихьана нуцалида ва пикрабалъ гьелъухъ валагьун хутIана. Цо лахIзаталъ ханасул рекIелъе кIанцIун бачIана нажасаб щакдари. Лъица гьеб беричаб гIарцул курхьен сайгъат гьабураб? Эбелалъул гьалъие тараб хазинайищ? Яги рекIелъ восарав васасул сайгъатищ? МагIарухъ меседалдаса къиматаб буго гIарац. Амма гьелъул кунчIи сон-церекъад гьабуралъул буго. Нагагьлъун гьеб гьаниса гIебедего бачIун батани, гIезегIан рес бугев бетIергьан вукIине ккола.

– Мун йиго, дир яс, бика, бер гIорцIулареб берцинлъиялъул гIолилай. Дида лъала, гуржияз руччабазул къадру гьабулеб куц. Гьел рекIел тахида кIусизарула, къиматалда хьихьула. Бищун кIвар цIикIкIараб жо, росасда тIад кверщел букIин. Багърат гьелъие рази вукIинин ккола дида, – ян ясалъе жиндирго дарсал кьолев гIадин гIенеккун чIана. Гьесул хиялалъецин васвасдиялъ асар гьабулеб бугин кколаан.

Меседу, балъго, гъоркьанго бералги инсуде рехун, хIалимго кIалъана:

– Дада, бокьулареб кьогIаб пихъ хIалица кванан бажаруларо. Цо рекIелъе вортилев гIадав жоги гьечIоан гьев гуржиязул азнаур, – абун биччана гьелъ. – РекIел куркьбал къунцIичIого эркенаб талихIалде йоржине йиччай дун. ХIарщ речIчIун чIваге гьеб талихI, дада.

– О, рорхатал зобал, гурхIел-цIоб цIикIкIарав ТIадегIанав БетIергьан. Дида бичIчIуларо, дунищ унтун вугев, яги дунялищ къосун бугеб?! ГIумруялъ дуе лъикIлъи тIалаб гьабулев дун, мунилан абуни… – къваридаб рекIелъа рагIабиги рахъулаго, абуна гьес.

– Дада, дуда квеш бихьизейин абичIо дица… Дида лъала гьайбатал гьундузухъ ээдун гIезаюна дуца дун. Нагагь дир каламалъулъ сакъатлъи ккун батани, гьарула, цебего гIадин, тIаса лъугьун те, – ян магIилаб гьаркьидалъун гьарана ясалъ инсуда.

– ТалихI!.. Гьеб лъиданиги бихьичIо, гьелда лъицаниги квер бахъичIо, щалниги гьелъ реэдун кодоре росичIо… Гьеб инсанас ургъараб, живго гуккизе тIибитIизабураб маргьа буго. ГIемеразул анищ букIуна гьеб ккезе, амма гьеб батула чIобоголъи.

Даимго роцIараб бикал гьумер гьелдаса нахъе хаслихълъиялъул кьерхеналде сверана. Елъа-йохи къанагIалъана, тIадагьлъи тIагIун ана. Гьеб кинабго инсуда бихьулеб букIана, амма улка кIодо гьабиялъул пикрабаз гьелде ракI гIунтIизе толеб букIинчIо. Цо рахъалъ рекIекълъунги вукIана гьав: ясалъул талихIалъухъ босараб гьудуллъи жиндие щибизейилан. Цойги рахъалъ гьасул рекIелъ рухъардилел рукIана кIодолъиялъул хьулал.

Гьасда цее чIана чIагояй гIаданлъун ахираталде арай Меседул эбел, нуцалил пикрабалъ кIетIолел рукIана гьелъул малъа-хъваял: «Дир

хирияв, вореха дуца къварид гьайизе гурин нилъер меседил горо, гьайбатаб баргъичалъул бечедаб нагIли. ГIолохъанлъуде рахунелъул щивас жинцаго рагьизе биччанте талихIалъул каву. Гьеб талихI гьезулъ жиделъго букIуна…» Гьединлъидалин нуцалие бокьун букIинчIеб ясалъул каранда сахлъулареб ругъун лъезе. Гьасул мурад букIана гьей жиндир пикрабазе мукIур гьайизе. Гьас каламги, гIодове виччан, инсулаб хIалимлъигун гьабулеб букIана.

Анкьалъ бусада чIучIадун, гуржияв лъавудеги вачIинчIого, ахираталде ана. Нуцаласе хIажат букIана кинаб къукъаялъ ханасул хириял гьалбадериде хвалчен хьвагIарабали лъазе. Тушбабаздаса рецIел босичIони, живги жиндир улкаги гIодобегIанлъизе букIин лъикI лъалаан гьасда. Хасго гьеб лъугьа-бахьин ккун буго гьасул ракьалда. Гьас жиндирго рагъухъабазул бутIрул данде ахIана ва киназдего берщвезабун хадуб, гIедегIун гьикъана:

– Шарун кив вугев?

– Дуцаго изнуги кьун эбел-инсухъе ваккизе росулъе инчIищха дов.

– Гьедин батани досда лъалеб жо рагIулароха, – абун жиндирго ургъелазухъ гIенеккана нуцал. Цинги, кьварун, гьас гьезда цебе лъуна гъачагъазул суал…

ЦIурмил звангъи гIадин мугIрузда багъараб зурма-къолол бакънал къун ана нуцалил гьундузухъ. КIудияб рохалие данделъарал чIухIбузул къукъаби къватIал ккун рикь-рикьун жидерго бакIазде руссана. «Балагьеха ккун бугеб балагь… Гьобол цIуниялъул гIадаталде хвалчен бахъаразул кьибил тIагIинабизе ккола», – йилан ццидахун рукIана киналго.

## II

МоцI гургинлъулеб сордо рещтIунеб букIана ханасул гьундузда тIад. Росдадаса батIа тIун борхалъуда бараб хъала къаси гIажаибаб берцинлъиялда бихьулаан. ХъахIкьерукъаб моцIрол канлъухъе кенчIолел рукIана кIкIуй чIварал гIадал мачIуялъул гъатаз гьарурал къадал. КIиго гургинаб цилиялъ ккураб рагъи релълъунаан кIудияб шомелиялда. Гьеб берцинлъиялъе дагьабги цIикIкIараб гьайбатлъи ва кIодолъи кьолеб гIадин ругин кколаан моцIрол хIалакъал чIорал. Руччабазул гьаркьазул цIун букIана гьезие тараб кIудияб рукъ. БакI-бакIалда гIодор чIун жиде-жидер харбида рукIана гьел. Ригь арай, кIудияй гIаданалъ сихIкъотIиялъе квер борхана. Гьелъул гьурмада рекьарал рукIкIалабаз ва бихьиназулалдехун хисун унеб гьаркьица киналго гIенеккун чIезаруна.

– Дир хIисабалда метер къаси буго моцI гургинлъулеб сордо, – ян абуна гьелъ. Иргадал киназдего бер щвезабуна, жиндир хIукмуялда рази гьечIеб гьумер бихьулищали. Гьел мутIигIго гIенеккун чIун ругоан. – Лъил букIаниги гьелда щаклъи бугищ?

Руччаби щурщудана, гьаракь къватIибе бахъинчIого. Амма кIудиялда данде чIараб калам рагIичIо. Гьелъ хадубги абуна:

– Ясалда цадахъ ина кIиго дица тIаса йищарай гъарабащ.

Гьей, ургъулаго лъалхъана, «гьеб талихI киназда тIаддай къала кIудиялъин», – абун руччабазул щурщур баккана. Гьезул хIал бихьулей кинигин, гьалъ берал нахъеги гьезда тIад кьурдизаруна. Руччабазда гьоркьобе рехараб балъголъиялъ рекIее кеп кьолаан гьалъие.

– Меседо-бикаялда цадахъ ине руго, – гьалъ цойги нухалъ халатккун иргадал руччабазда речIчIизаруна берал, – ТIавусги Чакарги. Чакар йикIине йиго киналъулго удаман. Рагъухъабазул нусил бетIерасда лъазабун буго гьел цIунизе мухIканал тадбирал гьарейилан. Аскаралъул хасаб къукъаялъ цIунизе буго нуж рукIунеб бакI, Чакар. Чияр бер гIунтIизе бегьуларо гьенибе. Гьедин гьабичIони, нилъер мурад рагIалде бахъунаро, букIараб бачIараб гIадат тIубаларо. Гьазда гьоркьой бищун хIалбихьи бугей йигелъул мун, кинабго дуда лъазе ккола. БитIун гьечIищ, Чакар?

– Дица абилаан: гIадатлъун араб нилъер гьеб гьаруди хисизабизе мех щун бугилан…

– Чакар! – абун хъачIаб гьаркьидалъун кIудиялъ чIезаюна гьей. – Гьеб суал нилъеца бахIсалде босизе кколаро. Гьелъул гIадлу гьабулел батIиял руго. Дур иш буго бика гIурул рагIалдеги ячун, букIине кколеб гIадат тIобитIи. Гьанже киналго жиде-жидер ишалде журай.

Данделъарал жиде-жидер ишалде руссана.

– Чакар, мун лъалхъе, дарайдул гурдеги ретIе гьалда, горбода кагьродул маржаналги рай, - ян абуна кIудиялъ.

– Кинабго дуца малъухъе гьабила.

Гьеб параялъго, гьундул цIунулел аскаразул нусгояв витIун ана «моцIролай бика» унеб нухде балагьизе. МоцI гургинлъараб сордоялъул гIадат гьаниб тIобитIула гIемерал соназ. Гьелдаса нахъего бачIараб буго ханзабазул лъимал моцIрол канлъухъе гIурул чвахелазукь свердезари. Гьедин гьабунани, лъимал талихIалги, сахлъи щулиялги, халатаб гIумруялъулалги рукIунин абула. Амма моцIрол гIарцулаб канлъиялде накIкIуца рагIад рехизабунани, гьел хехго херлъулел, гIолохъанго холеллъун лъугьуниланги абула. Кинабго лъутIа-къотIун сардил гIужалда лъабалго гIурул рагIалде ана.

Хинаб риидалил сордо. Сверухълъи къалъизабун, жиндирго сахаватлъи дунялалъе бикьулеб букIана гургинаб шагьримоцI. Кибалиго ахикь гьештIолеб рагIула булбулхIинчI. Гьелда тIад рекъезабулел гIадин жидерго къагIидабазда чIирчIидулел ругоан цогидал сардил хIанчIиги. Гьоркьобго речIчIун, «гьу! гьу!» бачунеб рузил бакъанги рагIула.

Къокъабго хIадурлъиялдса хадуб Чакар моцIрохъ ялагьана. Сверухълъиялда накIкIул къатIра бихьичIелъул гьелъ байбихьизе амру гьабуна. Бикадаса тIадагьго, боржунеб хIинчI кинигин, бортун ана дарайдул гурде ва моцIрода цебе чIана ясалъул жеги барщун гIечIеб, балугълъиялде бахунеб хъахIаб черх. Киналъулъго бугоан узданлъи, гьайбатлъи.

– ТIавус, киса кибего щвезабун дуца гьаб чIагояб нах бикада бахе, ва, хъатаца гьелъул черх рагIа-ракьанде щун, дурусго лъухье, – илан гьалъ гунзари гьелъухъе кьуна.

ТIавусица, кIалги рагьун, цIодорго хъатинибе тIуна нах ва гъуждуздасан байбихьун лъухьана гьей. Халатаб, ризаб, кIургIараб бикал ботIрол рас букIана гьарзаго гьурщун бачIун, тIубанго мугъалда тIад рекIун чIун. Гьеб бихьарай Чакарица кIиябго квералъ данде бакIарун расгун бетIералда гьелъул гарацI гьабуна. Мех-мехалъ моцIроде бералги рехулаго, ТIавусица хIеренго лъухьана гьалъул гIолилал курмул, къамартIаб чехь, гIадраялъулал мачIаби. Цин-цин гьелъ рехулел рукIана махсароялъул рагIабиги:

– Гьанже мун росасе кьезе завалалде щвана. Керенги цIун буго, – янги абулаго елъанхъулаан.

Бикал тIулакьерал хIайранал беразулъ циндаго гучго гьалдон бачIана ццидал цIа. ЮхIуледухъ ТIавусихъ ялагьана гьей. Цинги кваранаб хъат гьелъул гьурмада кьабун балагьизабуна. «Вуйгь», – илан гьаракьги гьабун, ТIавус кара биххун, нахъехун кIанцIана.

– Дурго рукIелги, рукIниб бугеб бакIги лъан щай мун йикIунарей, хъартил рагIад! Дуца реханщинал рагIабазулъ дун хIакъир гьайи буго.

Гьеб параялъго Чакар гьезда аскIое щвана. Йихха-хочун, ккара-таралъе гIилла бичIчIизабизе лъугьана. Амма гьелъул сородулел кIутIбуз кьолеб суал я Меседуда, я ТIавусида бичIчIичIо. Давлаялда тIад речIчIизе хIадураб жанавар кинигин, гьалаглъун йигей Меседу, кIаркьенги ккун, гIодиладай-гIодиларodаян йигей ТIавус йихьарай Чакар цIакъго хIаладаса ана.

– Щиб ккараб, дир хирияй бика? – йилан ахир-къадги Чакарил кIалдиса бортун бачIана магIнаяб суал. Бика Чакарихъ ялагьана ва ТIавусиде кверги хьвагIун абуна:

– Лъица гIакълу кьун гьаб хIулараб хъазги гьанибе битIараб?!. Рилълъая нуж кIиялго доб хъархъида цере гIодор чIезе ая! Дица ахIизегIан нуж ругеб бакI дида лъазе тоге. БичIчIанищ? – абун кьварун лъазабуна ясалъ. – ХIажалъаралго дица нуж ахIила. Гьеле дир нужее бугеб амру!

Чакар ТIавусихъ ялагьун хутIана. Цинги, гьаракьги борхун, гъарабашалда гьикъана:

– Щиб хIажат гьечIеб жо дуца гьабураб?

– Щибниги гьелъул рекIелъ рекъоларeб жо абичIо, – ян синкъиялда магIица лъалъарал рагIабаз жийго цIунизе хIаракат бахъана ТIавусица. – ЦохIо дица абураб жо буго: гIайиб гурищха гьеб гьайбатаб барщараб микьир гIадаб черх ракь чиярасул къвалакье ине.

– БитIун кьабун буго дуда долъ. Мун щий кколей ханасул ясалда къватIул харбал рицине?

Дагьалъ гьезухъ ялагьунги чIун Меседу, кьурун юссун, гIурулъе лъугьана. Гургинаб моцIрохъги ялагьун, гъваридго угьунги биччан, гьалъ цойги нухалъ берал рехана бихьизабураб бакIалдехун кIвахIалго унел гъарабашазде.

Таманаб заман ана ясалъ гьел ахIичIого. РахIат хварай Чакар цIодорго яс чвердолеб бакIалде ялагьана. Сас-махIго гьечIоан. Кибалиго рикIкIада «гьу-гьа!» – йилан ахIдолеб, гьазда тIад белъанхъулеб гIадаб рузил гьаракь букIана. Чакар, сверухъеги ялагьулаго, гIурул рагIалде ячIана. ЯхI гьабизе кIвечIого гьелъ бикаде ахIана. Жавабалъе цохIо лълъел чвахиялъул сас букIана. РухI босарай кинигин Чакар ахIдезе жуяна. Нахъехун балагьарай гьелда гIодой чIаралъуй гьурмада кверaлги чIван пашманго йигей ТIавус йихьана. Ццидахарай Чакарица гьелде ахIи бана:

– Мун хIехь гIадин гьений щиб гьабулей йигей?! Нилъер Меседу тIагIун йиго! Гъанкъун ятила…

Гьалъул ахIиялъухъе екерун ячIана ТIавус.

– Йилълъая, хехго дол сверухъ ругел хъаравулзабазухъе екерея!

– ГьабсагIат, гьаб параялъ! – абун, ТIавус, гIедегIун галабиги росулаго, хъархъазда гьоркьоса доехун, сухъмахъ нух ккун гIедерго тIерхьун ана.

Чакар киса-киего ялагьана «Вуйгь, гьалъул гурдеги гьечIо гьаниб… Гьабулеб дарман щиб дица. Унго гьадинаб къисматищха дие хъван букIараб?!» – илан Чакарил бадиса гьоло гIадал магIил гарал гирана. Гьаюгьинан, жиндаго лъачIого гьаракьги борхун, гIодулей гьалда аскIоре щвана рагъухъабазул гьитIинабго къукъа. Гьел рикьа-къотIун гIурул мухъккун эхерехун ине хIадурлъана.

РогьинегIан бер данде бачинчIо, хъалаялъубе лъазеги течIого, гIодо-зодой тIагIарай Меседу ялагьулей йикIана гьаз. Ахирги гьанкъарай яс гIуруца ун ятилилан, гьез бика ялагьи тана. Амма бищун захIматаб суал букIана, лъица ва кин гьеб къваридаб хабар Ханасда бицинебали. Гьазул ракIчIун букIана гьеб хабар босун вачIарав чапар ханасухъа чIаго нахъвуссунгутIиялда.

## III

Жеги гьундузухъе щун букIинчIо ясалъул хIакъалъулъ чIегIераб хабар, ханасе гьеб рагьизе кIолев чи вукIинчIо. Гьалбалги нухда лъун, эркенлъарав нуцал,  гьарабашазул рокъове вачIана. Гьезул гамачI бекIкIун гьарурал гIадал гьурмал, берал рорхичIого, хIинкъадго ханасухъ ралагьана.

– Гьаб щиб магIирокъоб гIадаб ахIвал-хIал? Щай дие бицунареб, Гьумай, ясалъул балугълъиялде яхъиналъул гIадат кин арабали.

Гьумай хIинкъадго Чакарихъ ялагьана.

– Гьанже ячIая, Чакар, нуцалида цее, –  илан рагIилеб-рагIилареб хIалалъ абуна гьелъ.

Гьаниб бугеб хIал бихьарав хан халган валагьун хутIана. Гьасда ракIалъго бицана балагь рещтIун букIин. Гьаюгьинан ячIуней Чакарихьги валагьун, яхI гьабизе кIвечIого, гьас гьаракь борхун абуна:

– Щай дие рагьулареб нужер пашманлъиялъул бальголъи?

Гьеб лахIзаталъ, кIазил гIиншалъ гьумерги бахчун, кIудиял гьаркьалги гьарун, гIодана Чакар. Накабаздаги ккун, хъатаз чIабар бухана.

– Нужеда мацIгойищ гьечIеб, щай кIалъаларел? –  ян ахIдана хан.

– Дида щибниги гIайиб гьечIебха, дур бетIерчIахъаяв нуцал, –  абун гьарулеб гьаркьица жийго цIунизе жуяна Чакар.

– Цин дие, сундул гIайибаялъул дуца бицунебали щай абулареб!.. – ан ццидахана хан.

КIалдибе лъим босараб гIадин юцIцIун чIана Чакарги. Цинги рекIеде вачIун, гьас абуна: –  Бика кий йигей?

– Гьаниб дир гIайибалъул къатIрацин гьечIо, дуе гIумру халалъаяв нуцал. Гьале гьаздаса тIалаб гьабизе ккола гьелъие жаваб, –  илан гьоркьосанго ккараб лъалхъиялдаса хадуб Гьумайица квер хьвагIана аскIор рукIарал руччабаздехун.

–  Нижер тIадегIанав нуцал, Меседуца ниж гIурул рагIалдаса рачахъана, –  ян жиндего гирулеб бакIаб гIайибалда цебе хIетIе лъезе жуяна Чакар.

– Щай нуж гьелъ рачахъарал? ГIилла щиб букIараб? – абун добго гьалдеялда вукIана хан. ТIуркIун ячIарай ТIавусица абуна:

– Дора рикIкIада чIайилан гьурмалъ хъатцин бана бикаца…

– ГIадада хъатал гIадамазул гьурмалъ ралей яс гуро дир йигей, –  абун

калам къокъ гьабуна нуцалица. – Гьанже яс ялагьизе дица амру гьабила дирго мутIигIал лагъзалерие. Гьумай, мун дурго ишалде а. Нуж кIиялго ясалъул хIакъикъат лъазегIан хъалаялъул гвандинире ралагьизарила дица… Хъаравул!

Ханасул гьаркьихъе жаниве вачIана бецIхъахIилаб чухъа ретIарав, зурбаяв рагъухъан.

– Гьай кIияйго жанир тIамизе раче ва дир цIияб буюрухъ тIаде щвезегIан туснахъ гьаре, – абун къокъго лъазабуна нуцалица.

– ГьабсагIат тIубазабила, тIадегIанав нуцал, – илан хъаравулас абидал, Чакарги ТIавусги ханасда цере накабазда ккана ва гьаркьал гьарун, гьардейги гIодиги жубан, ахIдезе лъугьана. Нуцал кьурун гордухъехун вуссана. Гьел рокъоса ун ругищалиги балагьун гьес магIихарал берал мокърокье руссинаруна. Гьасул рекIелъе лъугьунеб букIана ккараб кIудияб балагьалъул магIна. ТIоцебе гьасда ккун букIана гьеб махсара батилин. Гьанже гьелъул бакIлъи гIадалъе лъугьиндал, лъай-гIакълуялдаса ине дагьалъ хутIана. Гьурмал кьер босун ана, черх сородана. ГIантлъарав чияс кинигин кверал эхеде рорхана:

– О-о, нуж тIадегIанал зобал, ракьалде рортичIого кин нуж хутIун ругел! Кинаб дир такъсир бихьун дие гьаб бакIаб тамихI гьабураб?! – абун гIек-гIекиялда гIодана нуцал. МагIица дагьаб бигьалъиялде нух рагьидал, нуцал сверухъ валагьана. Амма рекIелъ багIарараб хIаралъун бухъардилеб букIана ясалъулгун букIараб накъит, гьанже гурони гьелдаса ракIбухIи лъачIеб, хъачIаб кIалъай. «Унго дица хIалалъ росасе кьолей йикIиналъцин гуродай бика гIажал балагьизе тIамурай? Йохъ! Гьеб батизе рес гьечIо! Долъул рекIелъ ругъун лъолеб цониги гали тIамичIо дица. Дица гьуинго бицана, малъана, лъикIаб нухде регIулей йикIана…» Жиндирго пикрабазе цин мутIигIлъулев вукIинчIо хан. Васвасданиги гьеб доб лахIазаталъго нахъе бачахъулаан, аскIобе къазе толароан. «Гьаб кинабго баччизе дидеги рехун, хабалъе ана лъадиги. Щиб дица гьабилеб, кинаб рахъалдехун гали босилеб?!»

– ТIадегIанав БетIергьан, мун дида тIаса лъугьа, къварилъиялъ рагIад рехизабунин дир гIакълуялде, – абун гIедерго гьас кваранаб кверalъ жиндаго цебе хъанчил гIаламат гьабуна. Цинги чIухIараб чухъида кверал рахъана, тавакалго рагъидехун вачIана.

## IV

Анкьалда жаниб цедер чIвазе бакI хутIун батиларо Меседу чвердолей йикIараб бакIалда сверухъ. ЛъетIахъабаз эхеде сверана, эхебе гелана, гIурулъ рукIарал ганчIил щибалда гъоркьецин ракканин абизе бегьила. Амма гьеб ахIуд рахъиналъ ясалъул къисматалъул жавабалъе гьитIинаб гордоцин къиричIо. Балъголъиялъул тIокъода тIерхьун ана гьеб кинабго. Лъалаго хъахIлъун ун, херлъана нуцал. Цебесеб чIаголъиялъ тIубанго квер хьвагIанин кколеб букIана. Нуцалил божарав аскаралъул бетIер Шарунил малъа-хъваялда рекъон, Гуржиялде витIун ана хасаб тIадкъайгун чапар.

Мех-мехалда нуцал гьавугьинан гIурул рагIал сверизе вачIунаан. Ва гьасда бихьулаан бетIер хъахIлъарал гIурул карачелал зазихунги рачIун рагIаллъабазда щущалел куц. РагIулаан гIурул даимаб цокIкIалаб

бакъанлъул угьдиялда релълъараб хъуди. Таманалго рукIкIелаз хьухьараб гьумер дагьабги къваридго, ургъелаз асар гьабун унаан. Сахлъи гьечIеб ругъунлъун гьасул рекIелъ букIана гьеб кинабго. Гьасда гурхIарав Шаруница гьасул рекIелъе цIияб гьури пулеб гIадин, гьесул пикраби пашманлъиялдаса руссинаризе хIаракат бахъулаан.

– Мунго дуцаго чIваге, хирияв нуцал. Дида ккола додинай жигарай, гIедерай яс гъанкъизе рес гьечIин. Щиб лъалеб, цо пуланаб бакъулаб къоялъ яккун ячIине бегьула гьей дур кIалгIабазухъе, – ян гьав хIайран гьавулеб къагIидаялъ гьуинго абулаан гьес нуцалидехун. Уйилан ккун, гьел рагIабаз лъалхъизеги гьавун, нуцал гьесдехун вуссунаан ва лъалаго ханасул беразулъ канлъи кунчIулаан.

– Гьедин букIарабани, гьей цеего ячIине мех щун бугоан, – илан хан рикIкIадал мугIрузде валагьана ва гIодове виччан тIадеги жубана: – Гьей ячун вачIарав чиясе кьелаан дица гьей.

– Гьеб дуца гIакъилго абуна, бетIерчIахъаяв нуцал, – илан гьесул ракI батизабизе жувана Шарун. ХIакъикъаталдаги иш гьедин лъугьунеб бугеб гIадин гьес гьикъана: – Гьев цIакъго язихъав, пайда гьечIев чи ватанигищ, тIадегIанав нуцал, дуца бика гьесие тезе йикIарай?

– Калам тун тIубазе букIана, – абун гIодове виччан абуна ханас. Циндаго кьурун гьесдехунги вуссун, кIваркьун гьесул бадиве валагьун чIана гьев. – Дир рекIел ругъун гъварид гьабизейищ мунги лъугьарав?

– ГIайиб гьабуге, хIалкIолъи кIудияв дир нуцал, – ан, гIедегIун жиндихъаго борчIараб гъалатIалда гъалай биччазе лъугьана гьев. – Дида ккун букIана дир каламалъ дур рекIелъ бусен лъураб къварилъи биххун инилан. Цойги нухалъ гьарула, мун дида тIасалъугьа, бетIерчIахъад.

– Мун дир аскарилазул бищун божарав рагъухъан вукIиналъ дица духъе кьун руго кIудиял ихтиярал. Амма кинаб борхалъуде мун вахинавуниги, гьабулеб ишалъулъги, бицунеб рагIульги гIорхъи цIунизе ккола, – ян насихIат гьабуна ханас гьесие.

– КIудияв нуцал, дица киданиги биччачIо дур къадруялде рагIад рехизе. Гьелъие хIалтIулезулги чамги бетIер гъуждаздаса гирана…

– Гьеб дида лъикI лъала. Мун дие мутIигIав вукIиналда ракI чIечIебани дица дуе гьединал кIудиял ихтиярал кьолароан. ХIатта, дир цIаралдаса амру гьабизецин тун вуго мун дица.

– Гьелъухъ дуе кIудияб баркала, тIадегIанав нуцал, – абун нечадго абуна Шаруница.

– Гьа, гIела гьелъул бицараб, – илан нуцал нахъеги долго гIурул карачелазухъ валагьана. Гьел цо рагIаллъуда тункула ва низам биххун, рихха-хочиялда тIагIун уна. «Гьедин гуродай нильер гIумруги гIуцIун бугеб. Сундеялиго хIаракаталда жигаралда рукIуна, амма тIоцебесеб дандчIвараб сангаралъ сукIизабула кинабго». Цинги цо дагьаб мехалъ гIенеккунги чIун, бакIго угьун биччана ханас.

– ЛъикIав чи вукIана дур эмен, Шарун. Махщел тIокIав гIарцул устарги вукIана дов. Чамго берцинаб тIагIелалъ тIубанго дун рази гьавун вукIана дос. КIиго лъагIелниги ун батила дос дунял таралдаса нахъе.

– Лъабго сон гургинлъулеб буго, дур бетIерчIахъад, – илан абуан хIайранго гьасухъ гIенеккарав Шаруница. Гьасул рекIелъе гьоцIо тIинкIанин ккана ханасул каламалъ.

– ГIолохъанавго… АнцIила анлъго сонищ дур букIарабали, доб мехалъ гIарцул сайигъатги босун, мунги вачун вачIана дов дихъе.

– Дида жакъа гІадин ракІалда буго, тІадегІанав хан, гьеб дандчІвай. ТахбакІидасаги вахъун дуца дир гъеж-квералъул хал гьабуна, горбода дурго гучаб квер бана ва «гьадинал дие бегьула» – янги абун, калам тун хъулухъалде восана.

– Сонал унел руго, дунги херлъулев вукІинарищха… Гьанже дир бищун ракІ бухІараб жо буго ясалъул хабар дур инсуца бициндал, дица инкар гьесие гьабун букІин… Хасго гьанже дой цееса индал дир каранлъ багъулеб буго гьеб. Доб мехалъ дир хиялал, къасдал цІакъго гьаваялде рорхарал рукІин дида гьанже гурони лъачІо. Гьелъ батила ТІадегІанав БетІергьанас дие гьаб гІасияб тамихІ гьабураб.

– Араб гьанже нахъбуссинаро, дир хирияв ва тІадегІанав нуцал, гьеб пашманлъи ракІалде щвезабичІого тун лъикІ.

РекІел ссуди сасунеб букІинчІо. Ургъелазул гъварилъиялъ гьанкъулев ханас чуял тараб рахъалдехун галаби росана. Гьесдаго хадув нуцалил рагІадлъун лъугьарав Шарунги ана.

## V

Гьелдаса нахъе батІи-батІиял лъугьа-бахъиназ цІураб лъагІел гургинлъана. ХъахІлъун херлъун лъугьарав нуцалил беразул кунчІиги, каламалъул бегІерлъиги ссун унел рукІана. Цо пуланаб къоялъ Шарунил чапар вачІана гьасухъе. ХІурматалда къабул гьавуниги, нуцалил рекІелъ пирхана ццидалаб пикру.

– Щиб живго дихъе вачІине чІухІунищ вугев Шарун? – илан абуна гьас. – Гьанже жиндирго нуцал малъиего гьавиялдаса унищ дов вугев?

– Дур бетІерчІахъаяв нуцал, Шаруницаги гьесул лъадиялъги дун витІана дуда гьаризе, гьезул васасда цІар лъезе вачІайилан, – чапарас гІедерго ва якъинго ханасда цебе лъуна живго вачІиналъе гІилла. – Дос гьарана жинда гІайиб гьабичІого тейилан…

Нуцалица хІикматал суалазул цІурал жиндирго берал гьасда речІчІизаруна. КвегІаб кверги гІарцул хонжрода тІад лъун гьав чапарасда аскІовегІан вачІана.

– ВахІ, чІужу ячун йикІарайищ Шаруница?

– У, дур бетІерчІахъад.

– Дун берталъе ахІун вукІинчІо гури гьес?!

– Гуро, дур бетІерчІахъад, дида жакъа гІадин ракІалда буго Шарунгун цадахъ ниж духъе щвей. Амма мун магІарде чанаве ун ватана нижеда.

– Чукъбуздаги кІочон батилаха дида абизе… Гьеб нилъеца гьанже бецІилаха. Васасда цІар лъезе кидалха гьес данделъи гьабулеб бугеб?

– Гьеб цохІо цІар лъей гуреб, тІубараб бертин гьабизе къасд буго дур мутІигІав аскариласда. Гьайгьай, дуца гьелъие квербакъи гьабуни. Гьебги байбихьизе буго сезе радал.

Нуцал, чІухІадго къвалакъ цояб кверги чІван, чапарасда цеве хьвадана. ВитІунчи хан араб рахъалдехун, бакъдебус канлъухъе гІадин, хадув валагьун вукІана. «Унго, инкар гьабиладай нуцалица?» – абураб пикруялъ рахІат хвезабун букІана гьесул. Нуцал циндаго гьесдехун вуссана ва борхизабун гьаракьгун жиндирго хІукму загьир гьабуна гьас. Чапар, гьасул берал тамахлъун рихьидал, жанисанго хинлъизе лъугьана.

– Дун хІадурав вуго дир мутІигІав рагъухъанасул амру тІубазабизе, – абун гІатІидго гьимана гьав чапарасе.

Кьурал сайгъаталги росун, къваригІел тІубаялдаса вохарав чапар, разиго росулъе тІадвуссана. Гьев вачІиналъухъ валагьун чІун, рахІатхун вукІарав Шарун, сверулъа рекІарав ваккидал, хинлъун вачІана. АскІове щолаго чапар тІадагьго айгъиралдаса гъоркье кІанцІун вачІана. Гьесухъ валагьун Шарунида бичІчІана жиндир тІадкъай гьес тІубан букІин, нуцал васасда цІар лъолеб берталъе вачІине вукІин.

– Кинабго тІубанаха… – абун гьасие рагьизехьин вукІарав чапар гьимулаго чІезавуна Шаруница.

– Дида бихьулеб буго гьеб кинабго. Дур каламалдаса цебе хасияталъ рагьана дие гьеб. Гьанже мун сваканги ватила, вакъунги ватизе бегьула, хІухьбахъизе а.

Шарун пикрабазда азбаралъув свердана. «Дур хьулал халатал руго, Шарун, хиялал гьарзаял руго… Гьаб кинабго киндай нуцалица къабул гьабила?..» – илан рекІелъ хІенсолел васвасдиялъул бегІерал пикрабаз кодове восулев вукІана гьав. «Дунго вачІинчІого чапар витІунилан ханасул рекІелъе чІегІераб рагІад рехун батиладай? Гьелъие жаваб хадуб батилин», – абун жиндиего тавакалги гьабун, Шарун оц ччукІунел гІолохъабазда аскІове вачІана.

– Гьанал ишги нилъеца жакъаго тІубазабун тела, – ян квералги кІвекІулаго гьасда аскІове вачІана эбелалъул вац МикагІил.

– Гьеб цІакъ лъикІ букІинаан, имгІал. Дида лъала гьаб кинабго дуца рукІалиде бачинеблъи. Нуцалие бокьула гьарзаго къанцІаялъулъ босун бежараб гьан…

– Гьеб нилъеда дудаса лъикІ лъалин, Шарун, дуда ургъел ккоге.

КІалдиб ккараб лъимги къулчІулаго, Шарун болъодухъа тІаде вахун ана васги эбелги ругел рокъове. Гьанже кивехун аниги, гьасул пикру рокъовехун буссараб букІана. Гьав, сверухълъи борцунев чи гІадин, азбаралъухъ валагьана. Гьеб сверун лъурал чІалабазда тІад берцинго, мухІканго тІамун ругоан чІедерал халичаби. Дагьалъ добехун батІа тІун гьабун бугоан сухІматчагІазеги бакІ. Бигьародул гъутІбуца рачел къараб гІадин сверун ккун бугоан жибго азбарги. Беричаб тІабигІаталъ рекІелъе дару тІинкІараб гІадаб рахІат кьолеб бугоан данделъиялде хІадурлъи гьабулезе. Рохелалъ жанив цІурав Шарун гІатІидго гьимана ва гІедерго рокъове лъугьун ана.

ЦІараб заманалде нуцалида дандчІвазе гьабураб хІадурлъиялда рахІатхун азбаралъур ралагьунчІун рукІана киналго. Щивасул бер доба рикІкІада, росулъе буссараб свериялда букІана. Игитазда гъоркь заназдулел хІалуцарал чуязго бицунеб букІана байрамалде байбихьизе мех щолеб букІин.

Циндаго сверулъе раккун рачІана нуцалги гьесул чІухІбузул къукъаги. Гьаниб зоб кодобе босарал гьаркьаца азбаралъуб гІадамазул гьелчей лъугьана. ЩвантІихги къалиги лалабиги цоцада къацандулаго бакъназ сверухълъи цІезабизе журана. Къадруял бихьиназул къукъа сухІматалда хадур рилълъана. Херав хъахІаб магжил Гедуч гІандаркаялъул цІураб щагІил парччигун цеве тІамуна. Гьесда хадувго Шарунги вилълъана. КватІичІого гьалбадерида гьазул къукъа дандчІвана. Херас чІобогояб чингил ккураб квер борхана. Циндаго бакънал къотІана. Хан, гьимулаго, Гедучил жигарчилъиялъухъ панаго валагьун хутІана. Херас, гІедегІун, чингилалда жанибе тІуна кьвахараб жо. ТІаде рачІунел лъалхьана. Нуцал чодаса рещтІана. Гьес гьабураб цадахъ ругезги такрар гьабуна.

– Мун нижее даимго чІаго хутІаяв, бетІерчІахъаяв нуцал, – илан Гедучица байбихьана. – РакІбацІцадго гьаб лълъар духъе кьолеб букІин

бихьизе ва гьалда жаниб хIилла-хIарам гьечIолъи дудаго бихьизе тIоцебе дицаго гьекъелин.

Нуцал, разиго гьурмада гьимиги бекьулаго, херасухъги валагьун чIун вукIана. Гедучица, гIедерго щагIил паччиялъусаги тIун, чингил хулана ва додинго цIезеги гьабун гьеб хIурматияв гьоболасухъе бегьана. Нуцалица адабалда лълъар кодобе босана.

– КIудияв чи, дица нужер росдае сайигъат гьабула гьаб лълъарал тIинда хутIарал къатIрабигIан гIемераб пашманлъи, гьаб роцIараб зоб гIадаб гIумрудул рохелги, – йилан нуцалица циндаго кIалдибе чIехьон ана чингил. Хадуб, сверухъги валагьун, гьас хъатинибе тIинкIизе щубцин хутIун бугищали киназдаго бихьизе гьеб кIала-гъоркье буссинабуна. КъатIрацин батичIо.

ГьалбадерихъагIолилаз рачун ана чуял, гьалги цадахъго чуязда хадурго азбаралъуре лъугьана. Азбаралъуб кIийиде рикьун ана дандчIвазе ун рукIарал. Цо лахIзаталъ гьаниса тIагIарав Шарун кодоб лъимерги ккун болъодухъа гъоркье лъугьун вачIана. Гьев нуцалида цеве эхетана. Нуцалида баркулеб гIадин гIодиялъул гьаракь биччана гьитIичица.

– Дур бетIерчIахъаяв нуцал, гьалеха гьитIич Булачица жиндихъе гьоболлъухъ вачIин чIухIадго баркулеб буго дуда. Нижер хирияв нуцал, дица дуй гIемер ракIунти щвезе гьабуна. ЛъагIалида жаниб мун анцIго соналъ херлъун ватила. РакI бекараб балагь букIана дуда рещтIун. Гьанже цо дур тIагIарай ясалъул бакIалда лъабгояв чIела дуда цере… Азбаралъуе яче дир лъадиги! – ян минаялдехунги вуссун, борхун ахIана гьес.

Нуцал, щибниги бичIчIуларого, эхетун хутIун вукIана. ЧIухIби балъго цоцахъ ралагьун, жиделъго щурщудана. Рагъидаса гъоркье лъугьун ячIана доб ахирисеб нухалъ инсуда бихьараб дарайдул гурдеялъулъ ва гIарцул курхьенгун нуцалил яс Меседу. Нуцал долъухъ валагьана ва халган хутIана. Гьесда ккана цебетIамицин гурищ гьаб кинабгойилан. Амма гьаб кинабго букIана хIакъикъат. АскIое щварайго Меседуца инсул чухъил гIиншалда баана ва наказабазда ккана.

– ТIасалъугьа, дада! – абун борчIана гIакълуялдаса уней гьалъухъа. Нуцалги гIакълуялде вачIунев вукIинчIо. Яс яхъинайизецин гьев рекIеда ватичIо. ЧIухIбузул цояс тамахлъарав гьев ккуна, кIигояс Меседу тIаде йорхизаюна. Шарунил, гьелде тIадеги къулун, гьабулеб гьуинаб каламалъ Меседу йорчIизаюна.

– Гьаб гIакъубаялде дун рехичIого дие кинабго рагьизе кIолеб букIинчIищ цебего дуда? – ян ццидахана нуцал.

– Думалъго нижее хутIаяв хан, дир цо гурони бетIер гьечIо. Гьебги дуца ццидал хвалчаца гъуждуздаса гиризабун букIарабани, дуда цере жакъа я Меседу, я Булач, яги дун рукIинароан… – илан гIодове валагьун абуна Шаруница. – ХIасраталъул цIаялъ вухIулев дица кин гьай исиблъиялде йиччазе йикIарай…

Рокьул асирлъуда унтарав дица цо гурел гIемерал гIунгутIаби риччан ратила. Гьале, дуда цере ниж лъабалго – хIукму дуцаго къотIе, къадруяв нуцал.

– Унго гьав ирсилавги дир ккола гурищ? – илан гьитIичасдаса берал росичIого, панаго валагьун хутIун вукIана нуцал…

◇◇◇◇◇◇◇◇◇◇◇◇◇◇◇◇

# Критика ва библиография

## ШАГӀИР НИЛЪГУН ВУГО

2013 соналъул марталда, республикаялъул Расул ХӀамзатовасул цӀаралда бугеб Миллияб библиотекаялда, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ тӀобитӀана поэт ГӀумар-ХӀажи Шахтаманов гьавуралдаса 80 сон тӀубаялде шагӀир ракӀалдещвезавиялъул данделъи.



Къо бачӀана МахӀачхъалаялда квачараб, пулеб букӀана цӀорораб гъури, къватӀахъ рукӀана хӀорал. Щаклъи букӀана гьеб данделъиялде вачӀунев чиго ккеладаян. Амма рахӀатхвей гӀададисеб батана. Библиотекаялъул залалда гьеб къоялда киназего гуро гӀодор чӀезе бакӀ букӀараб. Гьелъ нугӀлъи гьабулеб букӀана Шахтаманов ГӀумар-ХӀажил гьудулзаби цӀакъ гӀемерал рукӀиналъе, гьесул творчество гӀадамазе бокьулеб букӀиналъе.

ГӀемерав чи кӀалъазе вахъана гьенив ва жеги хӀисабалде росун рукӀинчӀелги, лъазего лъаларелги. КӀудияб гъираялда гьез бицана ГӀумар-ХӀажил гӀумруялъулги шагӀирасул гьунаралъулги. Бицана гьесулгун ккарал лъугьа-бахъиназул хӀакъалъулъ ракӀалдещвеязулги.

Киназулго кӀалъаязулги ракӀалдещвеязулги магӀна букӀана Шахтаманов ГӀумар-ХӀажи Дагъистаналъул адабияталда хасаб бакӀ ккурав, гьеб цебетӀеялъе ва бечелъиялъе гӀемераб хӀалтӀи гьабурав, гьунар бугев, кӀудияв шагӀир вукӀанин абураб, гьесул гьайбатал асаралги гьесул цӀарги гӀелалъ гӀелалъухъе кьун, даимго хутӀизе рукӀин тасдикъ гьабурал.

Шахтамановасул рахӀат лъалареб ва хӀасраталъул цӀураб рекӀел кьаби къотӀаралдаса къоло анкьго сон доб заманаялде ун букӀаниги, сонги цадахъ вукӀарав чиясул хӀакъалъулъ гӀадин, рецц-бакъалъул рагӀабаздалъун бицине гьев мустахӀикълъана, ТӀадегӀанас тӀокӀ гьабун кьураб гьунаралъулги гьелдаса пайдаги босун, гӀуцӀараб адабияталъулги баракаталдалъун.

КинабгӀаги чӀванкъотӀараб хъулухъ-ишалда вукӀинчӀониги, Шахтамановасул букӀинчӀо тӀадчӀун хъвадарулеб, жиндирго гьунар цебетӀезабиялъе жигар бахъулеб, махщел камил гьабиялде кӀвар кьолеб хасият, кигӀан художествияб рагӀулги художествияб асаралъулги магӀна ва къимат гьабулев чи гьев вукӀаниги. Гьев хӀалтӀулаан жиндирго эркенаб хасияталдаги эркенаб гӀумру гьабиялъул къагӀидаялдаги рекъон.

Шахтаманов ГӀумар-ХӀажица 1955 соналда лъугӀизабуна Москваялъул Ломоносовасул цӀаралда бугеб пачалихъалъулаб университет, дагъабго заманалда хӀалтӀана «БагӀараб байрахъ» (гьанжесеб «ХӀакъикъат») газеталъул редакциялда ва Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда

Гьесул тIоцересел кучIдул «БагIараб байрахъ» газеталдаги «Гъудуллъи» альманахалдаги рахъана гьев жеги университеталда цIалулеб мехалдаго. Гьесул кучIдузул тIоцебесеб «Нухда» абураб тIехь бахъана 1957 соналда Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялда. Хадурккун Дагъистаналъулги Москваялъулги издательставабаз къватIире риччана «ГIарцул лъарал», «Харил квацIи», «ГIаздада цIаял», «МугIрузул тIогьазда гIазул бацIцIалъи», «ГIадатияб кечI», «Эхеде нухда», «Иццухъ», «ДандчIвай», «МугIалимги мутагIилги» абурал ва цогидалги – кинабниги 13 тIехь.

Шахтаманов вукIана гIадатияв гурев инсанги гIадатияб гуреб гьунаралъул шагIирги. Рорхатал мугIрузул росулъ живго гьавуниги, гьев магIарухъ хутIичIо: гьитIинго гьев вукIадго, гьезул Мокъсоб росу гочинабуна Чачаналде, гьенив цIалана школалдаги. Гьединги батила, магIарухълъиялде, гIагараб ЧIарада районалде гьесул буссин гьечIеб чIалгIенги къеч хьвалареб рокьиги букIараб. ГIумар-ХIажил ракI кидаго, живго кив вугониги, магIарухъ букIунаан. Гьелъул бицуна гьесул тIолабго творчество магIарухълъи гъорлъ бессараб букIиналъги. Гьесул гьединал асарал гIемерал руго: «Дагъистан», «МагIарухъ хурзал», «Мурад, «Ханжар», «ГIандадерил хIор», «АхIулгохIда пикраби», «Сардилъ магIарухъ хъвараб кечI», «Иццухъ гамачI», «ГодекIан», «Унге, къо», «ГIухьбузул пикрабазда», «Сардилъ», «ГIумарил кечI», «Чуязул малакьги…», «МугIрузул кIкIалабахъ…», «МугIрузул тIогьазда гIазул бацIцIалъи» (поэма) ва гIемерал цогидалги асарал.

**ГIурччинал гохIазда хурхун рехъаби,**
**Хириял кьурабалъ кьурдулел чундул,**
**Зобазул хъахIилаб океан къотIун,**
**КъвекIаб цIум цIабуцIун лъедолеб буго.**

*(«ЦIумалъул рагIадгун рагъулел гьаби»)*

**Лъедерабго рагIдукь, гIурччинаб хартIе**
**ГIинтIидул гъотIокье буртина рехун,**
**Анищазда гуро – дур хиялазда**
**Дун, гIумру, цо гохIикь Дагъистаналда.**

*(«Дур ургъалида»)*

ГIумруго мугIрузда, гIалах-туралда арав чиясдагIанги лъикI лъалеб буго Шахтаманов ГIумар-ХIажида магIарухълъиги, гьелъул тIабигIат-гIамалги, берцинлъиги ва гьеб кинабго кучIдузулъ цIалдолезда цебе чIезабизеги.

Гьеб гьесул я хIалтIул къагIидаялъул цо бутIа, яги цебе лъураб масъала гуро. Гьеб буго гьесул гIагараб ракьалде, ватIаналде рекIел кидагосеб бухьен, гьесул поэзиялъул бакъан, рекIел хIасраталъул ахIи.

Гьеб пикру ритIухъ гьабиялъе гьаниб рехсезе мустахIикъаблъун бихьула «НухтIа» абураб гьитIинабго кечI. Машинаялда цадахъ вугев чиясда поэтас гьикъулеб буго:

**Къаси бусатIацин макьу букIинчIин,**
**КIудияб сапаралъ ине гьира ккун.**

**Амма гьанже щайдай, росу толаго,**
**РахIат хвараб куцалъ ракI пашманлъулеб?**

Херас жаваб кьола:

**Дир вас, лъикIаб бухIи лъан буго дуда,**
**Дуе мун гIураб бакI бокьулеб буго.**
**Гьеб бухIи кидаго каранлъ цIунани,**
**Гьеб пашманлъи рекIелъ свине течIони,**
**БецIал сардаздаги накIкIил къоязги**
**Къосинаро дур нух инсул росулъе.**

«НухтIа» ккола Шахтамановасул гIолохъанаб мехалда, хъвадарухъанлъиялъул байбихьудаго хъвараб кечI. Херас, балъго лъалев чияс гIадин, абулеб буго «БецIал сардаздаги накIкIал къоязги, къосинаро дур нух инсул росулъе», – ян. Амма лъолеб буго цебе шартIги: гIураб бакIалде рокьул «бухIи кидаго каранлъ цIунани». Узухъда, чIобого щибгIаги букIунаро. ГIадада гуро авторас херасул кIалдисан гьеб тIалаб кочIол багьадурасда цебе лъолеб бугеб.

Жакъа къоялда нилъее бищунго машгьурал ва рокьулел кучIдузда гьоркьоса цояб ккола Шахтамановасул «Къаралазул гIор» абураб кечI. Гьеб лъугьана къаралазул чIухIилъунги гимнлъунги. Гьезул чанго чи гIахьаллъараб рохалилаб данделъиялда чара гьечIого ахIула гьеб кечI – данделъи я байбихьула гьелдалъун, яги ахир лъола.

КочIое тIаса бищараб тема гъваридго рагьизе ва рекIел мурад, яги, абизин, жиндаго цебе лъураб масъала камилго загьир гьабизе рес кьолеб махщелги гьунарги авторасул букIин берцинго бихьула гьеб кочIодаса. ГIумар-ХIажил гIумруго букIана гьелчолеб, хьудулеб ва хIаллъи лъалареб мугIрузул гIоралда релълъараб. Гьединаб гIоралда релълъараб, гьединаб авторасул гIамал-хасиятги, рекIел жанги, хIасратги рагьулеб буго кечIги.

«Къаралазул гIор» – гьеб гуро цо чияс, гIодовеги виччан, берцинго ахIулеб гIадатияб кечI. Гьелъул къисмат гьелъие мустахIикъаб ва ритIухъаб ккана – чангояс цадахъ ахIун гIумруялде бахъин ва машгьурлъи. Гьеб буго битIахъе гьедин ахIизе бижараб, кагътиде рагIаби росулев чи шагIир Шахтаманов ГIумар-ХIажи вукIаниги, цо хасаб амруялдалъун хъвараблъун бихьулеб. КIудияв шагIир – дида гьедин абизе кIола – ГIумар-ХIажица гьеб хъвараб буго кочIолаб рагIул гучалдеги жиндирго шагIирасул устарлъиялдеги хьул лъун, гьезде божилъигун, таваккалго.

ГIор! Гьеб рагIудалъун нилъеца загьир гьабула гуч, залимаб къуват, гьалагаб тIабигIияб, къеркьеялъулаб хасият. ГIор гIорлъун бижуларо – гIорлъун гьеб лъугьуна, гIемерал иццазул лъинал цолъун гIурал гIемерал лъарал журан. ГIурул букIуна халкъазулго гIадаб цадахъаб рижиги хасиятги. Гьеле гьеб «цадахъаб» абураб магIнаги кьочIое босун (кочIолъ гьеб рагIи гьечIониги), социалияб магIнаялда хъвараб буго кечI. Халкъазул цолъи, гъунки, рекъел абураб рекIел ахIиялда гьоркь.

**Чалухаб Къарал гIор Авар гIурулъе,**
**Инсухъе вас гIадин, гIедегIун буго.**

ГьитIинаб Къарал гIор кIудияб Авар гIурухъе гIедегIун буго… гIедегIун буго, «Инсухъе вас гIадин!» Шахтаманов ГIумар-ХIажица тIокIаб батIияб куцалъ абизеги букIинчIо!

Халкъазул (гIадамазул) гIумруялъул ва рукIа-рахъиналъул берцинлъиги, талихIги, рохелги – кинабго цолъиялъулъ, гьудуллъиялда цадахъ рекъон рукIиналъулъ букIунилан аби гьанже басралъарал рагIабилъун рихьизе бегьула, амма гьелъул бицине кидаго хIажалъи букIуна. Лъалеб жо – халкъалъул цолъиялъе, ракIазул жураялъе гIорхъи букIунаро. Жидерго гьитIинаб гIор цогидал гIоралгун цолъиялде гIей гьабулеб гьечIо кочIол авторас – гьеб цолъизе кколеб буго гIатIидаб, гъваридаб, бечедаб, къуватаб ва, гIеме-гIемерал гIоралги цолъун, лъугьараб Каспи ралъадгун. Амма шагIирас рахIатхун лъазабулеб буго: цолъе «Кидаго мугIрузул хасиятги цIунун, магIарул халкъалъул ияхI кинигин, кибниги къуркьичIого…»

Кивехун аниги, кив гIумру гьабун вугониги, кинал гIадамазда гьоркьове кканиги, чи чилъун вукIине ккей гуребги, жиндир халкъалъул, жиндир миллаталъул вакиллъун вукIин – гьеб ккола тIадаб налъи. Гьединин авторас гьеб рагIуда тIадчIей гьабулебги бугеб.

Шахтаманов ГIумар-ХIажил букIана рекIараб цIа гIадаб хасият, кидаго хIалакараб, биччараб гIор гIадаб, хIалакун гьечIониги, аскIобго бугеб шагьра тун, сухъмахъалъ унеб. Гьединаб букIана гьесул гIумруго ва кучIдул хъвалеб къагIидаги.

**Дагъистан,**
**Дудаса рикIкIалъаравго,**
**РакI духъ урхъун бугин,**
**АнцI– анцI кечI хъвана.**
**Амма гьел киналго**
**Дица рихъана,**
**Дур гохIил каранда**
**Керен цурабго.**

Шахтамановасулаб «согIлъиялъул» ва гьебго заманалда лъимадулаб хасияталъулги хIеренлъиялъулги махI чIвала гьеб кечIалдаса. ШагIир сапаралъ унев вуго, унев вуго гIагараб ракьалда ракIги тун, ва гьес жиндирго рекIел асар загьир гьабун, кучIдул хъвалел руго, цо-кIиго гуреб – анцI-анцI кечI. Амма гIагараб ракьалде тIадвуссарабго, эбелалъул каранда лъимер кинигин, Дагъистаналъул каранда тIепигун, гьесда цоги кинабго жо кIочонеб буго ва бищунго шагIирасе хирияллъун рукIунел, сордо борчIун угьарал кучIдул хIажат гьечIеллъун кколел руго. Хадубго шагIирас гьарулеб буго:

**Дагъистан,**
**ГьитIинаб, кIудияб букIа,**
**Дур лъимадул асар –**
**Дур цо иццин гьеб –**
**Дуца сабруялда къабул гьабе гьеб.**

**Къвал дуда жемарал**
**Хехал лъаралги**
**Дур иццалгун цолъун,**
**Лъугьарал гурищ.**

Шахтамановасул гьунар буго гIемержанразулаб: буго гьесул гражданлъиялъулаб поэзия, руго лирикиял кучIдул, поэмаби, проза. Амма, абизе бегьула, гьениб аслияб бакI поэмабаз кколилан. Гьесул киналго поэмабазе хасиятаблъун ккола халатаб хабар гьечIого, къокъго, берцинго пикру загьир гьаби, рагIул ритIухълъигун бегIерлъи, мацIалъул пасихIлъи ва берцинлъи. Гьебго заманалда гьел хъван руго, магIарулазул кочIол гIуцIи цIунун гурел, батIияб гIуцIи-роценалда, магIарул поэзиялъе цIияб къагIидаялда. Гьеб къагIидаялъ авторасе рес кьолеб буго хIажатаб бакIалда хIажатаб рагIи кьварун абизе, гьелда тIадчIей гьабизе; автор ургъизе тIамизе ва хадусеб рагIи, лъалхъиги гьабун, абизе.

Бицинин цо-цо поэмабазул хIакъалъулъ.

«ДандчIвай» абураб тIехьалда буго кIиго поэма: «Хиянат» ва «Ихдалил чапар». МагIнаялъул рахъальги хъвараб къагIидаялдалъунги кIиябго тIубанго батIиял асарал руго. «Хиянат» абураб поэма хъван буго цебегосеб халкъияб биценалъул кьучIалда. Тема буго патриотикияб, магIна гIадатияб: магIарухъ цо росдаде тIаде тушбабазул бо бачIунеб мехалда, гьезда гьенибе нух бихьизабула росулъ вукIарав хиянатчи Чанхъица.

**Паракъатаб росдаде**
**Балагь бачIана тIаде,**
**ТIор цIубараб хурибе**
**Биххараб кьуру гIадин.**
**ГIасиял тушбабаца**
**Талавур гьабуна гьаб,**
**Гьезул бидулал бояз**
**Би тIуна гIадамазул.**

Тушбабаздаса рецIел боси ва хиянатчиясе мустахIикъаб тамихI гьаби – гьеле поэмаялъул аслияб магIна. Поэмаялъул аслияв багьадур ккола росдал хьаравул херав ЗагIал. Тушбабазулгун рагъда хвалилаб ругъун лъурав, ахирисеб хIухьел цIалев ЗагIалие ургъел ккола жиндирго гIумруялъул гуреб – хиянатчи щивали бицине чиго щвечIого, жиндирго рухI босизе гурилан. Хиянатчи Чанхъи абуни вукIуна гьесул вас.

Рохъо тIилица хъирщун, чIварал, хварал ралагьулев росулъ цо хутIарав херав Чарамил ГIазизида ватула ЗагIал. Бидул хIоринив вугев ЗагIалица гьесда гьарула:

**Рецц буго Аллагьасе,**
**Мун тIаде вачIинегIан,**
**Дир чорхол рухI бахъичIев.**
**ГIенекке ахирисеб**
**Хабар бугин дир дуе,**

**Гьеб бицинчIого хвани,**
**Хабалъ дун гьинароан.**
**А мун гIадамазухъе,**
**Бице жамагIаталда…**

Поэма хъван буго бицен гьабулеб лъугьа-бахъин ккараб заман хIисабалдеги босун, ай некIсияб хабар бицунеб ва маргьаялде гIагараб къагIидаялда. Гьедин хъван букIиналъ асаралъе кьолеб буго гIатIилъи, эркенлъи, тарихияб хасият, мацIалъе чвахи, пасихIлъи, тIадагьлъи. Хал гьабе авторас Чанхъие къимат кьолеб куцалъул:

**Хъаравул тIад сверулеб**
**Сивул тIогьиве вахун,**
**ВукIунаан валагьун,**
**Гьав вачIиналъухъ эмен.**
**Амма инсул ургъелал**
**Асда лъалел рукIинчIо,**
**РекIей бокьарабщинаб**
**Нахъе толеб букIинчIо,**
**Бергьарав чанахъанлъун**
**Чанхъи вукIананиги,**
**Чияр къварилъиялде**
**Къулизе чIухIулаан.**

Гьединаб пасихIлъиялда хъван буго тIолабго поэма. Авторас цIакъ гIадахъ босун буго аллитерация цIунизе, рагIи рекъеялда хадуб халкквезе, хIажатаб ва магIнаяб рагIи тIаса бищизе, щибаб рагIулъ цIайиги, магIнаги, гугьарги лъезе.

Авторас поэмаялда жаниб, кIвар кьун ва хас гьабун, бихьизабулеб буго рагъ щиб жо кколебали: гьелъул тIабигIат, гьелъул гIасилъи, гьелъ халкъалде – къуралги бергьаралги батIалъи гьечIого – рещтIинабулеб балагьалъул гIорхъи букIунареблъи, гьелъ инсан, гIакълуялдаса махIрумлъун, жанаваралде сверизавулевлъи. Поэмаялда авторас борхулеб буго кIвар бугеб цоги суалги: хиянатчи вохун хутIунгутIи. КигIанасеб такъсир гьес гьабуниги, гьедигIанаб тамихIги букIуна гьесухъ балагьун чIун.

Поэма байбихьула росдал некIсияб хъалаялъе сипат-сурат гьабиялдасан: гьелъул лъавабго къадада щибаб риидал гIурччинаб хер бижула. КартIахъ хIанчIаз бусен гьабула, амма гIажаибаб жо, гIасраби аниги:

**Ункъабилеб гьелъул къед**
**Гьанжеги гIицIго буго.**
**Гьелда бижун гьорохъе**
**Гьулчулеб хIетцин гьечIо.**
**Гьеб къед буго кьватI-кьватIун,**

**Гьоркьоса ганчIал рортун,**
**ГанчIазда гьоркьор борхьал,**
**Вихь-вихьилан, хьвадула.**

Авторас цIакъ мухIкан гьабулеб буго сивул ункъабилеб къадал къисматги гьелъул «ахIвал-хIалги». Гьев разилъулев гьечIо гьеб къед «гьанжеги гIицIго бугин» абун тезе, «Гьелда бижун, гьорохъе гьулчулеб хIетцин гьечIин» мухIкан гьабулеб буго, ай гьелъул магIна ккола киданиги бижичIин гьелда хергицинан абураб.

Щай сивул цо къед гьедигIан «талихIкъараблъун» бихьизабулеб бугеб авторас?

Лъугьа-бахъин ккараб НакIкIикь росдал гIолохъабаз, рагъулъ бахIарчилъиги бихьизабун, къисас босула жидеде тохлъукье тIаде кIанцIарал тушбабаздаса ва тушбабазе росдада тIаде кIанцIизе квербакъи гьабурав хиянатчи Чанхъие мустахIикъаб тамихIги гьабула – гьев гьеб сидул цо къадада, магIалги чIван, вигъуна ва, цIаги бан, вухIула.

Квешав чиясул баракат гьечIолъи щвараб къед хутIула даимго гьедин, чIегIераб кьерги чIван, пашманго.

Хиянатчиясе тамихIги гьабун, лъугIизе тезе бегьулаан поэма, амма авторас гьелде гIей гьабун течIо – гьелъул кIиабилеб бутIалъун, цIияб темалъун гьес лъугьинабун буго гIагараб ракьалде халкъалъул рокьул, гьелъие ритIухъаллъун рукIиналъул роцен: гIицIго гIагараб ракьалъе ритIухъавлъун вукIиналъулъ бугин чиясулги ва тIолабго халкъалъулги талихIги, эркенлъиги, букIинесебгиян.

Поэмаялъул ахиралда автор тIадвуссунев вуго хиянатчиясдеги халкъалъ гьесие кьолеб къиматалдеги. Поэмаялда бицен гьабулеб лъугьа-бахъин ккаралдаса арал нус-нус соназда жаниб «гIемерал чIораз жидер рахъ хисанила», «кьурабазул, парсазул сипат хисизабунилан» абулеб буго гьес:

**Амма борхатаб сида**
**БукIараб чIегIераб гIуж**
**БукIахъе хутIун буго**
**Бихьизе гьаб жакъаги.**
**Гьедин гIумру халатаб**
**БукIуна халкъалъул щцин,**
**Гьедин даим холареб**
**БукIуна гьелъул лъалкIги.**

Чиясдасан ккезе бегьулел киналгIаги квешлъабазда гьоркьоса бищун хIакъираб, бищунго хъубаб ва бищунго тIасалъугьине бегьуларебги хIакъирабги ккола гIагараб ракьалъе, ВатIаналъе хилиплъи ва, гьединлъидал, сунцаниги тIаса босулареблъунги чуруларeблъунги букIуна халкъалъул нагIана. Гьеле, поэмаялда абизе авторасе бокьараб жо. Гьедин, халкъалъул къиматалъе, халкъалъул щцидае цIараб заман букIунгутIи тасдикъ гьабизелъун абулеб буго авторас «гьаб жакъагиян».

Цогияб «ДандчIвай» абураб поэма буго гIурусазул шагIир Лермонтовасулги магIарул шагIир Шахтамановасулги дандчIваялъул хIакъалъулъ.

Лермонтовасул творчество хасго «ШагIирасул хвел» ва «Нилъер заманалъул багъадур» абурал машгъурал асарал дарсазда лъазаризе байбихьарал соназдаса нахъе гьевгун гIемер дандчIвала магIарулазул шагIир Шахтаманов, хасго хадуса гьесул поэзиялъухъ рокьиги ккун, гьел жиндирго рахьдал мацIалде руссинаризе байбихьидал. Шахтамановасул шагIирасулабги гIолилабги ракI асир гьабурал шагIирзаби рукIана ХъахIабросулъа МахIмудги Лермонтовги. МахIмудил гIумру ва творчествоялъул балъголъи лъазабизеги лъикIалан хIалтIи гьабуна Шахтамановас: хъвана цIех-рехалъулаб кIудияб макъала, биччана данде гьарурал кучIдузул тIехь, хъвана машгьураб «МугIалимги мутагIилги» абураб прозаялъулаб асар. Лермонтовасулгун бухьенгиян абуни магIарул шагIирас, гьесул асарал зама-заманалдаги жиндирго мацIалде руссинари гьоркьоса къотIизе течIо.

«ДандчIвай» абураб поэма хъван буго кIиявго шагIирасул – авторасулги багьадурасулги – гара-чIвари. Йохъ, гьениб кIиго миллаталъул кIиго шагIирасул гьоркьоблъиялъул гуро хабар бугеб. Поэмаялъул автор валагьулев вуго рикIкIаде, гьес пикру гьабулеб буго, кIиго халкъалъул кIудияб ва бечедаб тарихги цолъизе гьабун. «Кавказ мутIигI гьабизе вачIарав» ва гьебго Кавказалъ асир гьавурав гIурусазул шагIирги поэмаялъул автор магIарул шагIирги поэзилъул нухда дандчIвала ва магIарул шагIирас абула:

> **Ва амма, ва амма лъала нилъеда:**
> **Даим нилъ цоцазухъ рукIана урхъун.**
> **ЖахIда-тушманлъуе квешезего, вац,**
> **Кидаго цоцахъе балагьана нух.**
>
> **Гьеб нухда нилъер кечI керен рагьараб**
> **Рекъел-къадруялъул чалма букIана.**
> **Гьеб нухда нилъер кечI пашманлъиялъул**
> **ПарччахIал тIугьдузул тажлъун букIана.**

Гьедин мукIурлъулев вуго автор Шахтаманов гIурус чапарасе. МукIурлъиларищха! Кавказалда къоял ранагIан гIурусазул шагIирасда бичIчIидалха ва бихьидалха пачаясул Россиялда данде магIарулаз гьабулеб къеркьеялъул ритIухълъи. Гьединлъидалин гьес хъвараб:

> **Огь, эркенлъиялъул гIадатал рукIун,**
> **РекIее хирияб, рикIкIадаб Кавказ.**
> **Дудаги балагьаз буго къвал жемун,**
> **Мунги кьалул бидулъ буго чвердолеб!..**

Узухъда,  пачаясул заманалъул шагIирасул бицунелъул ва гьесиеги гьесул кочIолаб рагIуеги къимат кьолелъул, политикияб суалги тарихги гьоркьоб биччан букIарабани, художествияб асар букIинаан камиллъи гьечIеб, заманалъул хасиятги ахIвал-хIалги бихьулареб.

Амма кIиявго шагIирасда гьоркьоб араб заманаялъ гьелъул батIалъабаз квалквал гьабулеб гьечIо шагIирзабазе цоял цоязда

ричIчIизе. РакIалде ккола кIиявго гIамал-хасияталдалъунги хъвада-чIвадиялдалъунги цоцазда релълъаралгицин ругилан, гьеб бичIчIулеб букIанин «ДандчIваялъул» авторасдагиян. БитIахъе гьеб релълъиналъ, гьеб гIамал-хасияталъулаб гIагарлъиялъ ва Кавказалде гIурус поэтасул рокьиялъ ватила Шахтаманов Лермонтовасде гIагар гьавурав – цо-кIиго нухалда гурелъулха гьес гьесде вацилан абулеб бугеб! Абизе бегьула кIиявго шагIирасул асаразулъги релълъин бугилан. Гьединлъидалин Шахтамановас хъвалеб бугеб гьадин:

**Дир тIохда батIияб буго гьанже мех,**
**Музеялде сверун руго гьундулги;**
**ГьечIо гьанже дуэль, амма поэтал,**
**Огь, чIвалел руго, вац,**
**дир векалдаги,**
**КечI ахIун бахъинчIел руго гIемерал.**

Цо-цо бакIалда авторас ургъунго кочIол гIадатияб роценцин хвезабун, яги гIуцIи хисизабун буго. Гьелъ авторасе кьолеб буго жиндирго багьадурасде, яги, абизин, дандиясде хитIаб гьабизе санагIалъи.

ТIубанго батIияб къагIидаялда, батIияб гIуцIиялда хъвараб буго «МугIрузул тIогьазда гIазул бацIцIалъи» абураб тIехьалда бахъараб гьебго цIаралъул поэма. Гьеб хъван буго цин кочIохъего, цин харбихъего. Авторас нилъ рачуна цин цIакъго цересел умумузухъе, цин жакъасеб къоялде; цебечIезабула Дагъистаналъул халкъазул кIудияб тарих – букIарабги гьанжесебги.

**Рижарал-хвараазул замана лъазе**
**Загс-магсго букIинчIо некIо магIарухъ,**
**ГIадамазул къокъаб къиса цIализе**
**Къуле нуж нухазда хабал заназде.**

**Амма балагьуге, гьайбатаб наслу,**
**Нужеца дир зани зодоб ва гIодоб:**
**Дун кидаго хвечIо!**
**Хвезе хьулалда**
**Я тушман, я гьудул дихъ валагьуге.**

Гьеб поэмаялъухъ гIемер лъалхъичIого, дие бокьун буго Шахтамановасул жинда сверухъ гIемер хабар ккараб «Билараб кечI» абураб поэмаялъул бицине. Гьеб буго XX гIасруялъул кIикъоабилел соназда цIализе шагьаралде арай магIарулалъул хIакъалъулъ къиса. Поэма релълъуна гIолилас йокьулей ясалъухъе, гьелъул гIумру гьабиялъул къагIидаялдасаги хьвада-чIвадиялдасаги жив разияв гьечIолъи загьир гьабун хъвараб кагътида. Байбихьудаса ахиралде щвезегIан гьеб буго хитIаб-бадибчIвай. Автор вуго магIарухъ, гьесие йокьулей яс йиго шагьаралда цIалулей студентка: кIияздаго гьоркьоб буго кечI. Гьеб, гIолиласул чапар хIисабалда, яс ялагьун, киса-кибего щола. Яс ятуларо. Гьейин абуни йикIуна кочIода нух лъаларел бакIазда, ай йикIине кколарел

бакIазда: къватIазда, гьекъолел-кваналел данделъабазда, учузаб рецц-бакъаз гуккулей.

«Билараб кечI» буго талихI къосараб, гуккараб рокьул къиса, гIолиласул рекIел зигара. Гьебго заманалда гьеб буго чамгIалаб хьвада-чIвадиялъул гIолилалъул къисмат – мугIрул тун, гIатIиракьалде унел ясазе гIумруялъул дарс.

Яс йокьулев гIолилас, ракIунтун, абулеб буго:

**Кийха мун йикIуней, цIализе арай,**
**ЦIалун яхъунарей, ниж урхъарай яс?**

Авторас цIакъ берцинго, божулеб куцалда ва махщалида кочIолаб мацIалда бицунеб буго росулъа цIализеян арай магIарул яс мекъаб нухде ккеялъул, гьелъул гIолохъанаб гIумру гIадада унеб букIиналъул.

Дол соназда, магIарул ясал цIализеги цIияб гIумру гьабизеги шагьаразде ине байбихьараб заманалда, Шахтамановасул поэма цIакъ хIажатабги жиндир заманалъулабги букIана. ШагIирасул рекIеда бихьулеб букIана, намус-яхI цIуничIони, рекIее бокьухъе хьвадани, ясал мекъи ккезе рукIин. Гьев витIарав вукIин, гьесул рекIел рахIат гIадада холеб букIинчIолъи соналдаса соналде – мугIрул тун шагьаралде гочарал ясал цIикIкIанагIан мухIканлъана.

Шумайсат шагьаралда мекъаб нухде ккеялде хIинкъи авторасул букIуна гьей жеги магIарухъ йигеб мехалдаго. Гьелъие гIилла букIана кечI ахIизе гьелъул лъикIаб гьунар букIин. КечI ахIулей ясалъул гьудулзаби шагьаралда гIемерлъизе рукIинги, цIодорлъи гьабичIого, рекIее бокьухъе хьвадани, яхI-намусги, магIарул къадруги цIунизе лъачIони, яс мекъаб нухде ккезе бегьулеблъи лъалеб букIуна шагIирасда. Жеги росулъа Шумайсат иналдего, авторас гьелда абулеб буго:

**ЦIакъ хIинкъун вуго дун дуй кьураб гьунар,**
**Гьаб тIалъи кIочани, тIагIине бугин.**

ГIицIго авторасищ Шумайсат цIодор гьаюлей йигей? Росдал ясаца кьола гьелъие гIакълу, берцинго, цIодорго хьвадеян. Амма, пайда щиб! Гьелъул бетIер сверизабула жий цIакъай йигин, тIокIай йигин, жиндие хъат чIвалеб бугин чIухIдариялъ, пахрулъиялъ.

Поэмаялъул хIасил гьабулеб гIадин, авторас абулеб буго гIемерал анила росулъа ясал цIализеги цогидал мурадаздаги, амма гьез жидерго рацIцIалъиги, къадруги, намус-яхIги цIунанилан ва:

**Кире ккананиги, камичIеб ияхI,**
**Умумузул ирслъун, цIунун буго гьез.**
**ЦIадулъги, кьалулъги, инсул росулъги**
**Эзул хазиналъун хутIана намус.**

Амма, пашманаб жо: Шумайсатица лъилгIаги я рагIи, я гIакълу гIадахъ босуларо. Гьелъ тIаса бищула кепаб, аваданаб, агъаз гьечIеб гIумру.

Шагьаралда цIалулел ясал каникулалъ росулъе рачIуна – Шумайсат ячIунаро.

**ГІолохъанаб оцол**
**лълъаралда бачІун,**
**РещтІана**
**цоги их**
**дур азбаралда.**
**ГІаздакьа кьагІрил тІегь**
**тІаде баккана,**
**БаккичІо дур гьумер,**
**рагьун**
**гордугун.**
**Амма рагІулаан**
**компаниязда**
**Кеп– гІоркьалда йигин**
**Шумайсатилан.**
**Кисаяли чигун**
**цадахъ йихьанин,**
**РихьичІеб ххвел гьабун**
**цеесан анин.**
**РагІулаан,**
**мугІрул гІадамаздехун**
**ГІурус мацІалъ гурей**
**мун кІалъаларин.**

Шахтаманов ГІумар-ХІажил поэма гІун рачІунел гІелазе лъикІаб тарбия кьеялъулаб, гьел кантІизариялъулаб ярагълъун кидаго хутІиялда кинабгІаги щакльи гьечІо. Хъвадарухъанасул художествияб асар я хъаравул, я сангар кколаро, гьелъул букІуна чиясе асар гьабиялъул жиндирго къагІидаги жиндирго законги.

Дол соназда партиялъул идеологиялъул «цІодорал» хъаравулзабазе рекІее гІечІо Шахтамановасул поэма. Гьеб гьез къабул гьабуна батІияб магІнаялда. Гьез шагІирасде гІайиб гьабуна, магІарул ясал культуралъаялде гьукъулеб, заралияб художествияб асар бугин гьебилан. «МагІарулай» журналалда бахъун букІана поэмаялъе ритІухъаб гуреб къимат кьураб макъала.

Шахтаманов ГІумар-ХІажи вукІинчІо лъикІаб ва квешаб, бегьулеб ва бегьулареб лъаларев шагІир. Поэмаялъе къимат кьезе лъугьаразулалдаса гІемер цІикІкІараб гІаммаб лъайги, политикияб лъадариги, гражданлъиялъулаб рухІияб даражаги букІана досул. Досда лъикІ лъалеб букІана жиндица сундул бицунеб бугебали. Лъалеб букІана поэма цо-цо цІодорхарал чиновниказе рекІее гІезе гьечІолъи. Амма гьесда жиндир гражданлъиялъулаб, магІаруласулаб ва шагІирасулаб налъилъун бихьана хІажатаб рагІи абизе ккей.

«Билараб кечІалда» сверухъ хабар бугеб заманалда партиялъул Дагъистаналъул обкомалъул тІоцевесев секретарь Даниялов ГІабдурахІманица жиндихъего ахІун вукІана Шахтаманов ГІумар-ХІажи. ШагІирасул рекІеда хъинтІулареб берцинаб хабарги бицун, Даниялован Шахтамановасда тІадкъала магІарул росулъ (ЧІарада районалда ятилин

ккола) хIалтIулей орден барай гIурус учительницаялъул хIакъалъулъ хъвазе – гIайиб тIаса иналъе.

Шахтамановас къокъидго тIубазабуна гьеб «партиялъулаб» тIадкъай. Поэма къватIибе бахъун букIана. Амма ракIгьечIого хъвараб гьеб авторас жиндирго цонигияб тIехьалде босичIо. Доб «Билараб кечIин» абуни гьаб жакъа къоялдаги цIакъ хIажат буго ва… кидаго гьединаблъун букIинеги буго гIадамазул хьвада-чIвадиялъул чамгIаллъиги чороклъиги бугебгIан заманалда. Эбел-инсуца ясал ва жеги васалги! – гьезие ракIгъеялъе, гьел гуккизе, квешлъиялъе, магIарулазул бищун тIадегIанаб хазиналъунги, бечелъилъунги, чIухIилъунги кколеб намус-яхI кIочон тезе гуро ритIулел.

ГIумар-ХIажи вукIана кидаго хIалуцун кьабулеб ракIалъул, хехал пикрабазул, гьелчолаб хIасраталъул инсан. Гьединаб гьесул тIабигIаталда кIвечIо гьулчулеб рекIел хIалуцараб асар кквезе, чIезабизе ва бана ахIи. Дол соназда чIахIиял хьулалгун, бечедал къасдалгун шагьаралде – эркенлъиялде щварал гIолилазул гIумруялда  хадуб хал ккурав, хIакъикъат бихьарав поэтасул ихтияр букIинчIо гIенеккун чIезе.

Цо гьебищ? ЦохIо гьеб, магIарулалъул  яхI-намусалъул бицунищ шагIир Шахтаманов ахIдолев вугев? Нилъеца ахираб заманалда гIемераб бицунеб буго рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ: гьеб холеб бугилан, лъугIун унеб бугилан, цIунизе кколилан. Шахтаманов ГIума-ХIажица некIого букIана къали кьабулеб, мугIрузул тIогьивеги вахун, щивав магIаруласда, щибаб магIарул хъизамалда ва эбелалъги инсуцаги малълъараб, эбелалъ жиндие кинидахъ кечI ахIараб мацIалда кIалъазе «намуслъулел» ва жеги хIинкъулелги ратизе бегьула – хIакимзабаздаги рагIуледухъ!..

**ГIенекке, рагIуларищ,**
**Росабазулъ бертаби!**
**Ралагье! Рихьуларищ**
**Рущун лъимал кинида!**
**АхIила гьел хIанчIазги**
**ХIайранал кочIол ахакь…**
**Амма кинаб мацIалда**
**КечI ахIилеб гьал васаз?**

Хал гьабе: «ралагье!» –  янги абун ахIул ишараги лъун нилъ кIвар кьезе тIамулел руго авторас «рихьуларищ, рущун лъимал кинида!»

ХIакъикъаталдаги – кIудияб иш! Инсаниятальул букIинесеб. Хадубги абизе бегьулаан: цIодорлъи гьабеян, рахIат цIунеян, борчIизе гурилан ва гь.ц. Амма авторасул ракIалдаян абуни батула жеги кIвар бугеб суал. ЦIалилин кечI хадубги:

**АхIила гьел хIанчIаца**
**ХIайранал кочIол ахакь…**

ЧIа! ГIадада гуро авторас гьениб лъабго тIанкI лъолеб бугеб. Гьесул ракI, цинтIаго, тIуркIулеб буго. Къан кколеб буго ракI ва…ва…щурулеб буго:

**Амма кинаб мацIалда**
**КечI ахIилеб гьал васаз?**

Гьаниб буго кIиго иш, кIиго хIакъикъат: авторасул рекIел хIал ва гучаб гьунар. Къокъаб роценалъул дагьалго кочIол мухъазулъ лъун буго гIемераб ва гъваридаб магIна. Шахтамановасулаб къагIида. Гьединал мисалал гьесул творчествоялдаса гIемерал бегьула рачине. Сундулъ бугеб гьеб балъголъи.

Шахтаманов ГIумар-ХIажи вукIинчIо, цо-цоял гIадин, хIалица вахъинавурав поэт. Цониги кечI гьес хъван батиларо дун поэт вуго, дун хъвадаризе кколаян абун. ГIицIго ракIалъ ахIараб мехалда гурони гьес къалам кодобе босулароан. Гьединги гьес жиндирго къокъабго гIумруялъул гIемераб заман гIадада чIвана.

Шахтамановасул поэтасулаб махщел, гьунар, къалмил бегIерлъи бихьизе цоги мисал бачинчIого тезе кIоларо – тIубанго батIияб темаялда:

**Хирияв, бачIунге сайигъат дие –**
**Цо сихIирлъи гьечIеб гьечIо гьанже гьеб.**
**ГъажалтIа кверги лъун, каранде яче –**
**Гьелдаса гьуинаб гьечIо сайигъат.**

**Дуца дур ракIалъе бокьараб гьабе,**
**Амма кIочон тоге цо дий бокьараб.**
**Бокьарай ясалда къвал дуца жеме,**
**Рокъой духъ урхъарай дун ракIалде щва.**

**Цо-цо дун гIодани, гIодой къулани,**
**Дуца, гьудул, гьелъул гьабуге ургъел.**
**Килщаз кьунсрул лъухьун, мун балагьани,**
**Бакъвалареб магIу дир бадиб гьечIо.**

**Сапаралде ккани, ясданде чIвани,**
**Дуца, гьей йихьичIин, гьереси бице…**
**Огь, букIунеб лазат, каранде ячун,**
**Дуца дие гьерсал рицунеб мехалъ.**

РакI биинабула. АхIизе бачIунеб буго: «Унгоха, ГIумар-ХIажи, мун арав хехго!»

ГIицIго анцIила анлъго мухъ! Амма, щибаб мухъилъ бахчун нус-нус мухъ буго. БацIцIадаб рокьул кечI. ГIадатияй, амма гIакъилай, цIодорай, росасул къимат гьабулей магIарулалъул рокьул. Гьаниб нилъеда йихьула бихьинчиги, гьесул гIамалги, гьесул гIумруги бичIчIулей, хъизан-рукъ хирияй ва жеги цIакъ росги хирияй гIодое йиччарай, хIехьолей магIарулай.

Дун лъугьинаро гьебги гьелго гIадал цогидалги кучIдузул магIна рагьизе. Гьеб гуро гьаб гьитIинабго макъалаялъул мурад. Гьал руго, иргадулаб нухалда ГIумар-ХIажил тIахьал кодоре росидал, жеги чан

ракIал хIайран гьарулел ва хIажатал асаралдай хъвазе рукIанаян, рекIеца течIого хъвалел мухъал…

…Шахтаманов ГIумар-ХIажи вукIана бахIарчияв инсан. Гъес чанго соналъ хIехьана чорхолъ кваналеб дару-дарман гьечIеб квешаб унти. Гьесда гьеб лъалаан. Гьеб загьирго бихьула гьесул ахирал соназда рахъарал суратазулъ: пашманлъи, чIалгIен, бечIай, гIакъуба. Амма гьудул-гьалмагъзабазда аскIов кидаго хутIана гIумру хирияв, гIадамал хирияв, руччабиги рокьулев поэт Шахтаманов ГIумар-ХIажилъун. Амма хвел рикIкIада гьечIолъиги гьесда кIочонароан.

Цо кочIолъ Шахтамановас кьолеб буго жаваб кьезеги захIматаб суал:

**Дун кида холеблъи бицинищ дуда?**
**Ва жавабги кьолеб буго:**
**Дир рекIелъ гьалдолел цо гIорал руго,**
**Цо гуро – азарго кечI гьезул буго.**

Гьел руго поэтасул рекIел къасдал, жиндир гьунарги, жив ватIаналъе хIажат вукIинги лъалев, гIагараб халкъалдеги ватIаналдеги бугеб рокьул кучIдул ахIизе анищалда вугев поэтасул къасдал.

КочIол ахиралда кьолеб буго доб суалалъе жаваб:

**Дир рекIелъ гьалдолел гьалагал гIорал**
**ГIорал гуро!**
**ТIолго гIагараб ВатIан**
**ГIорлъун дир каранда гьалдолеб буго,**
**Гьеб гьалдей сун хадув хвезе вуго дун…**

Гьанив поэт дагьав мекъи ккана. ГIорлъун каранлъ гьалдей досул гIумруялъул ахираб минуталъги къотIичIо, гIицIго хъвазе букIараб азарго кечI хутIана рагьизе къачIан рукIарал, амма цIороялъ рухIарал тIугьдул кинигин. Поэтал холаро.

2009 соналда Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъ къватIибе биччана Шахтамановасул асаразул 569 гьумер бугеб «РекIел асарал» абулеб тIехь.

Гьесул асарал лъазарула школазда цIалдохъабаз. ШагIир нилъгун вуго ва вукIинего вуго.

***МухIамад ГIАБДУЛХIАЛИМОВ***



# РакIалдещвей

## ГЬУНАРГИ ГIАДАНЛЪИГИ ГIУНГИ ТIОКIАБ БУКIАНА

РукIуна цо-цо лъугьа-бахъинал, унго-унголъунги божизе захIматал, жеги мухIканго абуни, жибго хIакъикъат beралда цебе бугониги, къабул гьабизе бокьуларел. Гьеле гьединаб, божизе захIматаб, божаниги къабул гьабизеги бокьулареб хIакъикъатлъун букIана, завалаб ригьалда, гьайбатал къасдалги, мисал босизе рекъарал ишалги гьанирго тун, абадияб рокъобе къисмат берцинав инсан МахIатIов МухIамадица сапар бухьин.

ЛъикIаланго сонал ана МухIамадица жиндирго ругьунаб кабинеталде нуцIа рагьичIелдаса. Амма, гьоркьоб мех индалги, рада-радал хIалтIуде рачIунаго, ниж щун ратулаан, лифталдаса гIемер рикIкIад гьечIеб гьесул нуцIихъе. Кверкъелалде бегьулеб кверги гьенибе щвелелде цIоро-гьорон, МухIамад гьенив ватуларевлъиялдеги кантIун, гьеб камиялъ ракIги бекизабун, ниже-нижер бакIалде унаан.

У, гьеб нуцIа къирун МахIатIовасе салам кьеялдасан, гьесул кидаго разияб гьурмада басандулеб гьимиялъ гьабулеб гьуинаб асаралдасан, гьес ракI-ракIалъго босулеб кверзул хинлъиялдасан, гьесул ракIжубараб махсаро-хочIалдасан байбихьулаан нижее щибаб хIалтIул къо. Щолаан ниж гьесухъе бетIерав редакторасул заместитель хIисабалда гурел, инсан хIисабалда гьесул адаб гьабун. ХIакимлъи бихьизеги лъазеги МахIатIовас киданиги толароан. Цадахъ хIалтIулезулги тIаде рачIаразулги хIурмат гьабиялъул букIана гьесул тIолабго хIалкIолъи. МагIарулазул буго цIакъ гIадатияб, амма гьелдасаги цIакъ магIна гъваридаб «ГIамал берцинав чи» абураб калима. Жиндир гIамалалъул берцинлъиялъ кIолаан МухIамадида гьабуларебги гьабизабизе, букIунаребги букIинабизе, лъугьунаребги лъугьинабизе. «Гьаб гьабе, гьаб хъвай, гьаниве а, дове а» гIадал кьварун ракъварал рихьизариял редакциялъул хIалтIухъабазе гьес киданиги гьаруларoан. Кабинеталдеги ахIун тIадкъаял кьун гурел, кигIан жиндаса ригьалъ гьитIинасдаги аскIовеги вачIун, гьудул-гьалмагълъиялъул къагIидаялъ бичIчIизабулаан гьабизе кколе- толеб. МухIамадил гьеб хасияталъ унго-унголъунги ракIбазабулаан хIалтIуде.

Хъвалебги букIана МахIатIовасул жиндирго гIамалалда релълъараб. ЦIакъ гIадатго, гIадамасул бидульги гьанальги бессуледухъ, гIажаибго берцинго коцонибе биун тIураб магIарул мацIалда абулаан гьес газеталдаса абулеб рагIиги. ГIумруялъул магIна бичIчIун, хIакъикъат рагьун хъварал «Кагътица сапаралде ахIана» ва цогидалги рубрикабазда гьоркь рахъарал МухIамадил рикIкIен гIемерал макъалабаз нус-нус гIадамазе кумек гьабуна жалго гIодор Аллагьзабилъун рихьулел цо-цо хIакимзабаздаса бергьинеги, ритIухълъи батизеги. БакI ккун букIаго абилин, рехсараб рубрика гьес рагьараб букIана газеталъул гьурмазда.

Жинца хъвалелдасан мисал босулев, махщел камилав журналист гуревги, дол соназда редакциялде рачIарал гIолилазе МахIатIов вукIана унго-унгояв мугIалимлъунги, насихIатчилъунги. Дида киданиги кIочон толаро МухIамад дихъе чанго кагъатги босун вачIараб 1989 соналъул 9 августалъул радалгIуж. «Гъанже нилъ цадахъ хIалтIие ругелъул, гьал цо кагътазухъ балагьеха, лъугьунел гIадал жал ругищали», – ян абуна гьес хIеренго, ракI тIаде цIалеб гьимигун. АбичIо гьес дун жиндирго отделалде вачунев вугиланги, цIаличIо насихIаталги, щиб кин дихъа бажарулищали божилъи гьабун тана. Гьеле гьеб къоялдаса байбихьун, гьесие Аллагьасул къадар щвезегIан битIахъего МухIамадил нухмалъиялда хIалтIана дун магIарул газеталъул редакциялда. Соназги хъулухъалъги гIемерго кIудияв вукIаниги, гьитIинав вацасде гIадаб ракIжубайги, тIалаб-агъазги тун батIияб, цо лахIзаталъги хIакимлъи бихьизабичIо гьес. Тана эркенго хIалтIизе, хIажатаб гьикъун аскIове индал, рекъарал малъа-хъваялги гьарун. «Дуца мухIканго хIадур гьабун, цIалун батилагури аб, кье секретариаталде», – ян бачIинахъего гъулбасги гьабун кьолаан гьес дир гIемерисел материалалги. Гьединаб божилъиялъ бижизабулаан дилъги жеги цIикIкIун жавабчилъи хIалтIудехун.

Жидедаго рухI речIчIидал, хIатIазда рахъун чIезе кIведал цо-цоязда кIочон тола махщалил нухде тIоцересел галаби тIамулаго, жидее квербакъарал мугIалимзаби. Дица жакъа рекIеда тIад кверги лъун абила журналистикаялъул гIелмуялда дир мугIалим МахIатIов МухIамад вукIанин. Диего гIадин тIоцересел дарсал МахIатIовас кьуна магIарулазда жидер цIарал хадубккун лъикIго рагIарал Бахумеседо Расуловалъе, ГIали МухIамадовасе, МухIамадрасул Дациевасе, МухIамад ХIамзаевасе, МухIамадхIабиб МахIатIовасе ва цогидазеги. Гьесул жигаралдалъун журналистасул махщалиде рокьи бижана ва гьеб махщелалде ругьунлъана росабалъан хъвадарулел лъикIаланго мухбирзабиги.

Редакциялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб бищунго цебе хIежги борхун букIана МухIамадица, СагIид-афандиясул муридги вукIана гьев. Бищунго аслияб, авар мацIалда тIоцебе календарь-рузнамабиги гьаруна гьес. Анлъго-анкьго соналъ МахIатIовас къватIире риччарал гьел рузнамабаз чан аза-зар чиясе исламияб диналъул кьучIал лъазаризе кумек гьабун батилареб.

Бицине рекъарал, рехсезе мустахIикъал гIемерал ишалги анир тун, гIемерал гIадамазул ракIазулъ лъикIал ракIалдещвеялги цIигьарун ана МухIамад ахираталде. ХутIана гьесул гIемерал тIурачIел къасдалги, халкъалъе пайдаял ишал гьаризе рукIарал анищалги.

Редакциялда аскIоб букIараб лъикIаб квартираги бичун, рикIкIад букIаниги, босун букIана МахIатIовас мина. МагIарухъ гIадаб рекIее парахалъи бугеб бакI бугилан вохун вукIана гьев. Гьеб мина цIигьабун къачIалев, гьениб шагьаралъул хъуялдаса эркенаб, гIодобиччараб гIумру-яшав гьабизе анищалда вукIана МухIамад. Амма Аллагьасул хIукму батIайиса букIун буго.

ЛЪиениги балъгоб жо гуро хъизан-лъималазе эмен камулевлъи. МахIатIов МухIамад киналго магIарулазе камунин абуни битIун букIина.

Цо гIажаибаб, цогидазеги хинлъиги лъикIлъиги щолеб баракат букIана МухIамадилъ. Гьесул иманалъул цIураб рекIел нуралъ батIияб кунчIиги чIаголъиги лъугьинабулаан редакциялда. Гьанже МахIатIов гьечIеб мехалъ гьеб цIакъго загьирго бихьулебги буго.

ХIалтIул хъулухъалъ яги цоги къваригIелалъ щиб магIарул росулъе щваниги гьикъулаан МахIатIов кин вугеван, абулаан МахIатIовасда салам бицеян. Гьесул гьудул камураб бакIго букIинчIо магIаруллъиялда. Цо нухалъ вихьарасулги рекIелъ восун ватулаан гьев, цо нухалъ дандчIваравги гьудул лъугьунаан гьесул. Лъалезулги лъаларезулги гьудул вукIана МухIамад.

ШагIирин, хъвадарухъанин жив рагIизавизе, вихьизавизе лъугьинчIониги, МахIатIовас хъвалаан адабияталъул асаралги. Хъвалаан гьадинго лъикIилан ккараб мехалъ гуреб, батIияб-цIияб пикру ботIролъ бижараб, жиндие унго-унголъунги къабулаб асар рекIелъ тIирщараб мехалъ. ГьабсагIат дида цебе буго батIи-батIияб заманалда магIарул газеталда рахъун рукIарал гьесул кучIдулги, харбалги, поэмаги, къисаги данде росараб, басмаялде кьезе хIадур гьабураб гьитIинабго тIехь. Гьезулъги буго МухIамадил макъалабазулъго гIадаб, цохIо гьев жанисан вихьулеб хаслъиги рагIизе анищаб, бечедаб магIарул мацIги, цIаларав чиясул рекIелъе лъугьунел лъугьа-бахъиналги.

Исана 70 сон тIубана МухIамад МахIатIов гьавуралдаса. Нижеда лъикIаблъун бихьана, жеги кибниги бахъичIеб гьесул «Къисмат» абураб хабаралъ улчун журнал цIалулезул лъай - хъвай гьабизе.

***МухIамад ПАТАХIОВ.***



*КвегIиса квараниде:* **М.ПатахIов, М.МахIатIов, ГI.ГIандийский, М.БисавгIалиев.**

**МухIамад МАХIАТIОВ**



## КЪИСМАТ

*(хабар)*

МугIрузул районазул гIемерисел росабалъе щвана дун. Амма Хаприве щун вукIинчIо. КигIан борхалъуда гьеб букIаниги, чанго километралъ лъелго ине кколев вукIаниги, гьанжесала гьениве щвечIого рес букIинчIо. Редакциялъе хIажат букIана гьенисан хъвараб макъала. Гьебги хехго. Гьединлъидал, бухьана гьенибе сапар. Цин вертолеталда, хадуб машинаялда ва ахирги кIичI-кIичIарал свералабаздасан лъелго чанго километр нахъаги тун, маркIачIуда вахана росу рагIалде. Гьоболасул дие ургъел букIинчIо. Кинав вукIаниги магIаруласул кавуялда тункани гIолелъулха. КватIун щведал, гьедин гьабизеги ракIалда букIана. Амма, росулъе вахунаго, цеве-цеве ватарав борхатаб черхалъул ригь арав чияс, гьикъа-бакъарун вахъарабгo, цIехана:

– Гьобол вугищ дур гьаб росулъ?

– ГьечIо, – ян абуна дица.

– Бугони, дур гьобол дуда цеве чIун вуго. ЦIарги дида ГIумардибир буго.

– Дидаги АсхIабилан абулаха.

Гьедин лъай-хъвай ккана дир Хаприса ГIумардибирасулгун. ГIемер кватIичIого росу рагIалда бугеб кIитIалаяб минаялъул азбаралде каву рагьана гьес ва дунги жаниве виччан гьеб гъункизабун къана.

– Маликат, гьоболгунха дун вачIунев вугев, – ян абуна гьес каву рагьулеб гьаркьихъе къватIие яккун ячIарай чIужугIаданалда.

– ЦIакъ лъикI, ГIумардибир, цIакъ лъикI. Гьобол вачIунареб къо нилъеде бачIунгеги, – янги абун гьей дида гьикъарана.

Гьелъул цо хIеренаб, халат бахъарабгIадаб, гьаб мухъалъул гIадамаз бицунелдаса батIияб калам рагIидал дица хIукму гьабуна ГIумардибирасул чIужу батIияб районалдаса ятилилан.

ЛъикIал гIадамал ратана ГIумардибирги Маликатги. Бихьулеб букIана гьел гьалбал рокьулел, гьел къабул гьаризе лъалел чагIи рукIин. Квана-гъанан хадур печалъул хьолбохъ гьабураб наралда тIадеги яхун нижер хабаралъухъ гIенеккун чIана Маликат. Хабарги нижер гьадингояб, заман иналъе бицунеб гIадаб букIана. ГIумардибирас шагьаралъул, гьанже гIагар ккарал лъугьа-бахъиназул цIех-рех гьабулеб букIана. ГIемераб

заман бана гьедин гIодор чIун. ГIумардибирасул суалазе жавабалги кьолаго, дица пикру гьабулеб букIана гьеб берцинаб лага-черхалъул, сонал раниги гьайбатлъиялъул дангъва гьурмалъ цIунарай Маликатги, борхатаб лагаялъул, цIудул гIадал бегIерал къалазул, бил лъун чIегIер гьарурал михъазул, жеги къамартIаб черхалъул ГIумардибирги киндай данделъарал абун. Гьикъизеги нечон вкIана. Амма ахирги яхI гьабизе кIвечIо. ГIумардибир гIажаибго дихъ валагьана.

– КингIаги дуда лъараб гьай батIияб бакIалдаса йикIин?

– КIалъаялдаса лъанаха.

– ВахI, дицаяли тун букIана 45 сон анин, Маликатил гьаниб, хаприсезул руччабаз бицунелдаса батIияб гаргар батиларин абун.

– Цо батIияб гугьар бугоха, ГIумардибир, гьелъул кIалъаялъулъ. Гьаб нужер мухъалъул гIадамазул каламалъулъ гьеб букIунаро.

– БитIарабха, дир вас, – ян кIалъана Маликат. – Чан сон аниги щиб, гIадамасул кIалъаялъулъа билуларо цо жиндиего хасаб рахъ. Дун НахъбакIалдаса ккола. Гьале къисматалъ тIаде битIараб зобги сверун бугеб накIкIирохьги гурони бихьулареб Хаприе ячана.

ГIумардибир вуцIцIун чIана. Гьесие цо щибалиго абизе бокьун букIана, амма абичIо.

– ГIумардибирги Маликатги, нуж тIасаги лъугьа дидаса къваригIел гьечIеб суал кколеб батани, цIакъ бокьилаан лъазе нуж кингIаги данделъаралали?

– ГазеталдабахъизегIагикъваригIунбатила,– янвелъанаГIумардибир.

– Бегьулеб жо батани, нужги разилъани бахъилаха.

– Йохъ, гьудул АсхIаб, нижер хабар газеталъе гIадаб гьечIо. БитIараб бицани, дица гьеб жеги лъиениги бицинеги бицинчIо. Амма дуца гьарулеб бугелъул бицинаха, Маликатилги инкар батичIони.

– ГьечIо, ГIумардибир, дир щибго инкар. Гьоболасе лъазе бокьун бугелъул бицун теха. Нилъедагоги ракIалде щвезабизе…

БитIараб бицани ГIумардибирасул рокъоб бараб доб сордоялъ дун кьижичIо. Нахъисел къоязги дун анцI-анцI нухалъ вуссунев вукIана гьезул рокъове. Цее чIолей йикIана наралда лъураб къандалъоялдеги чIван, росас бицунеб жидерго къисаялъухъги гIенеккун чIарай чIужугIадан. Гьоркьо-гьоркьоб гьелъул бадиса гирун рачIунаан магIил гарал. Цеве чIолев вукIана, дир хIурматги гьабун, печалда нахъа лъураб бакIидаса тIадеги кьуричIого, кьурул гIус гIадин гIодов чIарав бихьинчи. Гьоркьо-гьоркьоб гьесул гьумер ццидаца цIолаан, цо-цо нухалъин абуни гьеб хIалимлъун бачIунаан.

Дида яхI гьабизе кIвечIо ГIумардибирасулги Маликатилги къиса жаниб хIехьон. Гьединлъидал, дица хIукму гьабуна гьеб нужееги бицине. Дида тIаса лъугьинел ратила ГIумардибирги Маликатги. Гьезги чIванкъотIун абун букIинчIелъулха гIадамазда гьеб бицине бегьиларилан.

Гьале гьеб.

Доб соналъ хасел хехго байбихьана. Жеги ахирисев чияс рокъобе тIощел баччилалде, хуриса картошка бахъилалде, бокьахъе боцIи къотIилалде бараб гIазуца сверухълъиго хъахIлъизабуна, тIадежоялъе, байбихьана цIорорал гIазул гьурал пузе.

КIиго моцI бан букIана ГIизудинги Маликатги данделъаралдаса.

Цоцазеги рокьун, эбел-эменги разилъун гьабураб гьезул бертиналъул хIакъалъулъ гIемераб бицунеб букIана росдал гIадамаз. «Ахир рохараб батаги», – ян абулеб букIана бахIаразул эбел-инсуда рахьи базе рачIарал росуцояз. Росулъго лъикIабилан рикIкIунеб тухумалъул васасе яс кьеялдаса разиго вукIана Маликатил эмен ГIабдулаги. Жийго Маликатги йохун йикIана ракIалъ восарав васасулгун гIумру цолъизабиялдаса. ГIизудинги расги рекIекълъун вукIинчIо росулъго берцинай Маликат жиндиего щвеялдаса. Цо къоялъ рос-лъадиялъ хIукму гьабуна Хасаваюрталде жидеего къваригIараб-тараб босизеги гьадинго тира-сверизеги ине. Дагьабищха гIадамазул къваригIел букIунеб. ТIадежоялъе, жеги Маликат шагьаралдеги щун йикIинчIо. Гьира букIана гьелъул машинаби, хасго поезд бихьизе. ХIукму гьабуна, эбел-инсуда цIехана ва цо пуланаб къоялъ кодоб квен-тIехгун, хабар-кIалалда, махсаро-хочIалда Хасавюрталде къокъана гьел.

Лъабго къо бана гIолилаз нухда. Ицц батаралъур кванан, кули-росу батаралъур кьижун, ахIулаго кечIгун битIун базаркъоялдехун щвана Хасавюрталде. Щвана базаралде, босана ГIизудиние пиджак, чакмаял, тIагъур; Маликатие гурдеялъе ххам, берцинаб тIад тIугьдулги рахъараб шал, къатIипадул къокъаб пальто. Къаси сардал рана вокзалалда. Рихьана поездал, машинаби. Кванана столоваязда. ГIизудиница хIаракат бахъулеб букIана гIолохъанай чIужуялда кинабго бихьизабизе, гьелъие хIажатабщинаб босизе. ГIарацги букIана гьезухъ, жинцаго данде гьабурабги, бертин гьабулаго гIага-божараз бачIарабги, нухда унаго Маликатил эмен ГIабдулаца кьурабги.

Амма лъабабилеб къоялъ дунял кьерхана ва ХIаригабурлъиялъул ццидалаб гIамал лъалел гIолилаз хIукму гьабуна хехго росулъе тIадруссине. БитIун ХIаригабурлъухъе гьал рахаралго багъарана буран.

– ГIизудин, рачIа тIадруссине, – ян гьарана Маликатица.

– Гьеб щиб, Маликат, гIантаб хабар. Нилъ гIадал гIолилал къуркьизаризе кIвезе гьечIо гIазудаги цIороялдаги. Церехун! – ян ахIана ГIизудиница.

«Унго-унгояв бихьинчи вуго дир рос. Гьасда цадахъ сункьаго нахъе къазе ккеларо дун», – ян пикру гьабуна Маликатица росасдаса бугеб чIухIиги бахчулаго.

Амма кинабго гIаксалда ккана. Гьурмалъ речIчIулеб, гIазугун жубараб гьуриялъ, цебехун гали босизе биччалеб букIинчIо. АнцIго гали бахъун, чIун рачIунел гIолилазул пикру букIана гьенире рачIунаго нухда батун букIараб иццухъе, гьелда аскIоб бихьун букIараб нохъоде жал рорчIилилан. Церего гьенире щвезе кколаан гьел. ГIемер кватIичIого гьезда бичIчIана жал батIияб нухалъ ккун рукIин. Руссана тIад. Гьедин сверулаго бана лъикI заман. Къалъудаса нахъе гьури дагьабги кутаклъана. Дагь-дагькку лъугIун унеб букIана хIал. Гьелде тIадеги ракъиялъги букIана тату лъугIизабун. Маликатица гьороде мугъ рехана ва баччараб къандалъо гIодоб лъуна. Гьелда жаниса бахъун чед кIихIи бекана ва бащдаб ГIизудинихъе бегьана. Гьедин пулеб гIазул гьоролъ гьункIусидаги рукIун кванана гьел. ТIад ретIана росулъе щвечIого ретIиларин тун букIараб къатIипадул пальто, гьумер бахчиледухъ, къватIир берал гурони

раккиларедухъ тӀад жемана тӀугьдуз къалъизабураб шал. ГӀизудиницаги чакмаял хисана.

– Церехун, церехун! Къаси гьанир хутӀани нилъ хвезе руго, – ян абулеб букӀана Маликатица. Гьелда бихьулеб букӀана ГӀизудинил хӀал хисулеб букӀин. Нусго гали тӀамун букӀун батиларо, гьев танкан гӀодов ккана.

– Маликат, дихъа тӀокӀаб бажаруларо. Гьаб бакӀалда хвела нилъ, – ян абуна гьес хъирхъириялда.

– Дуца бицунеб щиб? ТӀаде вахъа. ГӀемер заман хутӀун гьечӀо мегӀер бегизе. Рохьоре рорчӀула нилъ. Гьенисан Гванзуласул колотӀе щиб манзил бугеб?

– КӀоларо, Маликат, кӀоларо. Маликатица баччун букӀараб къандалъо гӀодобе рехана ва къвалакье квералги регьун ГӀизудин тӀаде вахъинавуна.

– Дица ваччила мун свак чучизегӀан. Нилъ чӀезе бегьуларо. Гьале гьадин, – янги абун гьелъ гьев мугъзада лъуна.

– Маликат, къайи гъоркьго тоге. Нилъеца гӀемераб гӀарац кьун босараб жо буго гьеб, – ян абуна гьес гьалъул мугъзада вукӀаго.

Росас малъарабги гьабун, Маликатица къандалъоги кодобе босана. Гьедин, чӀун-йилълъун уней йикӀана гьей цеехун.

Дуца гьабулеб щибин, дир свакги бичанин, дунги гӀодове виччайиан абичӀо ГӀизудиница Маликатида, гьей гӀодой ккезегӀан. ЛъикӀ заманалда регун чӀана гьел.

– ГӀизудин, щиб хӀал дур бугеб? – абун щурана Маликатица гьесде тӀадеги къулун. Гьев кӀалъачӀо. – ГӀизудин! – ян ахӀдана гьей.

– АхӀдоге. Гьанже свак чучана. Рилълъа, – ян тӀаде вахъана гьев.

Маликат хӀалицаго гӀадин тӀаде яхъана. Гьезда заман кӀочон тун букӀана, ругьунлъиялъищали цӀорораб гӀазугун жубараб гьуриялъулги цо кӀудияб пикру гьабулеб букӀинчӀо. ГӀицӀго гьениса рорчӀизе, хвечӀого рохьоре лъугьине бугеб къасдалъ цере рачунел рукӀана гьел. Амма гьурмалъ речӀчӀулеб гьороца церехун ине квалквал гьабулеб букӀана. ГӀизудин лъикӀ заманаялъ чӀужуялъ мугъалдаги ваччун, свак бичарав гӀадин вукӀана. КӀигогӀаги нухалъ гӀодой ккана Маликат. ГӀизудиница кверги ккун лъимер гӀадин хадуй цӀалей йигей гьелда щиб жидеца гьабулеб бугеб, щай жал гьаб магӀарда ругелали кӀочон тун букӀана. Гьале гьей цоги нухалъ гӀодой ккана. Гьеб мехалда росас рукьги ккун гьей тӀаде цӀана.

– Маликат, яхӀ гьабе. Дагьалги галаби церехун росе, гьеле гьедин, гьеле гьедин, – янги абун гьес чӀужу гьанжего гьанже билълъине байбихьараб лъимер гӀадин ячуней йикӀана. Гьале цо гохӀккелалде рахунаго Маликат нахъеги гӀодой ккана. ТӀокӀай ягъаричӀого чӀана. АскӀовго ГӀизудин вегана.

– Маликат, тӀаде яхъа. Нилъ гьанир хутӀани кӀиялго хвезе руго, – ян абуна гьес, «кӀиялго» абураб рагӀуде тӀадеги цун.

– Дида тӀокӀаб кӀолеб гьечӀо. Ягъаризеги рухӀ лъугӀун буго дир. Мун а, ГӀизудин, кӀиялго хвеялдаса цоял хун лъикӀ, – ян абулеб букӀана, росас жий гьений хвезе толареблъиялда ракӀги чӀун гьелъ.

– Маликат, битӀараб бицани, дуца хвасар гьавуна дун. ГьабсагӀат мун яччизе дир къуват гьечӀо. Дун ина. Колохъа гӀадамалги рачун

хехго тIадвуссина. ГIайиб гьабуге, батIияб рес гьечIо, – янги абулаго, гьес берал рахчулел рукIана. Гьей гIодой кколаго цояб рахъалде бортун араб къандалъо ГIизудиница кодобе босана ва гьеб мугъалда чIвана. ЧIваркьун ялагьун йикIана Маликат росас гьабулебщиналъухъ. Гьей божулей йикIинчIо ГIизудиница гIазул магIарда жий цохIо толей йигин абураб жоялда. Божулей йикIинчIо гьес ункъо-щуго гали цебехун тIамураб мехалъги.

«ГIизудин! Дуца гьабулеб щиб? Дун дур лъади гурищ? Мун киве?» – ян ракIалъ ахIулеб букIана гьелъ. Амма гьелъ росин абулев вукIарав, дагьал церегIан сардазги гьелъул гIинзукье «хирияй йокьулей, дир маулхIаят» абун рагIаби рицунев вукIарав чи рикIкIалъулев вукIана. Гьанже гьелъул ракIчIана жий хвезе йикIиналда. Дагьаб цевеги жиндица ваччун вукIарав гIолохъанчияс жий рехун теялда.

– ХIалихьат! Ягъзин! – ян гьаракь биччан абуна гьелъ. Амма гьелъул рагIаби гьороца гIазуда цадахъ доре рикIкIаде хъамун ана. Гьей кIалагъоркье гIодой ккана ва тIаде бачIунеб бугеб кьогIаб хвелалъул хIисаб гьабулаго лъавудаса ана…

Нахъисеб къоялъ Гванзуласул колохъ рукIарал гIадамал риххун хутIана, азбаралде мугъзада кIудияб хъабарчаялда гъорлъ жемараб жогун базалияб черхалъул цо гIолохъанчи хъурщун вачIараб мехалъ. Гьениб жаниблъиялда щибго гьорол махIцин букIинчIо. КолотIа рукIарал гIадамал гьесде данде рортана.

– Нахъе йиче, нахъе йиче ва рокъое йосе, – ян абуна гьес нур сварал beralги гьезда речIчIизарулаго.

Квасул куналъул хьухьун гьабураб кваралъ гIолохъанчиясул черхалдехун бухьараб кIудияб хухазул тIехьалъул гьабураб хъабарча нахъе бичарабго, гьелда гъорлъ йигоан гIолохъанчIужу. КIигояс ккун гьей рокъое жание йосана, хутIараз гIолохъанчи тIаде вахъинавуна.

– Огь-гьай, – ян угьун биччана гьес, – чIаго-гIатIго рорчIанин ккола.

Гьесда тIад ретIараб фуфайка бугоан бихъ-бихъун, тIаждал накабиги ругоан тIутIун ун. Амма щибго гьечIеб гIадин дове-гьанивеги валагьун, гьев яс йосун араб рокъове ана.

- ГIаракъи гьечIищ? – илан гьикъана гьес, киназдего берги щвезабун.

– Буго, – янги абун, колол бетIергьанас гьесухъе бегьана гуржи гIаракъидул шиша.

– Ма, – янги абун гIолохъанчияс шиша цо чIужугIаданалъухъе кьуна. – ГIицI гьаюн, кинабго ретIелги тIаса бахъун, кинабго черхалда бахе. ЛъикIаб хIалалъ лъулълъай. Мадар гьабизе буго. ХутIарал къватIире рилълъа.

Киналго гьес абурабги гьабун рагъиде лъугьана. ГIолохъанчияс тIаса чакмаял рахъана ва гIазулъ хIатIалги лъун гьел гIаздаца лъулъазе лъугьана. Вортун ун колол бетIергьанас цоги шиша гIаракъидул бачIана ва цIураб стакан гьесда цебе куна.

– Баркала, баркала, – янги абун гIолохъанчияс гьеб хьатинибе тIуна ва хIатIазда, кверазда, гьурмада бахана.

– ЧIая, чIая, – ян абуна гьенив вукIарав цо чияс. – Дуцаги бахъе тIаса ретIел, дуеги тимар гьабизе кколеб хIал бугилан ккола.

КIваричIин абуниги, гьес течIого, гIолохъанчи цогидаб рокъове вачун ана.

– Рукъзал хинлъизаре, – ян буюрана колол хважаинас.

Гьеб къоги нахъисеб къоги Маликатицаги ГӀумардибирасги (гьев вукӀана дов гӀолохъанчи) Гванзуласул колода бана. Лъавуде рачӀана, бакъалде рахъана, дагъа-макъаб жо кванана. Ункъабилеб къоялъ гьел гьенир ругел гӀадамазе баркалаги кьун, нухтӀа рахъана. Иналде цебе Маликатица колол бетӀергьанасул чӀужуялда гьикъана:

– Ниж рачӀинаде цебесеб сордоялъ цо гӀолохъанчи вачӀинчӀищ нужехъе? – абун.

– ВачӀинчӀо. Щиб ккараб? – абун гьикъана гьелъ.

– Гьадинго цӀехолеб букӀана, цо чиясул лъалкӀ букӀана цебе батулеб…– ан къокъ гьабуна Маликатица.

Радал хехго рахъарал гьел маркӀачӀул гӀужде Маликатил росдал кӀалалде щвана. Росулъе лъугьаралго Маликат лъалхъана.

– ГӀумардибир, мун нижер гьобол ккола, – ян абуна гьелъ.

– Маликат, баркала дуе гьоболлъи рагӀизабуралъухъ. Дун нужехъе вачӀина, амма гьадинаб къотӀиялда: мун рокъое а, инсуда бице ккарабщинаб ва гьес дуе вихьизе бокьилин абуни дида хадуй ячӀа.

Маликат ана. СагӀатгӀанасеб заман бана ГӀумардибирас росдал рагӀалда цо ганчӀида гӀодов кӀусун.

«Щиб лъалеб, Маликатил инсуе яс чияр чиясда цадахъ росулъе ячӀанилан абиялдаса жийго ячӀанин абизе бокьила. Биччанте гьеб кинабго балъго хутӀизе», – ян пикру гьабулеб букӀана гьес.

– ГӀумардибир, мун инсуца ахӀулев вуго, – ян абуна Маликатица гьесда аскӀоеги ячӀун. Гьев, щибго абичӀого, ясалда хадув ана. Кавудал кӀалтӀе данде рахъун рачӀана Маликатил эмен ГӀабдулаги, гьесул кӀиявго васги. Гьез иргадал къвал бана гьесда ва рокъове вачана.

– Баркала, ГӀумардибир, дуца гьабураб бахӀарчилъиялъухъ. Гьеб кидаго кӀочон тезе кӀолеб ва бецӀун бажарулеб иш гуро. Кканщинаб жо кинабго Маликатица нижее бицана, – ян абуна ГӀабдулаца. Гьеб сордоялъ хадув Маликатил кӀудияв вацги ун ГӀабдулал бакӀалде рачун рачӀана ГӀизудинги гьесул эменги.

– Маликат, – ан гьаракь борчӀана ГӀизудинил гьелда берчӀварабго ва гьеб параялъ вуцӀцӀун чӀана.

– Бице, дир яс Маликат, дурго вакьадасе, гьоркьоб жо течӀого, дурги росасулги нухда ккарабщиналъул, – ан абуна ясалда ГӀабдулаца. Маликатицаги, гьоркьоб хӀарп течӀого, бицана гьаб тӀадехун нилъеца бицарабги, бицинчӀого гьоркьоб тарабги. Ва ахиралда, аххун тузеги тун, гьелда тӀад хӀетӀеги лъулълъан, гӀодилаго, цояб рокъое екерун ана. ГӀизудин тӀепун чӀарав тӀокӀав вагъаричӀо.

– Гьанже щибха, СултӀан, нилъеца гьабилеб? – ан гьикъана ГӀабдулаца ясалъул вакьдасда.

– ХӀалихьат! – ан чӀчӀичӀчӀидана СултӀан васасде, – хвезе чӀужуги магӀарде рехун, тӀурарав ягъзин. Дуца бода суризавуна, халкъалда рагӀизавуна дун. Кьолбодаго чӀегӀераб тӀанкӀ лъурав угърaш…

– ГӀабдула, дир вац, хъизаналъ дида абуна ГӀизудин вачӀун вугин, амма къаси гурого лъачӀо гьев живго цохӀо вачӀун вукӀин. Лъан букӀарабани, дица гьесие щиб гьабилеб букӀарабали лъаларо!

– Кинабго лъикӀ ккана, СултӀан. Амма кӀиго суал буго ГӀизудиние

кьезе: щай гьес колотІе щвараб мехалъ ахІи бачІеб? Гьединги гьабичІелъул, росулъе щвараб мехалъ нижеда аскІове щай вачІинчІев кканщинаб бицине? Хун ятаниги, чІаго ятаниги, ихдаллъизегІан гІазукь течІого, гьей ялагьизе ниж инаангури. Лъабабизеги, хадуб нижеда кин гьес бицине букІараб чІужу магІарда теялъул хІакъалъулъ.

ЦІорораб тІалугІанги кІалъачІо ГІизудин.

– Вахъа, ракь те гьаниса, хІалихьат! – ан ахІдана СултІан. ГІизудин ине лъугьана. Амма гьев Маликатил кІудияв вацас чІезавуна.

– Эмен, гьас тІубачІого гІолареб иш буго жеги хутІун.

– БитІарабха, дир вас. ГІизудин, гІадамасе рухІ хирияб жо буго. Амма гъоркьго чІужуги тун жиндирго рухІ хвасар гьабиялдаса хІалихьатаб жо дида лъаларо. Нижер ясалда цІар тІаме гьабсагІат.

РагІулеб рагІулареб гьаракьалъ абизе кколел рагІабиги абун, ГІизудин къватІиве ана, гьесда хадув вахъун эменги ана.

Гьеб сордоялъ къаси нахъалъизегІан хабаралда хутІана ГІумардибирги, Маликатил эменги, вацалги. ГІумардибирас гьезие бицана киса жив кколевали. БетІербахъиялъе лъарагІлъиялде хІалтІизе ун вукІин ва хасел щвелалде тІадвуссунев вукІин.

Радал ГІумардибир нухда вахъине хІадурлъана. Кванан хадуб ГІабдулаца абуна:

– ГІумардибир, нолъ мунги вегизавун, хабаралда хутІана ниж. Ва нижеца хІукму гьабуна, мун разилъани, Маликат дуе кьезе.

– Долда цІеханищ нужеца?

– ЦІехана, гьей разияй йиго.

– Гьей разияй ятани, дунги разияв вуго.

– Гьедин, диего хъизан гьабилалде гІарац балагьизеян къватІиве вахъарав чи, дун ячун Маликатгун вуссана росулъе. Лъидаха ракІалде ккун букІараб ХІаригабурлъухъ гІазул цІураб магІрада дирго къисмат батилин абун. Доб къоялъ, хІалицаго галабиги рахъун, хвечІого ворчІиллародаян Аллагьасдеги гьардолаго вачІунев вукІарав дида, гІазуца яхчизаюлей йигей Маликатил берал рихьараб мехалъ кинабго кІочон тана. Гьел беразулъ букІана гьариги, ахІдейги, гІумруялде бугеб хьулги. Гьабугьин бетІерги ракьалдаса борхизабун бадие ялагьун гьей чІараб мехалъ ракІ гьедана, дунго хваниги, гьай гІадан дица хвезе теларилан. Щиб лъалеб, доб сордоялъ дунги хвезе бегьулаан магІарда. Амма мугъзада Маликат йикІиналъ кьуна дие таваккалги, чорхое къуватги, къвакІиги. Лъаларо, гьалъ дунищ, дица гьайищ хвасар гьаруралали.

Гьедин лъугІизабуна ГІумардибирас жиндирго хабар. Дун Маликатил бадиве валагьана. Гьедин рукІун ратила доб къоялъги гьелъул бералан ккана ракІалде. МагІил цІурал гьезулъ жакъаги бихьулеб букІана жиндирго хирияв росасде, анкьго лъимадул инсуде бугеб рокьиги, гьариги, ахІиги. Гьез жакъаги абулеб букІанин ккола «Баркала дуе, дир хирияв инсан. Дир гІумруялъухъ, талихІалъухъ, цебе букІине бугелъухъ».

# Умумузул рукIа - рахъин

## ДАГIБА-РАГIИ ТIУБАЗАБИЯЛЪУЛ ГIАДАТЛЪУН РАТАРАЛ КЪАГIИДАБИ

Жеги 1728 соналдаго Авариялде щун вукIана гIурусазул гIалимчи И.Г.Гербер. Гьес магIарулазул нухмалъиялъул къагIидаялъул хIакъалъулъ гьадин хъвана: «Таулиял (ай аварал) лъиениги киданиги мутIигIаллъун рукIун гьечIо, гьезда тIад букIун гьечIо лъилниги ханлъи. Гьезда тIадчилъи билълъанхъизабизе лъицаниги хIаракат бахъулеб букIун батичIогоги бегьула, щайгурелъул, гьелдаса щолеб хайир гьечIелъул ва кидаго гьел мутIигIлъиялда чIезаризе захIматго букIине бугелъул».

МагIарул чиясул хасият якъинго бихьула гIаммаб рукIа-рахъиналда. Гьеб хасият рагьулеб цо хIужалъун ккола бидулаб рецIел. Гьеб рецIел рикIкIуна инсаният цебетIеялъул патриархалияб заманалъул хутIелллъун. Доб мехалда гьезул жамагIатазда рукIинIо чIвай-хъвей ккеялъул хIужа тIубазабулел правоялъулал нормаби, букIинчIо обществоялда цогояб гIадлу-низам цIуниялъе пачалихъалъул гIуцIи. Гьединал шартIазда чIвай-хъвей лъугIизабиялъе квербакъулеб цохIо къагIидалъун букIана бидухъ рецIел боси. Чи чIвазегIан цебе гьеб гIадаталъ магIарулал ургъизе тIамулаан жинца чIварав чиясул бидухъ жиндирго би гIодобе тIеялдалъун жаваб кьезе ккезе букIиналда тIад.

ТIабигIаталъулъго гIадин обществоялъулъги кинабго цоцада бухьун букIуна. Тунка-гIусиял ругелъур рукIуна гьел лъугIизариялъе нухалги. Жибго цебетIеялъул батIи-батIиял заманабазда обществоялда тунка-гIусиял лъугIизариялъе батIи-батIиял къагIидаби ратулаан. ТIуразаричIого хутIарал тунка-гIусияз ва масъалабазул бакIлъиялъ квешаб асар гьабулаан общество цебетIеялъе.

XIX гIасруялда гьединал гIунгутIаби камун рукIинчIо аваразул жамагIаталда гьоркьорги. Дагъистаналдаго гIадин, аваразул обществоялдаги чIвай-хъвей ва гьелъул хIасилалда бидухъ рецIел боси букIана бищунго гIемер кколеб такъсирлъун. XI. Хашаевасул баяназда рекъон, бидухъ рецIел босиялъул ялъуни хIурияталда цебесеб тухумазул рукIа-рахъиналъул хутIелазул гIайибалдалъун Дагъистаналда щибаб соналъ 600-ялдаса цIикIкIарав чи холаан. Цо-цо мехалдайин абуни, бидухъ рецIел босиялъул гIадат цIакъго вахIшияб къагIидаялда тIубазабулаан. Мисалалъе, бидулав тушман хъолаан битIахъе гьес чIварав чиясул хабада тIад. Гьединлъидал, цIакъ бегIерго цебечIун букIана чи чIваялъул ва лъукъиялъул тунка-гIусиял бидухъ рецIел босиялде ккечIого тIуразариялъул масъала. XIX гIасруялда аваразул обществоялда жамгIиял гьоркьорлъаби рукIалиде ккезариялъул иш гьабулаан гIадатазда ва шаригIаталда рекъон. Гьездаго цадахъ хIалтIизабулаан маслихIатчилъиги. МаслихIаталъул кумекалдалъун кинаб букIаниги тунка-гIуси къотIизабизе кIвани, гьелде гьоркьобе гIадат ялъуни шаригIат лъугьунароан. МаслихIатчилъиялъул хIасил

ккечIони, чи чIваялъул бокьараб хIужа лъугьине бегьулаан тухумазда гьоркьоб ахирго гьечIеб бидулаб тушманлъиялъул байбихьилъун.

Гьединал лъугьа-бахъинал къанагIат гуро ккарал. Мисалалъе, Салатавия обществоялъул Гуни росулъ ГIабдалилазул ва ХIамагилазул тухумазда гьоркьоб ккараб тунка-гIуси гIелалъ гIелалъухъе кьун халатбахъана ва лъугIел гьечIеб тушманлъиялде сверана. ЦохIо нухалъ кIиябго кьибилалда гьоркьоб ккараб рагъ-кьалалъул хIасилалда чIван вукIана цо тухумалдаса ункъо, цогидалдаса анлъго чи. Гьеб тушманлъи лъугIана гIицIго тухумазул цояб цогидаб росулъе гочун хадуб. Цоги мисал, XIX гIасруялъул байбихьуда ГIанди округалъул Цибилда росулъ ккараб тунка-гIусиялъул хIасилалда чи чIвана. Гьеб лъугьа-бахъин маслихIаталдалъун лъугIизабизеги кIвечIого, кIиго тухумалда гьоркьоб ккана бидулаб тушманлъи. Гьеб тушманлъиялъул хIасилалда гьитIинабго росдал гIицIго ункъо чи хутIана, хутIарал киналго цоцаца чIван лъугIизаруна.

Бидулаб тушманлъи ккарал гIадамал росу тун къватIире ин букIана доб мехалда тухумазда гьоркьоб тушманлъи лъугIизабиялъул рахъалъ бищунго тIибитIараб къагIидалъун. Мисалалъе, ЧIикIаб росдае кьучI лъун буго гьидерил жамагIаталдаса бидул тушманлъиялъул хIасилалда къватIиве ине ккарав кIиго вац Хидраца ва Мусаца. Гьеб лъугьа-бахъин ккун буго XVI гIасруялдаго. Гьанжесеб Кутиша росдае кьучI лъун буго, гьединго гьанжесеб Гумбет районалъул Аргъваниса бидул тушманлъиялъул хIасилалда къватIире ине ккараз. Гьединал лъугьа-бахъинал цIакъ гIемер рукIана тIолабго авариялдаго. Амма XX гIасруялда бидулаб тушманлъиялъул хIасилалда гIумру гьабизе къватIире ккаразул къадар гIемерго дагьлъана. Гьелъие гIиллалъун ккола бидул тушманлъи ккарал гIадамал жидерго росулъ къабул гьаризе жамагIатазе бокьунгутIи. Щайгурелъул, жамагIаталъул жанисеб парахалъи цIуни рикIкIунаан цIакъ кIвар бугеблъун. ГIадада гуро магIарулазул бокьараб жамагIаталъул гIадатазда, тIоцебесеб иргаялда, бихьизабулеб букIараб росдал гIадлу-низам ва парахалъи хвезабуралъухъ гьабулеб тамихI.

Дагъистаналъул халкъаз гIасрабазго гIуцIана жидеего хасиятаб, жидецаго жидеего нухмалъиялъул административияб къагIида. Гьениб бищунго кIвар бугеб бакI кколаан тунка-гIуси тIубазабиялъул идарабаз. Жидецаго жидеего нухмалъиялъул органазул букIана гIага-шагарго гьадинаб гIуцIи: жамагIаталъул бетIерлъуда вукIана росдаца жиндир адаб-хъатир гьабулев чи; жамагIаталъул гIадлу-низам цIуниялда хадуб хъаравуллъи букIинабулаан махIкамачияс (гIарабиязул махIкама-суд, арбитр абураб рагIудаса). Гьезго тIубазабулаан росулъ ккараб тунка-гIусиялъул суалги. БатIи-батIиял жамагIатазда гьезда батIи-батIиял цIаралги рукIунаан – гIадилзаби, чIухIби. МахIкамачагIаз ишал тIуразарулаан жидерго росулъ ругел гIадатазда рекъон. ГIадаталда рекъон тIубазабизе кIолареб захIматаб лъугьа-бахъин бугони, махIкамачагIаз кумек гьарулаан хIурматиял харабаздаса (ЧIикIаб гьединал харабазда жамагIатчагIийилан абулаан). Судалъул хIукму тIубазабиялда хадуб хъаравуллъи букIинабулаан гIелаз. Гьезул тIадаб ишлъун букIунаан жамагIаталъул ахал-хурзал цIуни ва жамгIиял рецулел бакIалгун рекьулел хурзал рикьи. ГIелал рищулаан тIолабго жамагIаталъ бищунго

лъикI росдал гIадатал ва гIадлу-низам лъалел, ракIбацIцIадал чагIазда гьоркьоса. Щибаб тухумалдаса цо-цо гIел вищулаан. Рищун хадуб гIелаз росдае гьа балаан жидерго тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразаризе ругилан. Гьезие чIезабураб мухь букIунароан, гIакIа бахъун щвараб дагьабго гIарац гьоркьоб бикьи гурони. Амма гьел эркен гьарулаан ирга гьабун росдалго боцIуе вехьлъи гьабизе иналдаса.

Щибаб росдал жамагIаталъул букIана дибирасул ялъуни къадиясул хъулухъ. Гьев вищулаан тIолабго жамагIаталъ. Цо-цо росабалъ цого заманалда къадиги дибирги вукIунаан. Гьезда тIадаб букIана рузман къоялъ вагIзаби гьаризе, диниял тадбирал нухда тIамизе, шаригIаталда рекъон росулъ ккарал дагIба-рагIиял тIуразаризе. Гьеб хIалтIухъ дибирасе ялъуни къадиясе щолаан:

1) хварав чи вукъаралъухъ хварасул тIасияб ва гъоркьан ретIел, хъураб куйдул бащалъи;

2) ригьин гьабиялъул  тадбирал тIуразаруралъухъ 50 копекалдаса цо гъурщиде щвезегIан гIарац (доб заманалда 4-5 гъурщиде оц бичун босизе бегьулаан;

3) чи хун ялъуни рос-лъади ратIалъун, буголъи бикьаралъухъ 20 копекалдаса 3 гъурщиде щвезегIан гIарац.

ЦIакъго кIвар бугел, тIолабго эркенаб жамагIаталда хъинтIулел суалал тIуразариялъе щибаб жамагIаталдаса вакилзаби данделъулаан цебеккунго тIаса бищараб бакIалда. Гьединаб бакIлъун Салатавиялъул жамагIатазе букIана Миккиласул ицц. Щибаб соналъ гьеб бакIалда Салатавиялъул анцIила лъабабго росулъа вакилзаби (нусгогIан чи) данделъулаан киналго жамагIатазе гIаммал масъалаби гьоркьор лъезелъун. Гьебго данделъилда 50 чиясда цIарчIвалаан бол гIелаллъун рукIине. Гьез хъаравуллъи букIинабулаан росабалъ гIадлу-низамалда хадуб. Гьел рукIунаан бищунго бахIарчиял, бажари бугел ва ритIухъал гIадамал. Гьез гIадлу гьабулаго бухIулаан чи чIварасул рукъ, чи лъукъарасулин абуни, хъолаан оц ва гьеб гьан кваналаан. МутIигIлъуларезухъа бахъулаан гIакIа. Росулъ къанагIатги вукIунароан гьезие мутIигIлъуларев чи. Гьединал рукIана Авариялъул эркенал жамагIатазда жидецаго жидеего нухмалъиялъул гIаммал къагIидаби. Гьебго заманалда, батIи-батIиял жамагIатазда жидецаго жидеего нухмалъиялъул цо-цо хаслъабиги камулароан.

Халгьабизин, чи чIваялда ялъуни лъукъиялда хурхун ккараб тунка-гIуси тIубазабиялъул рахъалъ бищунго тIибитIараб ва кибго къабул гьабураб маслихIатчилъиялъул къагIидаялъул. Чи чIваравго, чIвадарухъан, гIагараб росуги тун къватIиве, рикIкIадисеб росулъ вугев гIагарав чиясухъе ялъуни гьалбадерихъе ине кколаан. ГIицIго гьидерил жамагIаталда чи чIварав къватIиве вахъинчIого рокъов вукIунаан. ГIанди округалда чи чIварас тIаса бищулаан росулъ чIеялъул ялъуни къватIиве тIуриялъул нух. Росулъ чIани, хIинкъи букIунаан гордухъа къватIиве вакканигицин  бидул рецIел босун чIваялъул. Гьединлъидал, гьев чанго моцIалъ къватIиве ваккичIого рокъов вукIунаан, тушманлъи ккаразулгун маслихIат гьабизегIан. Цо-цо жамагIатазда чи чIваравгун цадахъ гIагараб росулъа къватIире ине кколаан гьесул цебесеб гIагарлъиялъул гIадамалги. Мисалалъе, Гъоркьинхо росулъа чи чIварасул тIолабго хъизан къватIибе битIулаан гIицIго лъагIалидаса тIадбуссине изнугун. КъватIире тIуризе

ккаразул хурзал рекьичIого толаан, гьесул мина чIунтизабулаан. Чи чIварасдехун гьединал хъачIал тадбирал рилълъанхъизарулаан чи чIваялъе рукIарал гIиллабиги хIисабалде росун: тохлъукьегойищ ялъуни цевеккунго ургъунищ чи чIваравали ва тушманлъиялда ругезул социалияб ахIвал-хIалалъухъги балагьун. ТIоцересел къоязда рекъон кколел шартIал ругони, жинца чи чIварасул гIагарлъиялъ жидер чи чIваразухъе гIадамал ритIулаан чIварав вукъиялъе харжал гьаризе жоги босун. ГIадат хIисабалда битIулаан мусрудай базе боз ва хъвезе оц. Бозил ххам бухьунаан оцол лълъаразда. Жидер чи чIвараз гьеб къабул гьабуни, гьелъул магIна кколаан рекъел букIинабиялъул рахъалъ тIоцебесеб гали тIамун бугин абураб. Гьеб къабул гьабун хадуб бидулав тушманлъун хутIулаан чи чIварасул гIагарлъи гуреб, гIицIго жинца чи чIварав.

МаслихIатчилъиялъул хадусеб гали букIана халатбахъараб ва захIматаб. Гьениб аслияб хIалтIи гьабулаан маслихIаталъул тIадчагIаз, ай дибирас ва жамагIаталъул хIурматиял гIадамаз. Кидаго рекъараб гуреблъун рикIкIунаан лъагIел сверизегIан жидеца чи чIваразул гIагарлъи вукъарасул гIагарлъиялъухъе рекъел гьарун ине. Гьединаб иш ккани, чIварасул гIагарлъиялде гIунтIизабулаан вукъарав гIагарав чи боцIухъ вичиялъул гIайиб. МаслихIатчилъиялъул гара-чIвариял гьарулебгIан заманалъ, ай тIубараб лъагIалица жинца чи чIварас цIунизе кколаан тIолалго гIадатал – мегеж кIкIвалараоан, рас ва малъал къунцIулароан, рокъоса къватIиве вахъунароан.

***ХIайбула МУХIАМАДСАЛИХIОВ,***
*ДНЦялъул гIелмияв хIалтIухъан.*



# Юбилей



*ШагIир, прозаик ва журналист Париза Гереева гьаюна Казбек районалъул Хубар росулъ. Дилымалда гьоркьохъеб школаги лъугIизабун цIалана Дагъпединститутальул художественниябгун графическияб факультеталда. ЙикIана Гъизилюрт районалъулги шагьаралъулги батIи-батIиял школазда учительницалъун. Хадубккун хIалтIана «ХIакъикъат» газеталъул редакциялда ва Казбек районалъул «Чапар» газеталъул редакторлъун. ГьабсагIат Париза ккола Хасавюрт шагьаралъулги районалъулги «НасихIат» газеталъул редактор.*

*П.Гереевалъул тIоцересел асарал рахъана «ХIакъикъат» газеталдаги «Гъудуллъи», «Лачен», «МагIарулай» журналалдаги. ТIоцебесеб – «Дир талихIалъул цIва» абураб кучIдузул тIехь гьелъ къватIибе биччана 2001 соналда. Чанго соналдаса бахъана «Къисмат» абураб романги. Хадубккун Паризаца къватIире риччана кучIдузул «РекIел бухIи ва чIухIи» ва харбазулгун къисабазул «ГIумруялъул лахIзатал» абурал ва цогидалги тIахьал.*

*П.Гереевалъул гьаб «Кин гьикъилеб?» абураб хабар магIарул адабият бокьулез гъираялда къабул гьабизе букIиналда нижер божи буго.*

**Париза ГЕРЕЕВА**

## КИН ГЬИКЪИЛЕБ?

***(хабар)***

**1.**

ГIансаги гIунтIулаго, больницаялъул коридоралъуе яхъарай Майсаратида рагIана, гIагардаго бугеб палатаялъуеги яккун: «Гъазиев, рентген бахъизе вилълъине хIадурлъе!» – ян абулеб, медсестра Марьямил зирхараб гьаракь.

Майсарат лахIзаталъ, лъицаялиго нахъасан ккурай гIадин, чIун хутIана. «Гъазиев…Гъазиев…Щив гьев… Цощина… Ватуларо, дагьалищ Дагъистаналда Гъазиевал ругел? Дагьалищ гьел дихъе хIалтIудеги рачIунел». (Майсарат хIалтIулей йикIана шагьаралъул пенсиялъул фондалда).

Гьей, Марьям къватIие ячIараб палатаялъул нуцIихъе ялагьун чIана. Гьелъие цIакъ бокьун букIана гьев щивали лъаларев, амма рекIее гIажаибаб, жиндаго кинабали бичIчIулареб асар ккезабурав фамилия бугев унтарав вихьизе.

Надалде кIанцIун рачIарал гIетIул гаралги рацIцIун, къвалакь чIварал гIунсбиги росун цо рахъалда лъун, къадада мугъги цвизабун, яхъун чIана Майсарат. Гьалъул чорхолъе, лахIзаталда жаниб, къоялъ юхъарулей йикIараб гIадаб, свак бачIана циндаго. Хехго кьабизе лъугьана ракI.

МоцIалдасаги цIикIкIараб заман ана Майсаратил, машинаги тункун, бохги бекун, больницаялде ккаралдаса. Лъабго анкьалъ, добе-нахъе борлъараб хIатIида гирабазда релълъарал маххалги ран, койкаялдаса тIаде яхъинчIого, егун йикIана гьей. Гьелдаса хадуб бох гисалъулъ лъуна. «Гьанже цIидасан хьвадизе ругьунлъизе ккелаха», – ян тохтурас абидал, гьелъ хехаб къагIидаялъ жиндихъе гIунсби рачIаян хабар битIана рокъобе. Жиндаго ракIалде кковухъе бигьаяб «транспорт» батичIо гьелда гьел «херазул чуял». ЦIакъ захIматго ругьунлъулей йикIана Майсарат гьезде.

Майсарат, тIаса бер босичIого, ялагьун чIун йикIана добго нуцIихъе. КъватIиве вачIана, унтараб квегIаб гъеж квараналъ кодоб ккураб гIадин чIезабурав, къокъккараб лагаялъул, рахь гIадин хъахIлъараб бетIералъул, лъабкъоялда анцIилъа сонал арав, дагьавго гьодилъа къуларав, амма жаналда вугев разияб гьумералъул чи. Гьев вукIана кибго мугIрузул районазда жиндир цIар тIибитIарав цIулал устар Салим Гъазиев.

Майсаратил черхалде цIа бахана. Гьесда жийго йихьизе гурин хIинкъарай гьай, кьурун юссун, гордухъан къватIие ялагьун чIана. Салим, гьелде кIварги кьечIого, Марьямида цадахъ жанахIалъуса къватIиве лъугьун ана.

Майсарат гьаюгьинан жиндирго палатаялъуе лъугьана ва, угьун хIухьелги биччан, кроваталда егана. КвегIаб гъеж, кIиябго берги бахчизабун, гьурмада тIад лъуна. «Салим…Салим-даци… Унго-унголъунги дов вукIун вуго гурищ дов? ГIадада гуреб букIун буго дир чорхол хIал хисараб…»

Гьей ракIалдещвеяз рикIкIаде хъамун ана…

## 2.

Техникум лъугIун ячIараб соналъ, щвараб махщалида рекъон, Майсарат хIалтIизе тIамуна росдал совхозалъул бухгалтерлъун. ЗахIмалъаби-бигьалъабиги, къварилъи-рохелги цоцаца хисун дандчIвалел рукIана гьелда жинцаго тIаса бищараб нухда. Хеккого ругьунлъана цадахъ хIалтIулел гьалмагъзабазде. Разиго рукIана гьелдаса идараялъе нухмалъулелги. Гъеж гурун хIалтIуде гьорлъе лъугьарай гьелъул цIакъго дагьаб букIунаан эркенаб заман. Гьединаб мехалда гьелда цебе тIамулаан ГIазизил кидаго аваданаб гьумер. Гьев вукIана Майсаратихъ рокьи ккарав, цадахъ цо курсалда цIалулев вукIарав вас. РекIелъ восун вукIана гьев, гьоркьохъеб лагаялъул, канчIаб кьералъул расалъул, гьединалго канчIал гвангъарал беразул, хехаб гIамалалъул вас Майсаратилги.

Гьанже гуреб гьанже рагьилин гьесул эбелалъ жидер рукъалъул нуцIаян халккун ялагьун йикIунаан гьей щибаб гIодобкъоялъ. (ГIазизица гьалда абун букIана жиндир эбел нужехъе мун рокъой йигеб къоялъ ячIине йигилан). Амма, щаялиго, гьей ячIуней йикIинчIо. Къойилго рачIунел рукIана росуцояв Маликие гьай гьарун чагIи. Майсаратица гьесие ине инкар гьабулеб букIана.

ТIоцебесеб ункъо моцIил гьабураб хIалтIул хIисаб кьезе хIадурлъулей Майсаратил кабинеталъул нуцIидаги кIутIун, жаниве лъугьун вачIана совхозалъул директор Султанмурадги, гьалда щивали лъаларев, амма цо кивалиго вихьун вукIанин ракIалде ккарав, гьоркьохъел соназул, цIакъ жиндаго ракIчIарав, чIухIа-къулараб гIамалалъул, къамартIав гьоболги. Гьалъие саламги кьун, Султанмурад гьоболасдехун вуссана ва гьимулаго абуна:

– Гьалхе, Салим, дуца цIехолей Майсарат. Цо гьари буго дуде: къварид гьаюге нижер яс. Гьей йиго нижеца, бекиялда хIинкъараб цIорол тIагIел гIадин, цIунун йигей, киназего йокьулей, нижер идараялъе гьечIого гIоларей, лъикIай хIалтIухъан.

Султанмурад къватIиве ана.

Майсарат ургъулей йикIана кив жинда гьав чи вихьаравали.

Гьесул балагьиялъ гьурмаде багIарлъи рехизабуна Майсаратил. Гьелъ гьоболасда, квер битIун, столалда нахъа лъураб бакI бихьизабуна ва, рагIун-рагIулареб хIалалъ, гIодов чIаян абуна.

– Баркала, дир яс, гIодой чIа мунги. Дун вуго ГIазизил эмен Салим–даци, дуда лъалев ватаниги, лъаларев ватаниги.

Майсарат жиндаго лъачIого гIодое къулун ана. «Щай, гIадаталда рекъон, тIоцее эбел ячIине кколеб мехалъ, эмен вачIарав? Гьав щай дир эбел-инсухъе рокьове инчIого дихъе гьаниве вачIарав? Гьав щай, ГIазизица гьабураб къотIиялда рекъон, гIодобкъоялъ вачIине чIечIев?» Гьедин, цояб цоялъ хисун, нусго суал букIана гьелъул ботIролъ женжедулеб.

– Майсарат, дуца гIажаиблъи гьабулебги батила, ракIалдаго гьечIого, дун вачIиналда, божа дида, тIокIаб батIияб рес букIинчIо. Дун вачIун вуго цо гьадинаб къваригIелалъ: тIоцебесеб иргаялда – дие цIакъ бокьун букIана гьадигIан цIакъ дир васасул рокьи ккарай, гьесул гIакълу босарай яс щийдай, кинай гIадан йигояли йихьизе. Йихьана гьале мун ва ракI рагьун абизе ккола – гьесда кинабгIаги гIайиб букIун гьечIилан; кIиабилеб иргаялда – дие хIажат буго цо гьадинаб ишалда гьоркьоб дур гIакълу. Лъаларо, кин дуда гьеб абилебали, абичIого кинго ресги гьечIо. Лъалищ, Майсарат, ГIазизил йиго гьитIинаб къоялдаса нахъего абурай яс… Гьей йиго нижерго тухумалъул яс. Гьеб гьесдаги лъалаан, гьесие гьей рекIееги гIолаан. Гьанже рукъалде вуссине заман щвараб мехалъ гьев, бетIер къотIаниги, жинца гьей ячунарилан чIун вуго, гIилла нилъедаго лъаларищха. Дирго гIагарлъиялда гьоркьов цIакъ санагIалъи бахъараб хIалалде ккезавун вуго дун васас. Киналго эбел-инсуего гIадин, нижерги анищ букIана гIадат-гIамалги данде кколей, рагIи-мацIги цогояй яс нуслъун йихьизе. Гьеб биччалеб гьечIо ГIазизица. Бокьун буго щибдай гьабун лъикIилан дуда гьикъизе.

Майсарат, ботIролъ тIил кьабурай гIадин, гьалгъазаюна Салимил хабаралъ.

– Цоги бокьун буго лъазе, кинаб хIалкIвеялдалъун, кинаб дарухxералъул, халмач-сабабалъул кумекалдалъун кIвараб дуда ГIазизил, цогидалъ рукIун ккураб рекIелъе нух бахъизе, эбел-эмен, вац-яц лъалареб хIалалъ гьев дудехунго вуссинавизе? Щиб дуца гьесие гьабураб?

Майсарат тIаде яхъун ячIана. Гьелъул беразда цебе сурсур лъун

букIана. Гьей, канлъи босарай гIадин, тарун ун гIодой ккезе яхъана. Гьелъ кIиябго кжералъ берал рацIцIана. Гьеб бихьарав Салим цодагьав виххана. Гьев тIадеги вахъун Майсаратида аскIове вачIана.

– ГIодой чIа, дир яс, гIодой чIа. Щай мун къварилъахъдулей? Воре, гIадалал жал гьаруге. Щибго гуреб жо сабаблъун гьедин лъугьине бегьилищ мун?

Жинцаго бицунеб букIараб хабаралъул пластинка, цоги рахъалдехун сверизабуна гьес:

– Бице дида, дун лъида аскIове ине бегьулев гьабсагIат дур рагIи босизе? Эбел-эмен ругищ рокъор? Рукъ кибехун бугеб нужер?

Майсарат кIалъачIо. Гьей гьурмада кжералги чIван, йикIаралъуйго кIусун ана.

– Майсарат, мун дида тIасалъугьа, дир яс. БитIараб бицани, дида бичIчIуларо рокьиян абураб рагIул магIна. Гьеб кинаб жо букIунебали дида лъазего лъаларо. Гьединлъидал, дун цодагьав беццго валагьула гьеб асаралъ кверде росарал гIадамазухъ. Гьедин ккана жакъаги. БукIа абе нужее бокьухъе. Бице дида, киве дун гьабсагIат ине кколевали?

– Мун ине ккола вачIарабго нухги ккун, тIадвуссун дурго росулъе.

– Гьеб лъала, амма цин къваригIун буго дур эмен вихьизе.

– Щиб гьабизе дуе дир эмен?

– Дун вачIун вуго нужер росулъе хасаб мурадгун.

– ТIубана гурищ дур мурад. Цоги кинаб букIараб къваригIел?

– Майсарат, жакъа дица дур инсухъа рагIи босизе ккола мун ГIазизие кьелин абураб. Бице дида, вугищ дур эмен рокъов?

– ГьечIо, вукIараваниги дица мун гьесухъе виччазе вукIинчIо.

– Гьеб щай?

– Цо бугони – биун меседил тIун гьавун кьуниги дие дур вас хIажат гьечIо; кIиабизе, дару-сабаб гьабун, гьелдалъун рекIее бокьараб щвезабизе кIолеб махщел дир букIарабани, дица гьеб дур васасе гуреб, гьесдасаги дирго рокьуе мустахIикъасе гьабизе букIана. Лъабабизе, дудаго лъан букIине, абизин: накалда хъурщун вачIун гьараниги, дир инсуца дун дур васасе кьоларо. Щай абуни, киналго эбел-инсулго гIадин, гьезулги мурад буго гIадат-гIамалги данде кколев, мацIги цIарги цогояв, жидерго тухумалъул росулъа вас дурцлъун вихьизе. Дун йиго гьезул лъезе бакI тIагIарай, цохIо йигей яс. Гьединлъидал, гIадада вортанхъуге. Дуе нух битIаги. ГIазизидаги абе баркала бугин гьеб гьуинаб хабар босун мун дихъ витIаралъухъ.

Майсаратица гьел рагIаби абулел рукIана хIалалъго, щокъроб къараб гIомоги къулчIулаго.

– ГIазизида лъаларо дун духъе ун вукIин. Дие бокьун букIана гьесие сайгъат гьабизе…

– РикIкIе дуца гьеб сайгъат гьабунилан. ТалихIаб батаги гьесулги, гьесул рекIелъ йосун йикIарай абуралъулги цадахъаб гIумру.

Гирун рачIунел магIил гарал Салимида рихьизе бокьичIей Майсарат, кабинеталъув гIодов чIаралъув гьевги тун, яхъун къватIие ана.

– Бугони, киданиги лъазе тоге ГIазизида дун духъе вачIун вукIараблъи, абе дуцаго инкар гьабунин гьесие лъадилъун ячIинеян! – абун ахIана Салимица Майсаратида хадуб.

Совхозалъул минаялде нахъехун чIарал гъутIбузукьги яхчун гIодулей Майсаратида вихьана гIагардаго чIезабун букIараб машинаялде аскIове щолев Салим. Гьес, разиго, рахъ-рахъалдеги валагьун, кабиналъул нуцIа рагьана ва эркенго жаниве лъугьун ана.

ХIурул накIкIги нахъа тун, гьеб росулъа къватIибе ана…

**3.**

Майсарат хIинкъун йикIана, цадахъ хIалтIулезда жийго гIодун йикIин лъазе гурилан. ТалихIалъ, хIалтIул къо лъугIизегIан цониги чияс гьелъул кабинеталъул нуцIа рагьичIо. Бакъанида рокъое щварай гьалда азбаралъуйго ятана эбел. Гьей йорхун Майсаратихъги ялагьун, «ЯчIарийищ, Майсарат?» – анги гьикъун, жиндирго хIалтIуде юссуней йикIана. Гьеб лахIзаталъго, цо щибалиго ракIалде щвараб гIадин, цIидасан тIаде йорхун ячIана ва, битIахъе ясалъул бадиеги ялагьун, гьикъана:

– Щиб ккараб? Щай мун гIодарай?

– ГIодичIо дун.

– МагIу чвахизегIан елъанхъулейищха йикIарай?

– Щай дуда гьедин ракIалде кколеб?

– Дурго гьурмахъ ялагьарайищ мун, Майсарат? МагIица чурарабги, лъеца чурарабги гьумер батIа бахъизе лъангутIизе дун дуе лъимерищ йигей? Лъица мун къварид гьаюрай? Лъилгун кIалъай ккараб?

– КкечIо, эбел, щибго. Гьадинго кеп гьечIого йиго.

Мухлисатида бичIчIана ясалъ цо щибалиго бальго гьабулеб букIин. Гьелъие бицине бокьун гьечIеблъи: «ЛъикI бугоха гьедин батани» – ян хабар къокълъизабуна гьелъ.

Гьебго сордоялъ цIидасанги ячIана Маликил эбел Пари Майсарат васасе кьеян гьарун. Ясалъул разилъи гьечIони жинда щибго гьабизе кIоларилан нухда регIана гьей Мухлисатица.

Парида хадуб нуцIаги къан ячIуней Мухлисат, битIахъего, Майсаратида аскIое ана.

– Гьаха, Майсарат, бице кидаллъизегIан гьадай чIужу дуца гьание хьвадизайизе йигей?

– Дицайищ гьей хьвадизаюлей йигей?

– Дицайищха?

Майсарат гьимана.

– Эбел, дица киданиги битIичIо гьелда хадуб хабар нижехье ячIаян. Щай дуца диде гIайиб гьабулеб?

– Майсарат, мун йиго гIезегIан гIакъилай яс. Дуда лъазе ккола кинабго жоялъе жиндир законги, нухги, болжалги букIунеблъи.

– Къокъ гьабун абе, эбел, щиб дуе бокьун бугеб?

– Дие бокьун буго мун Маликие кьезе.

– ЛъикI буго, эбел, ина дун гьесие. Рази йигищ?

Мухлисат чIваркьизарун бералгун ясалъухъ ялагьана. Гьелда ккана гьей жинда тIад елъулей йигилан.

– Божуларогойищ, эбел? Дир махсаро гуро. Дуе бокьун батани, ина дун гьесие. Гьедин абе гьесул эбелалдаги.

Гьел ахирисел рагIаби абулелъулги Майсарат щакърахунаго, аскIоб

букIараб диваналде рехун ана. Гьей, къватIибе сас бахъине течIого, гIодулей йикIана. КигIан эбелалъ гьараниги гьелъ жиндирго къварилъи гьелъие бицинчIо.

### 4.

МоцIидасан гьабуна росуго данде ахIараб кIудияб бертин… КIиго лъагIалидасан, анлъго моцI барай яс Сапиятги цадахъ ячун, Маликги Майсаратги ана росулъа. Жиндир гIелалъул гIолохъабиго гIадин, росулъ хIалтIи гьечIого хутIун вукIарав Малик, шагьаралда горводканалалда гIезегIан кIудияб хъулухъалда вугев имгIал АсхIабгIалица, лъикIаб хIалтIиги кьун, вачана гьениве жиндаго аскIове. Ясалъул кIиго сон тIубараб мехалъ, лъималазул ахикье гьейги кьун, Майсаратги яхъана довго АсхIабгIалица цебеккунго балагьун букIараб хIалтIуде – пенсиялъулаб фондалде. РакI рекъана Майсаратил гьеб хIалтIуда. ЛъагIалидасан гьавуна вас. Гьев хIатIазда вахъун чIелалдего гьаюна цоги ясги.

Цо къоялъ поликлиникаялдаса ясги ячун рокъое ячIуней Майсаратида дандчIвана ГIазизил яцгIал Раисат. Гьал цоцазда лъалаан цIалулел соназдаго, амма долдаса нахъе рихьун рукIинчIо. Урхъун каранде къарай Майсарат, кодой ккурай ясалъул чIичIий бахъиндал гурони жиндасаго йичIизе йиччачIо Раисатица. Гьелъул берал рохалица кенчIолел, цадахъго магIилъ лъедолел рукIана. ТIад-тIад юссун къочулей йикIана гьей Майсаратида.

ГIемераб хабаралдаса хадуб, Раисатица гьикъана Майсаратида:

– Майсарат, битIахъе бице, кин кIвараб дуда рехун ГIазизги тун цогидасе ине? Мун росасе ун йикIин лъараб къоялъ дуда гьев вихьун вукIаравани, битIахъего ракI кьвагьилаан дур. Жиндир талихIкъеялъе гIайибиял нуж ругилан ахIдана эбел-инсуде, сверухъ ругелщиназде вортана, ахиралда ракIги унтун, танкан гIодов ккана. Хехаб кумекалъул машинаги ахIун хIалалъ вачIинавуна рукIалиде. Дица гьесие бицанщинаб хабар кагътиде босарабани, тIубараб том гIелаан гьелъул.

Майсарат, каранде ясги къан, Раисатихъги гIенеккун, цо рагIудалъунцин гьелъие жавабги гьабичIого, гIисинккун соролей йикIана.

– Мун щай, Майсарат, кIалъаларей?

– Щиб дица абилеб, Раисат? Дие бокьун гьечIо гьеб букIараб-араб ракIалде щвезабизе. Гьелъулъ дида рекIел бакъвай гуреб щибго батуларо.

– Унго, течIебищ дур рекIелъ ГIазизил рокьуца кинабгIаги лъалкI? Щоларищ гьев дуда цо нухалдагIаги ракIалде?

Майсарат пашманго Раисатихъги ялагьун гьимана.

– Гьелъул батIалъи щиб, Раисат, гьанже? Дида ракIалде щунин абун хисизе жо щиб бугеб гьесулги дирги гIумруялъулъ. Дун божарай йиго гьев талихIав ватиялда.

– Дуда гьединищ ракIалде кколеб?

– Дир гьелда ракIчIараб буго. ГIадат-гIамалги данде кколей, мацIги-цIарги цогояй, тухумалъул яс ячарав гьев талихIав вукIине ккеларищ?

– Лъица дуда абураб гьес тухумалъул яс ячанилан?

Гьезул хабаралъе ахир лъуна цIидасанги гIодизе, чIучIадизе лъугьарай ясалъ.

– Раисат, йилълъа дихъе гьоболлъухъ. Чайги гьекъолаго гIодорги рукIун, эркенго гара-чIварила нилъ.

– Баркала, Майсарат, битIараб бицани дир вацгIалас хважаинлъи гьабизе кколеб букIараб дур рокъоб цоги батIияв чи вихьизе кIвеларо дида, гIайиб гьабуге.

Майсарат нахъеги гьимана.

– Бугони, нух битIаги дуе, Раисат. Кида бугониги жеги дандчIвала нилъ, къо-мех лъикI.

– ТIокIаб щибго абиларебищ, Майсарат?

– Абила. Рохалида хутIаги мун кидаго.

– ГIазизида салам бициеян абиларищ?

– ХIажалъи гьечIо, Раисат. Щиб гьабизе гьесие дир салам къваригIун бугеб? Дир цIарги, дун щий кколеялиги цебего кIочон тун батила гьесда. Дир дуде цо гьари буго: бицунге гьесда дун йихьанилан.

– Гьеб гьари тIубазабизе рагIи кьоларо дица дуе, Майсарат. Дида лъала гьев кидадай, щибдай дур хIакъалъулъ рагIилаян гIумруялъ халккун вугевлъи…

5.

АнцIила микьго сон ана Майсарат пенсиязулаб фондалде хIалтIизе лъугьараладса. Гьеб заманалда жаниб чанго курсцоялгун дандчIвана гьей хIалтIудаги, гьадинго шагьаралъул къватIаздаги. Амма киданиги дандчIвачIо гьанивго гIумру гьабулев ГIазизгун. (Гьелда гьеб бицун букIана Раисатица). ЦIакъ бокьун букIана гьелъие гьев вихьизе. «ЦохIо нухалда рикIкIадасан къватI къотIун уневгIаги вихьулевани гIелаан дие гьев» – ян гьабулаан гьелъ шагьаралде яхьарайщинахъе хIисаб.

Цо къоялъ маршруталъулаб таксиялда рекIине чIарай Майсаратида аскIове вачIана ГIазизилги жиндиргоги гIолохъанал соназул божарав гьалмагъ, курсцояв Руслан. Разиго хутIана гьал ракIалдаго гьечIого ккараб дандчIваялдаса. РакIалде щвезаруна дол талихIал студентлъиялъулал соналги, аваданал курсцоялги. Бицана жидерго хъизан-рукъалъулги, хIалтIи-пишаялъулги, амма Майсаратица гьесда бицинчIо жиндирго чIей шагьаралда букIин, абуна гьаний цIалулей ясалъухъе щвезе ячIун йикIанилан. Русланица абуна жив жакъаги ГIазизихъ гьоболлъухъ вукIанилан, дуе гьев вихьизе бокьилеб батани, жинца гьев гьабсагIат гьаниве ахIилилан. Гьелъ инкар гьабуна.

– Майсарат, телефоналдасаниги гьесул гьаракь рагIизе бокьиларищ?

– Баркала, Руслан, гьев дуда вихьаравги рагIаравги гIела дие.

– Гьесухъе дур телефоналъул номер кьезе бегьилищ дица?

– Бегьиларо, Руслан, ракIалдецин ккоге.

– Гьесул гIумру кин унеб бугеб, вугищ гьев талихIав, гьесул хIалтIи-пиша, сахлъи – щибниги гьикъулеб гьечIо дуца. БитIахъе бице, Майсарат, гьечIищ дулъ хутIун гьесдехун кинаб букIаниги рекIел цIай, гурхIел?

– ГурхIизе ккараб хIал гьесул батунгутIиялда дун божарай йиго, хутIаралъул бицинаро.

– ЦIакъ гьесда ракIхварай гIадин йигин кколеб буго дида мун. Дуда лъалиш, жиндир талихIкъеялъе гIайибияй мун йигилан дос абулеблъи?

Майсарат хIикмалъун ялагьана гьесухъ.

– Дунищ?

– Мунгун данделъиялъе нух балагъизе вортанхъулев гьевги тун, кIанцIун яхъун росасе индалха мун. Лъидаха гьениб гIайиб букIинеб?

– Дудаги гьединищ ракIалде кколеб, Руслан?

– Гьедин гуребищха иш букIараб?

– БукIа абе гьедин, амма гьеб киналъулго унго-унгояб хIакъикъат лъаларо лъиданиги, лъазеги гьечIо нужеда гьеб киданиги.

– Кинаб хIакъикъат?

– Руслан, дие бокьун гьечIо нахъеги ругъун цIилъизабизе, рачIа лъугIизе телин гьеб хабар. Щиб гьабизе гIадада гаргадилел?

## 6.

…НуцIа рагьулеб гьаракьалъ Майсаратил пикраби гьоркьор къотIизаруна.

Жание ячIана палаталъул мадугьал ПасихIат.

– Щай, Сарат, тIепун чIун йигей? (ТIоцее больницаялде ячун ячIараб къоялъ тохтуралъ къокъго Сарат абураб цIар, гьалда ругьунлъун, киназго абулеб букIана).

– БагIа-бакарлъунги йиго. ГIемерай хьвадун бохалде хIал щвезабунищ дуца?

– Гуро, валлагь, ПасихIат-бажу, коридоралъуеги, гьениса нахъе палатаялдеги гурони киего инчIо. Лъаларо щиб бегьичIебали, цIа рекIараб гIадин буго тIолабго къаркъала.

– Тохутаралда абизе инищ?

– Ине ккеларо, цIа бахунеб букIин гурони унтулеб бакI щибго гьечIо.

– Ялагьун йихьеха мунго, нилъедаго гIадин нилъер черхалъул хIал лъидаго лъаларин.

МаркIачIул мех щвезегIан егун чIана гьеб къоялъ Майсарат. Эбел гIадин гьелъул тIалаб-агъазалда йикIуней ПасихIататица, течIого, тIаде яхъинаюн ячана гьей къасисеб кванде. Гьенисанго ячана коридоралъуб лъун бугеб телевизоралъухъ ялагьизеги. ЦIакъ бокьуларого гIодой чIана гьей ПасихIатица босун бачIараб бакIида.

Цо-цо ккун, кIи-кIи ккун иргадал рачIун гIодор чIана телевизоралда цере, бутIрул рухьарал, бохдул, гъуждул гипсалъулъ лъурал унтарал бихьиналги руччабиги. КигIан яхI бахьаниги, гIодобе буссунеб букIинчIо, цо сункьаялиго хIинкъараб гIадин, хIалакун кьабулеб Майсаратил ракI. Бокьун букIана яхъун нахъе ине, амма ПасихIатил хIурмат гьабун, сихIкъотIун чIезе ккана. ТIубанго магIна бичIчIулеб гьечIониги, ахиралде щвезегIан ялагьана гьей сериалалъухъ. Щивас загьир гьабулеб букIана гьелда тIасан жиде-жидер пикру. «Зрителал» рахъун нахъе инегIан яхI гьабизе кIоларого, кьуркьудулей йикIана, жеги гIунсбузда йилълъине ругьунлъичIей, жиндирго пиша гьечIолъи гьезда бихьизе бокьичIей Майсарат. ТIаде яхъиналде цоги нухалъ нахъе ялагьарай гьелда вихьана, эркенго диваналда гIодовги чIун, гьалмагъасе хабар бицунев Салим. Гьей кьурун цеехун юссана.

– Кумек гьабилищ, Сарат? – ан кIалъарай ПасихIатида, кинабалиго ишанги гьабун, гьей гIунсби ккурал кверазде тIаде бетIерги бортизе биччан, гIодое къулун чIана. Щибго бичIчIичIей ПасихIат гьелда аскIое ячIана.

– Щиб ккараб, Сарат? Мун щай тIаде яхъунарей?

Майсаратица нахъеги кIутIбузда цебе килищги лъун, кIалъагеян бичIчIизабуна ПасихIатида.

ПасихIат гIажаиблъи гьабун рахъ-рахъалде ялагьана.

– Дида щибго бичIчIуларо.

Майсарат гьимана. Гьей щурун гIадин кIалъана:

– Бох цIунцIрахунеб буго. Дун гьаб буссарабго ячIина, мун а, ПасихIатI-бажу.

– Гьедин абеха, ишанал гьарун гаргадичIого. Киего инаро, дун дуда цадахъ гурони, ахIийищ бугеб батIаго дида хадуб.

Салим, бохалда бохги базабун, рахIаталда вукIана жеги гара-чIварулев. Гьесда палаталъуве ине ракIалдацин букIинчIо.

Майсаратица, берал рахчиледухъ цебегIан цIана ботIротIа букIараб кIаз ва, гьаюгьинан тIадеги яхъун, ПасихIатида цадахъ палатаялъуве ана.

Жийго Салимида лъазе гурилан букIараб гьелъул хIинкъи гIададисеб букIана. Гьес берцин рехичIо гьей унеб рахъалде. Гьеб букIана Майсаратие къваригIунги.

Чанахъанасде тIаде чан жибго унин аби бугелъул, дандчIвана гьел кIиялго цо къоялъ коридоралъур. Салим, гьелде кIварги кьечIого, жиндирго нухалъ унев вукIана, амма, гьеб лахIзаталъго, цо щибали ракIалде щвараб гIадин, чIваркьун Майсаратихъ валагьана. Гьей, хIал хисараблъи лъазе течIого, жиндирго палатаялъуе лъугьун ана. Салим вукIаралъувго чIун хутIана.

Гьоркьоб заман иналде гьелъул нуцIида кIутIана. ПасихIат ун йикIана гьабго больницаялъул тIасияб тIалаялде унтарай гIагарай гIаданалъухъе щвезе. Майсаратица гIурус мацIалъ «бегьила!» – ян ахIана. Жаниве ваккун вачIана Салим. Гьев нуцIил кIалтIаса гали цебегIан лъечIого, кIвар кьун Майсаратихъ валагьун чIана.

«Щив къваригIун вукIарав?» – ян нахъеги кIалъана Майсарат гIурус мацIалъ.

Салим тIаса бер босичIого Майсаратихъ валагьун чIана.

– Мун Майсарат гурищ? МахIмудова Майсарат гурищ?

– Мун мекъи ккун вуго, дун Сарат йиго, ГIабдулаева Сарат.

– Мун киса кколей?

– Дун гьаний шагьаралда гIумру гьабун йигей гIадан йиго.

– Щиб районалдаса ячIарай мун гьание? Эбел-эмен киса рукIарал дур?

– Дир эбел-эменги, гьезул эбел-эменги дида лъай лъалелдего, гьанир чIарал гIадамал рукIана. БитIараб бицани, кигIан дуда цее намуслъаниги, дун дирго умумузул ватIаналде лъимерлъуда йигеб мехалъ гурони щвечIо. Дида гьелъул хIакъалъулъ щибго лъаларо. Киса дун ятизе бокьун букIараб, кIудияв?

– ТIасалъугьа, амма дида ккола дуца гьереси бицунеб бугилан.

Майсарат хIалалъго гьимана. Огь, гьелъие букIараб захIмат гьеб ругьунаб гуреб роль хIазе!

– Щай дица мун гуккизе кколев? Щиб гIиллаялъ?

Салим аскIоб букIараб бакIида гIодов чIана. Гьев, суал кьолев гIадин, добго хIалалъ, тIаса бер босичIого, Майсаратихъ валагьун вукIана.

– Дур инсуда цIар щиб?

Майсаратил пикраби хехго сверизе лъугьана. «Гьасда лъалеб батила дир инсул цIар. Бегьуларо! БатIияб цIар абизе ккола дица».

– ГIабдулхIамид. РагIун вукIанищ гьединав чи?

– ГIабдулхIамид…ГIабдулхIамид. РагIизеяли гIемер рагIиларищ гьединаб цIар, амма дица цIехолев чиясда цIар батIияб букIана.

Майсаратие цIакъ бокьун букIана Салим нахъе ине, амма гьев жеги цIикIкIун хъувухъун гIодов чIана бакIида.

– Лъалищ, Майсарат…

– Дун Сарат йиго.

– БукIаха гьедин. Лъалищ, Сарат, дун вуго гIумруялда жаниб гIемераб жо бихьарав, чанги батIи-батIиял гIадамалгун дандчIварав, къварилъи-рохелги, расги барахщичIого БетIергьанас кьурав, хIалбихьиялъул, къохIехьеялъул дарсал гIемер щварав чи. Бицун хIалкIоларелгIан гIемерал ккана дихъа гьаб лъабкъоялда анцIила анкьго соналда жанир гъалатIалги. РукIана гьезда гъорлъ кIвар гьабичIого тезе бегьулелги, тIубараб гIумруялъ дидаго тIаса лъугьине кIоларого ругелги. Гьединаздасан цояб ккола кидаялиго дица, цIадал кIиго къатIарагIан жийгоги дуда рельлъарай, цIарги дуралда рельлъараб, Майсарат абулей ясалъул рекIеда лъураб ругъун. Огь, дуда лъалебанищ, кигIан цIакъ дун вохаравали жакъа мун йихьидал! Дида ккун букIана Аллагьасда дир гьариги рагIун, гьес йитIун ячIарай йигин мун жакъа дихъе, гIенеккейин гьев херасухъ, лъугьайин гьесдаса тIасаян амругун. Бихьулищха, рагIун букIун гьечIо гьесда дир гьари. Щиб гьабилеб, гьаб бакIаб гьиргун ине ватилаха дун ракьалде.

Салим тIаде вахъана.

– ТIасалъугьа, Сарат. ГIайибги гьабуге. Кин бугониги, цодагьабго дирго ракI чучун букIине, къокъго гьабун дуда бицинин гьеб гъалатIалъул хIакъалъулъ. Бергьараб рокьи ккун букIана дир васасул цадахъ цIалулей йикIарай Майсарат абулей магIарул миллаталъул ясалъухъ. Нижее бокьун букIана гьесие росулъа яс ячине. Кинго гьев рази гьавизе кIвечIелъул, дир хIукму ккана васасдаса бальго Майсаратихье ине ва щиб гьабунги гьелда гьесдаса инкар гьабизабизе. Гьеб дихъа бажарана. Амма бажаричIо…

Жание лъугьун ячIана ПасихIат. Салимица хабар къотIизе тана.

Цоги нухалъ «ТIасалъугьа», – янги абун, гьев къватIиве лъугьун ана.

Майсаратие бокьун букIана хадуйги ячIун гьикъизе: «Щибха цинги ккараб? Ячарайищ васасе магIна-гIамалги данде кколей, мацIги-цIарги цогояй тухумалъул яс? ТIубарабищ нужер мурад? Вугищ дур вас талихIав? Ругищ нуж щварай нусалдаса разиял?» – абун.

Амма гьай йикIана Сарат. Гьалда Салимица ахиралде щун бицинчIеб гъалатIалъул хIакъикъат лъазе рес букIинчIо…

# КучIдул



Гъазияв ДИБИР

## ХУЛЖАЛ ЦЕРЕ РАЗЕГIАН

Цо чIегIераб, цо хъахIаб
КIиго оц цебе къотIун,
Векьарулев вуго дун
ГIумруялъул гьаб хурив.

Къоял, моцIал, соназде,
Замана, дийго бикьун,
Пурцил гIоркьалде къулун,
Рахъулел руго рахъал.

ХъатцIун гIумрудул къоял
Щвала хьонлъун ракьулъе,
Рукь ккун хадур оцалгун
Унеб буго замана.

ЛъугIи кида лъалареб
Бекьулев вуго дун хур,
Хьон лъугIанин дунялалъ
Хулжал цере разегIан.

## ХЬВАГI-ХЬВАГIУЛЕЛ РУГО ГIУМРУДУЛ ГЪУТIБИ

ГъутIбузукь бецIлъи лъун чIегIерлъун буго,
Хивалалъан гъунел балагье тIанхахъ.
ТIогьиллъарал, расги лъачIого сардилъ,
Дида рихьула гьел хIарщулъ рилулел.

ТIанхал гуро, къояз къанцIун ракIалгун
ЦIцIулеб буго гIумру жибго къисматалъ.
ГIазабалъе буго берги рагьараб,
Рогьалилъ хурдузда щубда бакъгицин.

Хьулазда бигьаго къосун ратула,
ГьечIищха мунпагIат гьечIеб жо дунял:
Радалго роцIани, къаде кьерхуна –
ЦохIо хIурулъ, хIарщулъ бахъун ккун буго.

Кинал анищаца яги хьулаца
Ракьалда гIумруги ритIухъ гьабилеб.
ТIогьиллъарал ракъван, къиркъириялда
ХьвагI-хьвагIулел руго гIумрудул гъутIби…

## ДУЕ ХIУЛИЛЪАГИ ГЬАНЖЕ РАКЬ, ГЬИТIИЧ

Рогьалил гьороца сандахабалалъ
ГIурччинхер пашманго хьвагIулеб буго.
Дадал яс, Мария, дур зонохъ кIусун,
Къварилъарав лъалев вугевищ эмен.

У, хирияй, духъе вачIун вуго дун,
ЙорчIа, бетIер борхун, ялагьизе цо.
Ругьунаб гъугъуди кIалальги бачун,
КIалъай, гьитIич, кIалъай рагIизе дида.

Бабал квенчIелалда кунчIунги ячIун,
Канлъи лъалелдего свана дир месед.
Сабураб гIамалалъ яхI гьабуниги,
Бежулеб, бухIулеб буго жаниб ракI.

Щайдай Аллагьас мун кьунго йикIарай,
ГьадигIан хирияй, хутIизе гьечIей.
Хванилан, анилан щиб-щибги бицун,
Кодосаги яхъун, къанабакь лъезе.

Алжан хIадуризе арай йигилан
Буго росуцояз ракI-макI гьабулеб,
Яс хварав, хур хварав гIадада ккечIин
Канлъи хун херлъарай, гIодула эбел.

ГIодуге, дир эбел, гIодун ккезе жо
Гьанже щибго гьечIо. Ракьул гохI. Зани.
Зонода къвалги бан, гьурщун расалгун
ГIолохъанай бабу – Мариял эбел.

Гъоя ракьулъ лъун яс – малъгIанасей жо,
ЦIадулаб накIкIулъан балагьун дунял.
Сандахабалазулъ цIидалъ гьороца
ГIурччинхер хьвагIула, пашманаб бакъан.

Къо-мех лъикI, Мария, дадал берцинай,
Дуе хIулилъаги гьанже ракь, гьитIич.
ТIатун гIадамазулъ гIодичIониги,
ГIумруялъ угьдилев дун дуда хадув.

## РУХIИЯБ РАКЪИЯЛЪ ВУГО ВАКЪВАЛЕВ

Йохъ, гьанже дун чоде вахине гьечIо,
ТIукъби жагъаллъана дир жайраналъул.
Жалалъеги къулун къавукъинаро,
Къо бакъанидехун буго гирулеб.

Байтулман, дуниял, дур хьвадиялда
Рекъон бажаричIо черхалъул гIамал.
Чарал пикрабиги гIантал къасдалги,
Къана талихI, ккана гьале, цIобалде.

ЦIоб лъил бугониги ва лъихъаниги
Урхъун валагьула щивасул бадив,
Чед гуро, цIам гуро, цIа ккун рухIаял,
РухIияб ракъиялъ вуго вакъвалев.

Щал нилъ? Кире унел? Кисан рачIунел?
Авал-ахирго щиб гьаб киналъулго?
Щиб жо гIумру, дунял, магIнаго гьелъул,
ЦIалеб ва борцунеб сунца кинабго?

Гьелъулги гьалъулги нужей сан гьечIо,
Нуж кIихIитIеледухъ магIишаталда.
Пикраби, суалал: лъие, щибизе,
Чехь гIорцIун къо нухда ун хадусала.

Ахир заманадай бачIараб бугеб,
Чи цIехон ватизе захIмалъун бугин.
Руго чагIи гьанал кесказде руссун,
Кинабго жаниса лъугIун хьвадулел.

Лъабго къойил дунял, огь, согIав инсан!
Сунда ракIтIамун мун, дур гьаб рагьари?
Мугъзаде нахъе щун гъванщилъе цIалеб
ГIажалалъул хIухьлал сас лъалагоги…

КантIиларо уммат гIорцIун цулъараб –
Росдал къватIахъ боцIи тIад ретIел хураб.
ХинкIазул ругIунал, бахъаги дир ракI,
КIал рагьун нужеда тIокIалъ кIалъани!

* * *

Къеда рамкаялъуб, суратазда гъорлъ
Лъалеб сипат бихьун, лъалхъун хутIана.
ЦIоролеб хиваллъун къасдалъ цIунараб
ЦIилъана нахъойги анищ рекIеда.

Бидулъе бухIилъун хIасратги щущан,
ХIикматаб асаралъ савгьил гьавуна.
Дида лахIзаталда кIочонеб буго
Кинабго цеехун букIараб нилъер.

КьогIал пикрабазул хIисаб гьабидал,
Цо сурат сорона сонисеб къойил.
Рохалил лъалкI гьечIел ракIалдещвеяз
РукIкIабаз кинигин гьеб сверун ккуна.

Киналго соназул матIабазулъан
БатIияй чIана мун ялагьун диде.
МатIу гуро, цIорол рекун щущарал
Кесказ бугин ккола рагьулеб къисмат…

## ВУГО НАХЪ ВУССУНЕВ

ГЬале доб росуги росулъ минаги,
Эхедерахиялъ ругьунаб къватIги.
Хисараб щибгоги гьечIо дандчIвалеб,
БукIа-букIаралъуб буго кинабго.

Амма басралъараб рукъалъул гьурмалъ
Руго гIаламатал тIатунел цо-цо,
ГьечIо цебе гIадаб гьуинлъи гьаниб
Ва рекIее лъалеб аваданлъиги.

Баркат-рахIматалъул авалго цIураб
ГIисинлъималазул рагIуларо хъуй,
ГIансидеги къулун, дир херай кIодо
ГьечIо дандечIвазе ячIуней тIокIалъ.

ГIицIго жавабалъе гIалхуда гьорол
РакI гъанцIулеб хъуди буго рагIулеб,
ГIагараб гъансито чидакъго, гIицIго
Сардил бецIлъиялъулъ буго гъапуллъун.

СихIкъотIун, пашманаб гьелъухъ валагьун
Дица къисматилан буго угьулеб.
Ва къваридаб рекIел бакIал пикрабалъ
Чидакълъидал асар буго херхунеб.

Лъелаб моцI накIкIулъан баккун ва тIерхьун
ГIумрудул кунчIигун бихьула унеб.
ГIагараб гъасдаса чIвараб ракIгун дун
Вуго нахъвуссунев тIоцеве гьедин.

* * *

Щиб дуе, щиб дуе, огь, дир къаркъала
Къосунев вуго дун дур пикру гьабун.
Рохьоб паналъулеб накIкIилгъветI гIадин,
Хисулеб, сурулеб кигIан хехго мун.

УхIу-ухIу, хIалцен, бакI-бакIалъ хIунси,
ГьетIа-къулулаго букIунеб агьи,
Херлъиян цIарги лъун цIан рухI бахъизе
Каранда рещтIараб цо гизма буго.

Гъурмалъ рукIкIалаби, хъахIчарлъун бетIер,
Беразда гIундузда гьечIеб къагIида,
Къебелъи кIалгьикъун черхалда лъезе
«Гьурра!» - ян тIадщвараб балагь бихьулищ.

ГIадалнах тIеледухъ тIваркъи-тIиркъигун
Ургьив щун хьвадулев ХъахIав хан вуго.
Хъорсоца жив чIваяв, къагIидаялда
Инсул минаялъув гIадин чIун вуго.

Лугбал гьан гур-гурун, габур тIеренлъун,
ТIубанго гIодоб ккун черхги букIинчIин,
Гьабищха букIараб дур «гьунар» дунял,
Нахъасан речIчIизе тула гIадинан.

Гьанже зиградунин хисизе жо щиб,
Хабар дийго буго ракI-макI гьабулеб.
Щобал ккун гирараб буссинаро бакъ,
Калам гьалда тела, тавбу, дир Аллагь.

## УНКЪМУХЪИЛАЛ КУЧIДУЛ

* * *

Гьаний юкъунилан хвечIо дир эбел,
Хивалалъ, пикрабалъ йиго кийгоги.
Зани борханиги, хоб лъананиги,
ЧIагояй ячIуна даим рекIелъе.

* * *

Хъалиян гIадаб жо буго гьаб гIумру,
БухIун лъугIулебгIан, гьира цIикIкIунеб.
БухIун бахъарабго ана чи вахъун,
Рохъолъун ракьалде къасдалги щущан.

* * *

Болнухда буюрухъ дица кьеларо,
Щив чи дун хIурулаб гьаб шагьраялъе.
Ва регъон магIнаги бихьулеб гьечIо
ХIатIакь чIикIун бекун хвараб тIикъвадул.

* * *

Аллагь рехсолебги чIечIого кIал – дур,
Дунял хачалелги хъантIун кверал – дур,
Къад «лаиллагь» бачун, къаси викъардун,
Биллагьги вуго мун «лаиллацIогьор».

* * *

Мискинчи, щай дуе гьебщинаб хабар,
Дурго квартIа-гъецIгун вуцIцIун чIечIого.
ХIетIе цебе лъунан лъалхъуларо гIор,
ГIаламго гьесараб буссунаро нахъ.

* * *

КIудияб гвангвара, борхатаб нодо,
Гъалдибер тIад лъолеб хIамилги буго.
Ва ишги роцадулъ гурелъул бугеб,
ГIаданахал хIажат руго хIалтIизе.

* * *

ХIалаб цебе борчIун, рухIияб нахъккун
Квегъана дуниял кьурабгIан черхалъ.
ТIину гьечIеб буго шавкъазул гванду,
Жанир тIерхьун гуреб, тIадкквей лъалареб.

* * *

Щобда пиштIи буго, лъил цIар ахIундай
Гьороца хIалакун цIумур бухулеб?
Магъилъ руз ахIтIана, ирга бугесда
БетIергьанас чIвала рогьиналде цIар.

* * *

МунпагIат гьечIеб жо нилъ жанисеб къо,
Бихьизелъун кьураб, гьира цIикIкIараб.
БитIун анищазде щун рахъунаго,
Щущан ун батула кагътил рукъ гIадин.



## Шагьрухан ТIАЛХIАТОВ

### МИЛЪИРШАБИ РАЧIАНА

Милъиршаби рачIана
Дир росулъе нахъеги,
Чвахун бараб цIад гIадин,
ЦIиял кучIдулги росун.

Милъиршаби рачIана
Цогидал ракьаздаса,
Рокьула мугIрулилан
МагIарухъе их босун.

Милъиршаби рачIана:
РичIейила каваби,
Киназего къабулал
Къоял ругин нижехъин.

Милъиршаби рачIана,
РачIаралго лъикIилан,
ГIалам гьазда дандчIвана,
Лъималазда киниги.

### ДИЦА ДИРГО ВАСАСЕ

Дица дирго васасе
Хъварал гьал тIахьал тана,
ТIахьаздаса босизе
Саламатаб лъай тана.

Рии тана, их тана,
Их гуреб, хасел тана,
Хер бецулей ясалде
Буссараб анищ тана.

ГIагараб росу тана,
Росдаде рокьи тана,
Ракь хIалтIизе гьабизе
ГIелмуги лъайги тана.

Нухлул сверелал тана,
Соназул хурзал тана,
СихIкъотIараб бецIлъуда
ЩIунараб макьу тана.

Гьасда букIунеб хинлъи,
Ханлъун бугеб гьудуллъи,
Дол умумуз гьаб рекъел
ЩIунеян балеб ахIи.

Шамилил гIадаб кьвари,
Кьурабазул берцинлъи,
Бицунеб инсулаб мацI
Дица васасе тана.

Дица дирго васасе
Хъварал гьал тIахьал тана,
ТIахьаздаса босизе
Саламатаб лъай тана.

* * *

КигIан халалъаниги,
Сордо рогьине буго.
БецIлъи тIасаги босун,
Инсан вохизе вуго.

ЩIидасан их бачIина,
Хасел тIаса босила,
Хиялазул дуниял
Диеги бигьалъила.

Жакъа рикIкIада вукIа
РекIел талихIалдаса,
ХвечIого дун ворчIила
ЧIегIерал гьураздаса.

Дир росулъ ригьзабахъги
Руго хваразул рукьби,
Ракь бухъулеб мехалда
Ратула гьел киргоги.

Ратула, гуллаги щун,
Шапун арав чиясул.
Чи гьагъав щив вукIарав
Лъазе дида кIвечIесул.

Гьаб магIарул халкъалда
Михир тIад бачейилан
Ярагъ борчун, чу кьолон,
ЧанцIул тушман вачIарав.

ТIаса чвахарал цIадал
ЦIцIула ракьалъ жанире,
ЦIер биараб мехалда
Хадур рорчIизаризе.

Сонал ранагIан гIумру
Хиралъулеб бугеблъи
Херав цо магIарулас
Дида бихьизабуна.

Ункъоялда анцIго сон
ГIумруялъул баниги,
ГIолохъанчи кинигин,
Анищазде валаан.

Хасел щведал, их чIедал,
Щибаб заманаялъе
ХIалтIаби гьариялъе
Гьасул анищ букIана.

Гьаб гьабизе бугила,
Доб гьабизе бугила,
ГIемераб жо гьабизе
Асул гъира букIана.

РагIал гьечIеб букIинчIо,
Ахир батичIеб гьечIо,
Дуниял сверулелъул
Цо бакIихъ чи хутIичIо.

* * *

Амма щибаб нухалда
Халкъ багъана, рухI бичун.
Риччаларин гьанире
Гьавги, гьадавги абун.

Гьедин цIунун батана
Умумуца дир росу,
Дир хирияб цIвайилан
ЦIа бакулеб гъансито.

Жакъа ругел васазги
Гьа бала гьеб цIунизе,
Дозул рухIазул бухIи
Бессун буго наслабалъ.

* * *

Дунял цIияб бихьизе
Бокьараб лъимер гIадин,
Иццаздеги лъугьун, гьел
Сайигъатлъун гьаризе.

* * *

Хьулал камун Аллагьас
ГIадан толарев гIадин,
Гьелгун цадахъ вижарав
Цинги ракьулъе ана.

Къокъабго унтиги чIван,
ЧIарбида лъураб мехалъ,
Херасул гIумруялда
Дун бахиллъун ватана.

Жив херлъунги вугилан,
Хвезе къоги щванилан
Ургъалида чIезегIан
ЧIаголъи гьабураб лъикI.

РакIги мацIги гурони,
ХутIараб жо гьечIилан
ХIалхьиялда чIанани,
Пикрабаз гьев чIваларищ?

# КIиго бицен

## АЛЛАГЬАСДА ГУРОНИ ЖИНДИРГО ЛАГЪ ЛЪАЛАРО

1.

СултIан Мурадил гIадат букIанила, гIадамазе живго тIатунареб куцалъ, халкъалда гьоркьов, жиндирго вилаяталда бугеб ахIвал-хIал лъазабизе свера-тирулеб. Цо къоялъ гьедин свера-тирулаго гьесда ватанила къватI бакьулъ вегарав чи. ГIадамазги вихьичIеб ххвел гьабун толев вугоанила гьев. СултIанас, аскIовеги ун, гьев чи тIаде вахъинавизе хIалбихьанила. Амма гьев хун вугоанила. Гьеб мехалъ СултIан Мурадица гIадамал аскIоре ахIанила ва гьикъанила:

– Гьав щив чи? Кир ругел гьасул хъизан-лъимал? Лъицаниги щай гьав хварав чи вукъуларев?

ГIадамаз жаваб кьунила:

– Гьев вуго квешав чи, зиначи, гьекъолдухъан.

– Кин букIаниги, гьав вуго МухIамадил (с.гI.т.в.) умматалъул чи. РачIа вачинин гьав жиндирго хъизан-лъималазухъе рокъове, – ян абунила СултIан Мурадица.

ГIадамаз гьес абураб гьабунила ва СултIанги Мурадги гьенив тун, гьал нахъе анила.

Хварав рос рокъове восун вачIиндал, гьесул чIужу гIодизе- чIчIичIчIизе лъугьанила. Гьедин гIода-чIвадулаго, гьоркьо- гьоркьоб гьелъ абулебги букIанила: «Иншааллагь, гурхIилев дуда Аллагь, Аллагьасул вали. Дица нугIлъи гьабула мун унго-унгояв бусурбанчи вукIиналъе», – илан.

Гьеб калам рагIарабго СултIан гIажаиблъанила ва хварасул чIужуялда абунила:

– Кин гьев Аллагьасул вали вукIунев, гIадамаз гьесул хIакъалъулъ цониги лъикIаб рагIи абичIо. Цониги чи гьесул хвелалъги пашманлъизавичIо.

– Гьеб дида лъалаан, – ян абунила гьей гIаданалъ. – Дир рос щибаб сордоялъ унаан цIолбол бахъун чагъир бичулев чиясухъе. Гьесухъа жинда кIварабгIан чагъирги босун вачIунаан. Цинги гьеб хIажатханаялъубе тIолаан. Хадуб абулаан: «дица жакъа бусурбаби цIунана гьаб чагъиралъул заралалдаса», – илан. Гьединго, щибаб сордоялъ гьев унаан зиначIужуялъухъеги. Гьелъие гIарацги кьун, гьелда абулаан: «Къаси сордо дир буго. Гьединлъидал, щивго тIадеги виччачIого, нахъасан нуцIаги рахан, кьижа мун», - илан. Рокъове щведалги абулаан: «Иншааллагь, дица дой гIаданги бусурбабиги мунагьалдаса цIунана», – илан.

ГIадамаздайин абуни гьев щибаб сордоялъ чагъир босизеги, хадуб дой гIаданалъухъеги унев вихьулаан. Гьединлъидал, гьел гьесда нахъасан гаргадулаан.

Цо нухалда дица росасда абуна, мун хвараб мехалъ мун чуризеги, дудаса жаназадул как базеги, мун вукъизеги цониги бусурбанчи вачIинарилан. Гъимулаго гъес жаваб кьуна: «Ургъел ккоге, диде жаназадул как базе буго бусурбабазул халифасги гIалимазги», – илан.

Гъеб мехалъ СултIан Мурад гIоданила.

– Аллагьасул цIаралдалъун, дун СултIан Мурад гьедула, гьев витIарав вукIана, – ян абунила СултIан Мурадица. – Метер нижеца гьев чурила, гьесдаса жаназаялъул как бала ва вукъила.

Хадусеб къоялъ гьев чи вукъизе СултIан Мурадгун цадахъ бачIараб халкъалда гьоркьор гIемерал гIалималги шайихзабиги рукIанила.

## 2.

ВукIанила сверухълъиялдаго цIар рагIарав цIогьор. Гьесулго росулъ рукIанила диналда тIад чIарал, гIезегIан лъай-гIакълу бугел ункъо-щуго гIалимги. Гьел гIалимал щибаб соналъ хIежалдеги унаанила. Цо нухалъ цIогьорас гьезда гьаранила живги нужеда цадахъ вачеян. Мун гIадал гIадамал унеб бакI гурин хIежилан гьез гьев чиясул гьари гIагарде къазе толеб букIинчIила… Ахир кинго гьев тIаса вичIичIелъул, разилъанила гIалимал цIогьор хIежалде цадахъ вачине.

Гьедин унаго, толаго гьел щванила гIарабазул ракьалде. МаркIачIул гIужалъ цо росулъе жанире лъугьанила. ГIалимал, вугелъув цIогьорги тун, сордо базе, церего жалго рещтIунел рукIарал гьалбадерихъе анила. КъотIноб сордо борчIизе бажаруларелъул, цIогьорасги цо цебе батараб нуцIида кIутIанила. Виччанила хважаиналъ гьев жаниве. Гьей гурейги, гьеб рокъор ругоанила гIодулеб лъабго гьитIинаб лъимерги. ЦIеда гьалдолеб хьагги бугоанила… Заманалдасан гIодун свакарал лъималги руге-ругелъурго кьижун кканила, гьалулебго гьалулеб хьагги букIанила.

Нухда вакъун вукIиналъ, яхIго гьабизе кIвечIого, цIогьорас рукъалъул хважаиналда гьикъанила, белъунго лъугIулареб щибин дур гьаб хьагиниб бугебилан. Гьелъги жаваб кьунила, лъимал кьижизегIан, гьезда квен гьабулеб бугин ккезе гьалдезабулеб букIараб лъим тун батIияб хьагинибги щибго гьечIин, лъабабилеб къо бугин къавулъ кваназе жо лъугIаралдасагиян.

Гьеб мехалъ цIогьорас гьелда гьикъанила, гьаниб гIагарда гIи-боцIи бугеб бакIго гьечIищан. Биcанила гьелъ гьесда бечедав чиясул гIиял рехъаби ругеб бакI.

Анила гьев. ГIемер мехго инелде, гъежтIа хIамагIанаб куйги лъун вачIанила. ГIодоб речIчIун гьеб куйги хъун, гьанже дуца хьаг цIураб гьан тIамеян абунила гьес рукъалъул хважаиналда. Цинги гьес гьикъанила, ханжу щвезе бакI бугищ гьаниб гIагардайилан. Биcанила гьелъ бечедав гьабигьанасул рукъ бугеб бакIги.

ГIемер мех инелдего, гьадабго къагIидаялъ, гъежтIа чIоло гIадаб къандалъоги лъун вачIанила цIогьор.

Белъанила гьанги гьарунила хинкIалги. ГIорцIизегIан кванани ла эбелги, лъималги, гьоболги.

Нахъисеб къоялъ радал гьеб росдал рагІалда данделъанила доб гьалмагълъиги цІогьорги.

Унел рукІанила гьел бухІараб салул авлахъалдасан. Гьезде рагІадги гьабун гьаваялдасан накІкІул парчаги унеб букІанила цадахъ.

ГІалимазул щивас абунила, жиндир шайихлъиялъул баракаталъул гІаламат бугин накІкІул парчайилан. Ахирги гьезул дагІба кканила ва хІукму гьабунила щивав ватІа-ватІаго, рикь- рикьун нухда ине, лъил «шайихлъиялъул» баракат гьебали якъинлъизе.

НакІкІул парчайин абуни цІогьорасде рагІадги гьабун, гьесда цадахъ унеб букІанила.

Гьеб бихьарал гІалимал хІикмалъанила ва цІогьорасде аскІореги рачІун, гьесие хІелхІедизе лъугьанила.

– Нижеца мун толаан цІогьорилан, мун вукІун вуго кІудияб тІадегІанлъиялде вахарав бусурбанчи. ТІасалъугьа нижеда, – ян гьарданила гьел.

– Дун гьадавго цІогьор вуго, нолъ-къасиги бикъана дица куйги ханждал къандалъоги, – ян абунила гьадав чияс ва биcанила щай гьеб бикъарабали. Цинги тІадеги жубанила:

– У, дун вуго цІогьор. Амма дица бикъуларо мискинзабазул цІилцІил гІучІгицин. Бикъула, мискинзабазул боцІи-мал кванан бечелъаразул. Гьебги бикьула мискинзабазе.

Кин, щиб батаниги, Аллагьасда гурони жиндирго лагъ лъаларо.



# Вацлъиялъул адабияталдаса

**Зулъфукъар КАФЛАНОВ**

*(лезгиязул шагIир)*



*Ахты районалъул Микрах росулъа поэт-лирик Шихнесир Кафлановасул вас Зульфукъар Кафлановги гьунар бугев шагIир ккола. Гьес лъугIизабуна Москваялъул М.Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институт. ХIалтIулев вуго лезги мацIалда бахъулеб «Самур» литературияб журналалъул редакторлъун. Гьев ккола Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член.*

*Лирикияв шагIир Зульфукъар Кафлановас къватIире риччана «ЦIилъараб мацI», «Унге», «Убачазул цIад» абурал кучIдузул тIахьал. Кафлановасул кучIдул лезгиязул халкъиял асаразде гIагараллъун рикIкIуна.*

*Зульфукъар Кафланов ккола 1979 соналъ Москваялда тIобитIараб гIолохъанал хъвадарухъабазул ТIолгосоюзалъул VIII мажлисалъул гIахьалчилъунги.*

*Исана З.Кафлановас тIубала 60 сон. Вацлъиялъулаб адабияталъул вакил, лъикIав инсан З.Кафлановасда «Гьудуллъи» журналалъул баркигун цадахъ, цIалдолезе рес буго гьесул кучIдузулгун лъай-хъвай гьабизеги.*

**ИЦЦ, ДУХЪЕ ВУССАНА ДУН**

* * *

**Дир цIар, дунги мунги цадахъ рахъуна**
**Рокъоса къватIире, кIигьардал гIадин.**

**РагIалда бугеб щиб? РукIкIел рехидал,**
**Рокъой нахъруссуна кIиялго цадахъ.**

**Амма кидаяли цо къоялъ, дир цIар,**
**Дун цадахъ гьечIого щвела мун рокъой.**

* * *

**Къисматалъул буго хъахIаб байбихьи,**
**Ахирги гьелъулго кьер хъахIаб ккола.**

**Амма къисматалъул бакъулълъиялде**
**Дун жеги щун гьечIин, гьелъул кьер кинаб?**

* * *

Нижер басрияб азбар – аэродромлъун буго,
ТIатIалаго рещтIуна гьениб, хIинчI кинигин, хвел.

Гьеб тIурччигIан чIегIераб гозо бугеб хIинчI буго,
Куркьбалги цIакъ тулакаб, жибгоги гурхIел гьечIеб.

Гьелъ нижер хъизамалда, азбаралдаги рещтIун,
Гьоркьоса къотIи гьечIо, хвалил гозо кIутIулеб.

* * *

ЦIадалъулгицини бугин ккола ракI,
ГьечIого рес гьечIо. Гуреб батани,
ХIурулги гъизилги дуниял бихьун,
ГурхIун, къоялъго гьеб гIодилааниц.

* * *

Дида бахине кIвечIеб тIоцебесеб гIор ккана
Пашманлъи-къварилъиялъ щун бачIунеб букIараб.
Гьалдолеб пири-цIадлъун, цIорораб горо-цIерлъун
ГIурухъего чвахулеб эбелалъул магIил гIор.

Дир ракI жаниб бортараб гъваридаб кIкIаллъун ккана,
ТIоцебесеб рукIкIелалъ рукIел ккураб доб нодо.
Хадуб хъитIал рахъараб хирияб гьадаб нодо,
Жанибго ракI хутIараб бабал меседил нодо.

ТIоцеве дун цIорораб, пашманаб асар ккана,
Цеве хаган хутIараб тIадегIанаб борхалъи.
Гьаб ракьалъул квералда бахъараб пинкь кинигин,
Эбелалъул хIалакъал, ракъварал кверазул пинкь.

* * *

Дуца толел руго цIорода лъалкIал,
Чияр цIар цIалулев вуго дунгоги.
Чияр цIарги бищун, мун уней йиго,
Дуе гьеб къиматаб букIин бичIчIула.

Дие захIмат буго, мун уней йикIун,
ЦIертIа дуца тараб лъалкI хутIун бихьун.
РакI унтулеб буго, цIер кьватIулелъул,
ЛъалкIал чурулаго, гIор чвахулелъул.

* * *

**«Дун тIадюссина», - ян къотIи букIана,**
**Гвангъараб гьимиялъ гьумер лъалъана.**
**Амма сордо цIакъго бецIаб букIана,**
**БетIергьанас гьедин тIаса бищана.**

**Духъни дун гIадада чIана балагьун,**
**ЧIалгIадисеб хьулгун, гуккун божигун,**
**Дур бакIалда бачIун щвана рокъобе**
**Сардида релълъараб, дие бецIаб къо.**

* * *

**Канлъудаги бецIаб пикру бачIуна:**
**Канаб къоялдаса сардил талихIин.**

**Сардида магIугун хоб бихьуларин,**
**Кинабго бихьулин канаб къоялда.**

## И Н С У Е

**ЦIидасан гьабугьин журнал рагьула,**
**Цинги дур кучIдузда тIаде къулула,**
**Цо дида рихараб цIар гьезулъ батун,**
**Дица гьел гьитIинго тIутIун рехана.**

**Цогиялъул дие бокьулареб цIар**
**ЦIоб гьечIого дица бихъун букIана.**
**Дида лъалароан, гьадаб мехалда**
**Гьанже лъалебщинаб, хирияв эмен!**

**Напсалъул чIухIиялъ хIарал мунагьал,**
**Огь, тIасалъугьун те, лъимадул кверал!**
**Лъан букIарабани, дол кучIдул гурел,**
**Дур къварилъи дица балаан тIутIун.**

* * *

**Мун цIунизе,**
**Дуе ритIухъ вукIине**
**Рокьуца малъана лъагIелаз дида.**

**Дудехун адабги рекIел бухIиги**
**Кинабго цIунизе**
**Дарс дие щвана.**

**ГIицIго лъачIо дида**
**Дунго цIунизе**
**Гьеб дида малъичIо дирго рокьиялъ.**

## СОРДОГИ КЪОГИ

БецIлъуда хьвагIолеб гъветI,
Цин – цояб, цин – цогияб,
Кинида лъимал гIадин,
Сардица кIирикIула.

Ва амма свакараб къо
Лъимерлъидул хIай кIочон,
Буссуна жиндир рокъой
ГъутIбузда квералги чIван.

* * *

ЧIегIераб шалида квалквалей эбел…
Дун ахIтIолев вуго «Кив вугев эмен?»

ЛахIзаталъ тIагIуна лъимадул хIинкъи:
Рукъалъул кIалтIу ккун – инсул чакмаби.

* * *

Иццул лъелълъе гамачI рехана дица –
ХIабургъун гьелъулълъе тIерхьун ана мун.

Унго, кигIан гIемер ялагьарай мун!
ЯтичIо дида мун, свакан вуго дун!

ЦIидасан иццухъе вуссун вуго дун,
Халккун хутIун вуго иц тIокIкIинегIан.

* * *

Дир къисматалъул вокзал,
Дир къадаралъул вокзал,
Гьанив дун хутIулаан
ТIубарал мехелазго.

ГIедегIарал гIадамал
Рахъ-рахъалъ хьетулаан,
Дун гьанив вукIунаан
Дир рокьухъ балагьун чIун.

Цинги щурщудулаан
Щиб лъалеб, гьеб инилан,
Гьелъ жиндиего талихI
Чияр къвалакь батилин.

Дир къисматалъул вокзал,
ГIумруялъул рагIалда,
Кидаялиго гьаниб
Дунги хвелги дандчIвала.

*Руссинаруна*
*ГIайшат Малачиевалъ.*

# Халкъияб ирс - наслабазул бечелъи

## МАГIЛАДЕРИЛ ГЪАЙТАЯ

Искусствоялъул гIемерал халкъиял жанрал руго лъицаниги жидеде кIвар буссинабичIел, кибниги жидер хIакъалъулъ хъван гьечIел. Огь, гьелъ ракI унтизабулеб куцха, гьединаб искусствоялъул гIаламаталъухъ нилъго ралагьун ругеб мехалда. Гьединаб бахчун хутIараб, искусствоялъул хIисаб тун берцинаб тIанса хьухьарал кьер-кьерал куназул цо кунлъун буго «МагIладерил гьайтаяги». Гьеб кьурдиялъухъ ралагьидал нилъеда ракIалде ккола щай гьеб кьурдиялъухъ ралагьизе Культураялъул министерствоялъул киналго хIалтIухъаби цадахъго рачIунарелилан, щай нилъер искусство лъазабулел гIабулалъур къарал цIулакьоял гIадин чIун ругелан. Кинандай гьалдезарилаан гьеб кьурдиялъ, халкъияб фольклориланги абун, Франциялдаги, Италиялдаги, Испаниялдаги бихьизабизе рес букIарабани?

Унго-унголъунги, бихьизе ккола гьеб кьурди. Бицун гьеб цебечIезабизе, гьелда цадахъ букIунеб музыка ргIизабизе рес гьечIо. Гьеб дида гуребги, кигIан гьунар бугесдаги цебечIезабизе кIвезе гьечIо. Кьурсан гъоркье унеб гьайбатаб чвахиялъул бакIалда къватIибе чвалхараб тIарс цIураб лъеда релълъараб жо лъугьине буго.

Огь, дир мадугьалзабазул зодилаб кьурди (МагIлиб росу Тунзиб росдал бищунго лъикIаб мадугьал буго).

Нужеца цебечIезабе  нужерго росулъ бахIарай кьурдиялъул горсверулъе ячун ячIунеб заман. ХъахIаб, ракI кIанцIезабулеб пардавги цебе барай хIурулгIин, кIияйго гьудулалда гьоркьой халича тIамураб чIалуялда яги бакIида гIодой чIезе гьайидал, дагьа-дагьаб жоги рехун, лазаталда ругел гIолохъабазда чIолеб къо! Гьеб сурат щибаб росдал жиде-жидерго букIуна. МагIладерилилан абуни, гьеб лахIзат думалъго батIияб, гIицIго магIладерие хасиятаб, кепаб, амма гъваридаб магIнаялъул букIуна.

Гьале бахIарав, бахIарасеги бахIаралъеги бачунеб хасаб накуялда, гIатIидаб горсвериялде кIанцIун вачIуна. ЛъагIалил бокьараб ригьалда, кисан рачIарал лъачIого, росун чIагоял тIугьдулгун гьезул гьабураб квацIиги хъатикь ккун. ТIогьол квацIиялъулъ букIине ккола анцIго батIияб, цоцада релълъинчIеб тIегь.

Гьале гьесда сверухъ, гарбал рицатал басияз гIадин, ракь бухъулев гьесул кIияго гьудулги. Гьале гьаюгьинан хъахIаб накIкIул гьаюрай гIадай бахIарай ва гьелда цадахъго, гьимиялъ гьурмал гвангъарал, гьелъул гьайбатал гьудулзабиги. Гьудулзабилъун рукIине бегьула бокьарал ясал – гIагарал, гIагарлъи гьечIел, амма бертин гьабулеб заманалда росулъ бищунго берциналлъун рикIкIунел. Гьаб буго хасаб берцинлъиялъул, хасаб шавкъалъул, хIайранлъиялъул, хIасратлъиялъул «МагIладерил гьайтая» кьурдиялъул лахIзат. БахIарай гIодое къулун, гIодое йиччан, хьурщун хIетIеги босун «йилълъуней» йикIуна. Огь, гьелъул йилълъиналъул паналъи, гьениб бугеб буцIцIун чIараб кIодолъи, чорхол рухI босулеб сси! БахIарав бахIаралда сверун, гIодоб хIетIе хъвачIого, тIавап гьабулев вуго, гьесул гьудулзабаз гьайтая кьурдиялъул тIоцебесеб бутIа бахъулеб буго – гьеб буго «лезгинка» кьурдиялъул лебаллъи, магIарулазул къартIаб цере-нахъе хIатIаз ракьалда бер биххарал накъищалги рахъулеб, кьваригун жубараб кьурди. Гьеб лахIзат буго бахIаралда бер ккезе бегьулеб лахIзат. Гьеле гьеб «унти» бертадул героинялъе ккечIого букIине бижараб кьурди буго «МагIладерил гьайтая». Гьелъул байбихьи, нилъеца абухъе, бахIарасул кIиявго гьудуласул кьурди буго. Гьез «гьайтаяйилан» ргIи абуларо.

«МагIладерил гьайтаялъул» кIиабилеб, аслияб бутIа руччабаз бахъула. БахIарай цее щун заман гьоркьоб иналде, кIи-кIияйккун, кIи-кIияйккун цере рахъун рачIуна «МагIладерил гьайтаялъул» устарзаби. Огь, гьезул ретIел! ХъахIмиккиялъул, сурмамиккиялъул, тIайпусалъул, булбулалъул – киналниги берциналщинал хIанчIи цере рачIинарулел хъабалаби. Цониги чIужугIадан йикIине бегьуларо цогидалда релълъараб парталалъулъ, ихдал заманалъул хIанчIазул хIулабазул кенчIей букIине

ккола хъабалоялъулги, кверлъадулги, хIатIал рахчарал гIатIлас къатIипаялъул тIажабазулги, чахтIабазулги, надалда, жинди-жиндирго хIанчIил бакънал рачунел, чIухIарал гIарцул берцинлъабазулги, каранда, чехьалдасаги гъоркье рорчIун «чIирчIилел» месед-гIарцул тIагIелазулги. Руччбазул къадар цо чIараб – анцIго чIужугIадан.

АнцIалъулго цоцада релълъинчIеб форма-кьерлъул жергъенал. АнцIалъго батIа-батIайиса хьвагIун роржанхъулел кверал, гьими, беразул хIасрат, кIарчамлъи. Ва киназго цадахъ ахIулеб цого рагIи: «Гьайтая, гьайтая!» Гьеб рагIи буго кочIолъ такрарлъулеб бутIа. Жалго рагIаби рукIуна батIи-батIиял. Гьале аслияб магIна кьолеб кечI:

| | |
|---|---|
| **Гьелде балагьуге,** | **Дорехун руссунге,** |
| **Диде балагье** | **Дидехун русса;** |
| **Гьей бердаса цIуне,** | **Доб нужей къараб бекI,** |
| **Дун цIадай рехе.** | **Дун рагьараб бекI.** |
| **Гьайтая, гьайтая,** | **Гьайтая, гьайтая,** |
| **Гьайтая, гьайтая!** | **Гьайтая, гьайтая!** |

Бакьулъ бахIарайги кIияйго гьудулги, гьезда сверухъ бахIаравги гьесул кIиявго гьудулги. Лъабабилеб – «жавгьаралъулаб гор» абула гьелда, – гьайтая ахIулел, гьайтая бачунел чагIи.

«МагIладерил гьайтаялъул» заваллъун ккола жазму бачIараб мех. Гьеб мехалда рагIаби лъугIула, жибго «Гьайтая, гьайтая» абулеб кIиябго рагIи ракьалдаса зодобе щвараб цIаялде сверула, гьаргьадилеб букIуна сверухълъи.

**Гьайтая, гьайтая,**
**Гьайтая, гьайтая!**

Руччабаз кверал эхедеги ритIун, хъатал данде къан, риччан гьарула. Огь, гьеб данде кколеб куц «гьайтая» абулеб рагIуда!

Гьабгощинаб заманалда жалго-жалго бассаризабулел рукIарал къалиялдеги зурмаялдеги тIаде гьанже журан рачIуна киналниги кодоре щолелщинал музыкалиял инструментазул кьурдул бакънал – цадахъ жубала накъира, чагъана, лалу, тIамур, аргъан, мандолина, чагур. Унго, цо гьезул рекъон ккараб кьурдул бакъаналъул гьайбатлъи! Гьеб музыка бижана МагIлиб росулъ, гьеб дунялалда кибниги гьечIеб симфониялъул гуч бижана гIицIго магIладерил кIкIалахъ. ХIикмалъи гьечIищ, гьеб искусствоялъул кIодолъи, балъголъи жеги гьеб кIкIалахъа къватIибе – Дагъистаналде ва дунялалде бахъун гьечIолъи! Гьанже кьурдулъе журала цогидал гIолохъабиги руччабиги. Гор гIатIилъула, музыка кутаклъула, «Гьайтаялъул» гьаракь кьурабаз жеги цIакъ такрар гьабула. Байбихьула бахIаралъул бетIералда гIарац «кьабизе». Цоцояз гIарцул тангал цадахъ лъола бахIаралъул бетIералда.

Кьурдиялъул гIор кьурса гъоркье кIанцIулеб лахIзат щола. Гьеб мехалда гIолохъабаз гIарац бихъун эхеде базе байбихьула. КIикъоялда анцIго, нусго, щунусго гъурщил кагътазул кескал лъугьун терет тIаде балеб сурат букIуна. «ГIарац щиб жо, гьаб ихтилат-кепалде, гьаб берцинлъиялде данде!» – ян абураб магIна буго гьелъул. Гьеб халат бахъуна мугъзал гьодидаса гъоркье гIетIул лъар кIанцIизегIан. «Шахсай-вахсай» гьадингояб жо буго гьелда данде.

Циндаго занкIан музыка чIола. БахIарас бахIарай, кверги ккун, жиндирго бакIалда гIодой чIезаюла. Байбихьула бихъ-бихъун бараб, майдан цIураб гIарцуда тIад гIолохъабазулги бахIаруччабазулги, бокьарас бокьарай яхъинайизе ихтияр кьураб ва яхъинчIого цониги яс йикIине бегьулареб, кьурди. Огь, гьеб лахIзаталъухъ гIолохъаби хIацIхьелел рукIунеб куцха! Чан балъгояб рокьи гьениб тIатунеб. Гьеб буго «МагIладерил гьайтаялъул» ахираб, лъабабилеб бутIа.

«МагIладерил гьайтая» буго гьайбатаб литературияб асар, авалалдаса ахиралде щвезегIан «цIаличIого» чIезеги кIолареб.

Гьелеха нужее «МагIладерил гьайтая». Дир хьул буго гьеб кьурдиялде искусствоялъул идарабаз кIвар кьелин ва халкъалда гьеб рагIизабиялъе хIалтIи гьабилин.

***МахсутI ЗАЙНУЛГIАБИДОВ***

# Гьабги, добги, добцоябги

*Гьаб кечI Расул ХIамзатовас хъван букIана 1965 соналда. КигIанго кьварараб низамалъулин абулеб заман букIаниги, доб мехалдаги, жеги цебеги киса-кибего кидаго букIана цIогь. Гьебгиха, гIодобегIан гIисинаб, хъулухъ-ишги хIакимлъиги тIадегIан баханагIан, гьелда рекъон кIодолъулебго кIодолъулеб. Нилъер заманалдайин абуни, бицунеб хабарго цIогьол гурони гьечIо.*

*Нижеда лъикIаблъун бихьана, жакъасеб къоялда хасго кIвар бугеб, киналго заманабазе хасиятаб хвел гьечIеб магIна жаниб лъураб, гьанжесеб гIелалда гIемер рагIичIеб, рагIарал цересел гIелазеги цоги нухалъ цIалун пикру гьабизе рекъараб, кIудияв шагIирасул «ЦIогьазул кечI» журналалда бахъизе.*

**Расул ХIАМЗАТОВ**



**ЦIОГЬАЗУЛ КЕЧI**

**КиналгIаги бакIазда,**
**КиналгIаги соназда,**
**Сордо гьоркьоб унаро,**
**ЦIогь буго улкаялда.**

**ЧIахIиял цIогьал руго,**
**ГIисинал цIогьал руго,**
**Цояца цIцIула, хула,**
**Цояца цIункIун тола.**

**Цояз гьаказ баччула,**
**Цояз квреаз баччула,**
**Гъоркьан ратIа бикъула,**
**ТIад ругез бох бикъула.**
**Кибго буго мекъаб квер,**
**Бикъулеб буго улка.**

**Гьал кIиязго малъула,**
**Гьал кIиязго бикъула,**
**Гьал кIиязго кванала,**
**Гьал нугIзаллъун тIамула.**
**Гьазде бецIизе ккола,**
**Гьал туснахъалда лъола.**

**Бикъун чIамулеб буго,**
**Бикъун чIикIулеб буго,**
**Бикъун чIалхунеб буго,**
**Бикъун чIучIунеб буго,**
**Бикъун чIехьолеб буго,**
**Бикъун хъарсулеб буго,**
**Бикъун хъухъалеб буго,**
**Бикъун сукIулеб буго.**

Бикъун гьекъолеб буго,
Бикъун кваналеб буго,
Бикъун ретIунеб буго,
Бикъун рекIунеб буго.

Бикъулеб буго улка,
Квералгин килщал рекъон.
Дол кIиязго малъула,
Дол кIиязго бикъула,
Дол кIиязго кванала,
Дол нугIзаллъун тIамула.
Дозде бецIизе ккола,
Дол туснахъалда лъола.

КIулал тIутIун бикъула,
ТIохал рорлъун бикъула,
Цо-цо рекъон бикъула,
КIи-кIи рекъон бикъула.
КIикъогояца цадахъ
Цолъун рекъон бикъула.

Цо гIанкIу бикъарасе,
ГIадлу буго кьварараб.
Азарго бикъарасул
ГIакъил вуго гьавулев.

Бикъулеб буго месед,
Бикъулеб буго намус.

Гъол кIиязго малъула,
Гъол кIиязго бикъула,
Гъол кIиязго кванала,
Гъол нугIзаллъун тIамула,
Гъозде бецIизе ккола,
Гъол туснахъалда лъола.

Бикъула гьедарулез,
Бикъула пударулез,
Бикъула гьардолеца,
ЦохIо бер къапичIого.
Бикъарал гIорцIиларо,
Бикъарал рохиларо,
Ахир гъванща хъвагIала,
Ахир кверал хIанчIула.

Бикъулезе щибаб къо
Даимаб хIинкъи буго.
ХIинкъун чIамулеб буго,
ХIинкъун чIикIулеб буго,
ХIинкъун чIучIунеб буго,
ХIинкъун чIехьолеб буго,
ХIинкъун хьарсулеб буго,
ХIинкъун хъусулеб буго,
ХIинкъун вегулев вуго,
ХIинкъун вахъунев вуго.
ХIинкъун гьекъолев гьечIо,
ХIинкъун кваналев гьечIо,
ХIинкъун ретIунеб гьечIо,
ХIинкъун рекIунев гьечIо,
Бикъарав хIинкъун вуго,
Жиндирго рагIад бихьун.

Малълъаразул кIал букъе,
Бикъулезул квер къотIе,
Кваналезул чехь бихъе,
НугIзадерил гIин кьуре, –
ГIайиб гьечIев кIиявго
Хъизамазухъе риччай.

Гьедин ахIулеб буго
Улкалъул ияхIалъ, –
Улкадул цIар хирияз
ЦIогьазул гъванща бухе!



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

